Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГІИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ





№ 5/2016

СЕНТЯБРЬ - ОКТЯБРЬ



ХӀаписат ХӀамзатова – Россиялъулги Дагъистаналъулги жамгӀияй ва политикияй хӀаракатчӀужу

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Дагъистан Республикаялъул хIукумат

**Учредитель:** Правительство Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**5**

**2016**

**сентябрь - октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
**КъурбанмухIамад МухIамадов**
ПатIимат ГIабдурахIманова
ТубхIат Зургъалова - *жавабияй секретарь*
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

## Номералда руго:

### РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ

**М.ПатахIов.** Гьунарал реэдун гIезаризе ккола..........................................3

### ЮБИЛЕЙ

Намус бацIцIадай магIарулайги магIна камилай хъвадарухъанги. *(пикраби)*...............................................................................................5
**З. Батирова.** БацIил дарс. *(поэма)*...........................................................15

### ТАРИХ

**Д. Атаев.** Гьоркьохъел гIасрабазул хъвадарухъабазулгун тарихчагIазул магIаруллъиялъул хIакъалъулъ асарал...........................................................21

### МУХIАМАД ХIАМЗАЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 50 СОН

**М. АхIмадов.** РагIиги дугIаги цолъарав шагIир.....................................30
**М. ХIамзаев.** *КучIдул*.................................................................................36

### ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

Гьез гьабураб такъсир букIинчIо. *(чанго бицен)*.......................................49

### МАХIМУД ГIАБДУЛХАЛИКЪОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 90 СОН

**ХI. Казиев.** Жеги рагьун гьечIо гьесул махщалил балъголъаби............ 52

### БИХЬАРАБ, БАТАРАБ, ЛЪАРАБ

**М. ПатахIов.** Рекалаби.................................................................................58

### РАКIАЛДЕЩВЕЙ

**А. ХIасанов.** ГIабасил МахIамад – гIакълудал ралъад...........................67

### ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Б. Кулунчакова.** *КучIдул*..........................................................................71

### ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

**Н. Анкаев.** Лъадул къисас.........................................................................77

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Журнал зарегистрирован Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций. Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0013 от 20 мая 2009 г.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №5 2016 г.**
сентябрь - октябрь
*На аварском языке*

Выход в свет 12.10. 2016 г. Тираж 605 экз.
Заказ № 0916 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367025, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова 55.*

## ГЪУНАРАЛ РЕЭДУН ГІЕЗАРИЗЕ ККОЛА

МагIарул мацIалъулги гъеб цIунизе ккеялъулги ахираб къого - къоло щуго соналъ бицунелго бицунел руго нилъ. ГIемер гьарула гьеб суал гьоркьоб лъурал дандеруссиналги, рицуна чIахIи-чIахIиял харбалги – гьелда хIалтIиги лъугIула. Лъалеб жо буго, магIаруллъиги магIарул росуги бугогIан мехалъ нилъер мацIги хутIулеблъи. Аммаха, хIасил кколеб бугониги, гьечIониги, мацI цIунизе ккеялъул масъалаги кьучI гьечIого бижараб гуро. Шагьараздаги, цогидалги гIодоблъиялъул ракьаздаги гьеб лъугIунго унеб буго. ЛъикIги-квешги рахьдал мацI бицунел чагIи жеги хутIун ругониги, гьеб мацIалда цIализе-хъвазе лъалел гIадамал къо бахъанагIан дагьлъулел, лъугIулел, тIагIунел руго гIодоблъилда.

Росабалъги доб цебе букIараб бечедаб, кици-биценалдалъун кIалъалеб мацI хутIун гьечIо. Гьеб буго тIабигIияб, щиб нилъеца биcаниги хисизабизе захIматаб, жибго гIумруялъулги заманалъулги ахIвал-хIалалъ бижизабураб, лъугьинабураб хIакъикъат. Доб цебе букIараб гIадаб бацIцIадаб, роцIараб, бечедаб авар мацIалде нилъ тIадруссине ккани, гIемераб хIалтIи гьабизе ккола. РукIине ккола гьеб тIаде босулел, гьелда ракI унтарал, роцIарал къасдалгун, гъеж гурун хIалтIулел гIадамалги, хIажаталъуб хвезабизе квер цIалтараб гIарацги.

МацI цебетIеялъе квербакъула адабияталъги маданияталъги. ХIисаб гьабе, къоабилеб гIасруялда нилъер рукIарал цIар рагIарал хъвадарухъабиги, актералги, кочIохъабиги, мацIалъулгун адабияталъул гIалимзабиги. Халкъ цолъизабиялъе цебехъанлъи бихьизабулаан республикаялъулал газеталъги, журналазги, кIиябго издательствоялъ рахъулел тIахьазги. Пачалихъалъул кигIанги лъикIаб кверчIвай букIана адабияталъулгун маданияталъул гIадамаздаги гьел басмабаздаги. Компартиялъул идеологияйин, гьаб-добин харбал рицаниги, доб заманалда гIисинал халкъазул адабиятги маданиятги цIуниялде, цебетIезабиялде пачалихъалъ кIудияб кIвар кьолаан. Гьелъ букIана нилъер магIарулазулги, кигIан кIудияб халкъалъулалдаса нахъе ккечIеб творческияб интеллигенция гIун бачIарабги, гьезул гIемеразул цIарал республика гуребги, улка тун къватIибехунги машгьурлъаралги.

Гьанже лъикIабги квешабги батIа бахъичIого, цебесебщиналда кьаби щвезабураб заманалда, цохIо нилъер гьаниб гуребги, киса-кибего профессоналияб адабияталъулги маданияталъулги иццал къинарулел руго. Гьелъул бакIалда цебе тункулеб буго лъезе цIар лъалареб къватIул «литератураги», гьединабго кечI-бакъанги. Гьединазда нухалги ратулел руго жалго хIакъикъаталдаги гьунар-махщел бугел гIадамаллъун рихьизаризе. Профессионалиял махщелчагIи хIакъикъаталдаги рагIдукь хутIулел руго. Гьелъ асар гьабулеб буго нилъер мацIалдаги. Гьединлъидал, адабияталъулги маданияталъулги гIадамазул жидерго гьунар-махщелалде рокьи базабиялъе, гьезул ракIбатизабиялъе гьаризесел тадбиразда тIад ургъизе заман цебего щун буго. Масала,

Москваялдаги цоги-цоги бакIаздаги руго адабияталъулги маданияталъулги лъикIал, халкъалъе хIажатал хIалтIабазухъ кьолел батIи-батIиял классиказул цIаразда ругел анцI-анцI премиял. Щай бегъулареб гьединабго къагIида нилъецаги хIалтIизабизе. Босани, поэзиялъул лъикIал асаразухъ гьединал премиял чIезаризе бегьилаан Инхоса ГIалихIажиясул, ХъахIабросулъа МахIмудил, ЦIадаса ХIамзатил, Фазу ГIалиевалъул цIаразда; прозаялда Муса МухIамадовасул, МухIамад Сулимановасул; журналистикаялда ХIажи ГIариповасул; театралияб искусствоялда МахIмуд ГIабдулхаликъовасул, Зайнаб Набиевалъул, ПатIимат Хизроевалъул; музыкалияб искусствоялда ПатIимат Нуцаловалъул, Даку Асадулаевасул, Рамазан МухIамадовасул, Муи ХIасановалъул, Манарша Дибировалъул; художниказе Мусаясул Халилбегил ва цогидалги. Бегьила гьанир рехсарал гурелги, цоги-цоги халкъалда гьоркьоб цIар тIибитIарал адабияталъулги маданияталъулги гIадамазул цIараздаги рукIине гьединал премиял. Расул ХIамзатовасул цIаралда Дагъистан Республикаялъул Пачалихъалъулаб ва МухIамад Шамхаловасул цIаралда ДРялъул Журналистазул союзалъул премиял ругелъул, гьел такрар гьаричIониги бегьила.

Суал бачIина, гьебни лъикI бугин, гIарац гьелъие кисан босилеб, балагьилеб абураб. Гьебги, ургъун хIисаб гьабуни, захIматаб масъала гуро. Жидер ракьазда, жидер районазда дол машгьурал гIадамал рахъарал районазул администрацияз, яги гьенисаго ресалда ругел чагIаз тIаде босизе рекъараб букIина гьеб иш. ЛъагIалида жаниб къогоги лъебергоги азарго гъуруш нилъер мацIги, адабиятги, маданиятги цIуниялъе харж гьаби гьезие бицинегIагасеб жо гуро. Гьениб гIахьаллъи гьабизе рекъараб букIина Аваразул миллияб автономиялъги.

Жалго гьединал премиял кьеялъул хIалтIиги рекъон кколел республикаялъулал творческиял идарабазда дандги бан, гьезул бетIерлъиялда жюриги гIуцIун гьабизе кьела. Гьел кьолеб кьолъунги чIезабизе бегьила февраль моцIалда Авар театралда букIунеб рахьдал мацIазул кьо. Гьениб лъикIаб дандеруссинги гIуцIун, поэзиялъул, прозаялъул цебесеб соналда бахьараб цIияб-лъикIаб тIехьалъе, яги хъвараб гьединабго асаралъе, сценаялда махщалида хIараб ролалъе, магIна камилаб ахIараб кечIалъе, газетал-журналазда бахъараб кIвар цIикIкIараб суал борхараб макъалаялъе, махщалида бахъараб суарталъе – гьезул авторазе кьуни щибаб соналъ гьел премиял, жибго гьеб тадбирги ракIалдаса унареблъун хутIилаан, нилъер мацIги, адабиятги, маданиятги цIуниялъеги, цебетIезабиялъеги квербакъулеб хIалтIилъунги букIинаан гьеб.

Гьедин реэдун гIезаруни гьунарал, тIадеги цIи-цIиял гIадамалги рачIинаан нилъер адабияталдеги маданияталдеги жанире, халкъалда гьоркьоб нилъерго мацIалде рокьи бижизабиялъе цо къадаралданиги квербакъиги ккелаан гьелъул.

*МухIамад ПАТАХIОВ.*

## НАМУС БАЦІЦІАДАЙ МАГІАРУЛАЙГИ МАГІНА КАМИЛАЙ ХЪВАДАРУХЪАНГИ

*Дагъистаналъул халкъияй поэтесса, магIарулазул цIар рагIарай шагIир ва драматург Залму Батировалда юбилейги баркулаго, гьелъие гIемерал соназул сахлъи щулияб гIумруги, лъимал-хъизамалда жаниб талихIги, творчествоялда тIадеги бергьенлъабиги гьарулаго, кьолел руго нижеца Залмул асаразе къимат кьун, батI-батIияб заманалда газетаздагун журналазда рахъарал макъалабаздаса цо-цо бакIалги, хъвадарухъаналъул «БацIил дарс» абураб поэмаги.*



**З. Батирова Р. ХIамзатовгун**

* * *

…МугIрузул улкаялъул кочIол дуниялалда дур лирикаялъул чагъанаялъ бачунеб бакъан рекIелъе жанибе бортула. Гьеб берцинаб бакъаналъ кIудияб асар гьабула, бокьула, кинабго кIочон тун, гьелъул чвахиялъухъ гIенеккизе. Гьенисан рагIула МахIмудил пашманаб, хIасратаб кочIол бакъан, бихьула ХIажимурадил бахIарчияб хасият, бичIчIула Баху бикал пахруяб бажари. Гьел чIагоял гIадин ралагьула тарихалъул гъварилъудасан, саназул рицца-тал гъатазда гъорлъан. Хъвалеб бугони, хъвазе ккола гьедин тIокIкIараб лъим гIадин чвахун бачIунеб, берцинаб мацIалъ, рекIелъе бортиледухъ. Дур тIахьазул цIараз бицуна щибалъул къисмат: «Намус», «Божилъи», «Сабаб», «ХIажимурад», «Баху бика» ва гь.ц.

Щибаб дуца хъвараб тIехьалъул буго жиндирго тарих ва хасият. Дуца хъвала поэмаби, къисаби, пьесаби, харбал, очеркал. ГIажаибаб жо, щибалъул

буго жиндирго хаслъи. Мун релълъунаро лъидаго. Дур буго дуего хасиятаб хатI, поэзиялъул узданаб чергеслъи. Мун йиго унго-унгояй шагIир.

**Дие метерлъагIан гIумру батани,**
**ТIаме, рухI, дуца дун лъикIабщиналде.**
**Тоге гурхIичIого, ияхI гьечIого,**
**Гьаб ракьалда дица гали босизе.**

Балагье цо берцинлъи! Гьадинал руго дур киналго асарал. Дур щибаб тIехьалъухъ, хIухьел ккун, ралагьун чIун рукIуна тIахьал цIалулел.

Дуе, дурго рекIее бокьулебщинабги гьарулаго,

***Расул ХIамзатов.***

* * *

Дида, жакъа гIадин, ракIалда буго 1971 соналъ «МагIарулай» журналалда бахъараб Залму Батировалъул «Намус» абураб поэма. Гьеб поэмаялъ дие кIудияб асар гьабун букIана. Гьелдаса хадуб гIемерал соназ гIенеккун йикIана Залму. ГIицIго 1977 соналъ гьелъ хъвана «Божилъи» абураб поэма.

Бихьуларищ, цIаралъго рагьулеб буго гьелъие абизе бокьараб, рекIее рагьизе хIажатаб. Хадуб дир лъай-хъвай ккана магIарулазул гIемерисеб халкъияб кIалзул гьунаралъул хазина данде бакIарарав нилъер адабияталда киназго кIудияб адаб-хIурматалда цIар рехсолев Хунзахъа Зайирбег ГIалихановасул вас Залму Батировалъул рос СагIид ГIалихановасулгун ва нижер лъай-хъвай гьудуллъиялде сверана.

Дун гIемерав тIаде-гъоркье щола СагIидихъеги Залмухъеги. Буго гьезул рокъоб унго-унгоял гIадамазда рекъолеб рекъелги, магIарул мацIалде, халкъалде, халкъалъул аабияталде, адабияталъул устарзаби – хъвадарухъабазде кIудияб рокьиги, гьудуласеги гьоболасеги гьабулеб ракI-ракIалъулаб хIурматги, рагIуе гIужилаб каламги, кицаби-алфазазае, авар поэзиялъул жугьабазе кьолеб кьварараб ва ритIухъаб къиматги.

Залму Батирова жакъа магIарулазул цIалдолезда лъала лъикIай магIарулайги магIарулазул машгьурай шагIирги хIисабалда.

Залму Батировалъ хъвана халкъалдаги, тарихалдаги хурхарал асаралги, жакъасеб къоялъул къварилъи гьалдолел кучIдулги, МахIмудилги Муилги букIараб рокьул панаяб хIухьел цIи гьабураб поэмаги:

**Дир унти лъачIеб черх чапулеб бугин,**
**Бегьулеб батани, цо дихь гIенекке,**
**ГIищкъул цIурал берал риунел ругин,**
**Мунагь букIинарин, цохIо ялагье.**

Гьедин абулеб буго МахIмудица, лъадае унаго, Муи дандчIвайдал. «КIиго гIищкъул тIегь» абураб поэма хъван буго бечедаб магIарул мацIалъ, ХъахIабросулъа МахIмудилги гьесул Муилги сухъмахъаздасан цIидасан яхунаго, гьезул рокьул лъалкIал цIи гьарулаго, цIияб заманаялъе, нилъер къоязде гьеб такрарлъи гьечIеб рокьул цIураб гIумру гIагар гьабулаго.

«ХIажимурад» абураб драмаялъул асаралдаги, «Баху бика» абураб асаралдаги Залмуца хIал бихьулеб буго нилъер тарихалде гъорлъе лъугьине, жакъасеб къоялъе дарслъун букIине цебесеб ракIалде щвезабизе.

Залмул асаразе хасиятаблъун буго халкъалде гIагарлъи, гIадамазул рокьи, бокьулеб ватIаналде, гIагараб тIалъиялде бугеб шигIрияб гIищкъу, гIумруги поэзияги цолъизабизе бугеб гIащикъаб асар.

РоцIараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъ хъварал гьелъул кучIдуз кунчIи кьолеб бугин ккола жакъасеб гIумруялъул къваридаб кьерхан къоялъе. Гьеб ккола гьунаралъе нугIлъи гьабулеб кунчIи.

***МухIамад АхIмадов,***
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***

* * *

… Хунзахъ росулъа Залму Батирова адабияталде ячIана цохIо жиндиего хасиятаб къагIидаялъ. Школалда цIалулеб мехалъго гьелъ тIоцебе хъвараб ва печаталда бахъараб «Гьекъолдухъанасде» абураб кечIалъ бихьизабулеб букIана жугьабазул авторалъ гьекъолдухъанасул рахъалъ гьарулел пикраби гьесул хасияталда данде кколел ругеблъи.

**Жакъа харж щвараб къо, дун бечедаб къо,**
**Чохьоца бугебги яхI рехулеб къо.**
**ГIолохъабаз вухун, дун бергьунеб къо,**
**Рокъоб хъизаналъе гIазаб кьолеб къо.**

Гьел руго гьитIинай чIужуялъ кIудияв чиясул гIадаб гIакълуялда хъварал мухъал. Бихьулеб буго кочIолаб рагIуе гIураб махщел гьай ясалъул букIин. Школа лъугIун хадуб магIарулазул цIияб гIел – З.Батирова, М.Сайпудинова, М.ЗайнулгIабидов, ГI.Даганов цолъараб адабияталъул горсвери загьирлъана. Гьеб заманалда Залмул таманал асарал рахъун рукIана… Цинги школалъул хIалтIуде араб мехалъ, гьей юцIцIун чIана, Цо заманалдасан кунчIун бачIана шигIрияб шавкъ. Бахъана «Намус» абураб жийго бетIергьанаб тIехь. Гьеб тIехь рагьулеб букIана «ВатIаналде» абураб кечIалдалъун.

**Дун, дур рагIад йиго, гIагараб ВатIан,**
**Мун бугеб бакIалъа ятIалъуларей…»**

ВатIаналда абизе рес бугебщинаб берцинаб рагIиги, гьелдехун ракI базе гьабулеб пикруги букIана гьениб. Гьеб пикру цогидал поэтаца загьир гьабичIеб букIиналъ, кечI такрарлъи гьечIеблъун, жинда жаниб жагьаллъи бихьулареблъун лъугьун бугоан.

Адабияталъул чIахIиял асараздаги гьулчун бачIана гьелъул гьунар. Хъвана гьелъ гIемерал поэмаби, къисаби, харбал. «Баху бика» буго кочIол роцада хъвараб, рехсарал героял, лъугьа-бахъинал руго хIакъикъиял хIужабазда гIуцIарал. Щивасул гIамал-хасият, гIакълу-лъай цебе чIезабизе кIун буго авторалда. ТарихчагIи раккичIел, гьезул пикру щвечIел бакIал рагьун руго гъваридго, камилго… гьеб асаралъе кIудиб къимат кьуна цIалдолезги.

***ГIабасил МахIамад,***
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***



**З.Батирова ва С.ГIалиханов вас МухIамадгун**

* * *

**… Дир анищ бугаон цо кечI ахIизе,**
**Жавгьар-якъуталъул паркъи гIемераб.**
**Кьер зобазул гIадаб, хинлъи бакъулаб**
**Хириял лъиназул тIокIкIин босараб.**

Гьединал асарал хъвазе ккани, тIабигIияб пагьму гуребги, къваригIуна гьоркьоса къотIи гьечIеб захIматги. Залмул тIехьалда рахъарал кучIдузда гъоркь лъурал тарихал рихьидал, дида ричIчIана гьединаб хIалтIи гьелъ кидаго гьабулеб букIин, хъварал асарал печаталде рахъичIониги.

Щайха жакъа къоялда гьелъул, гьираги, шавкъги кочIоде хIасралъараб? Щайгурелъул, гьаб замана бугелъул бичIчIиги, яхI-намусги, къадруги бугев чи вуцIцIун вукIине бажарулареб заман. ТIубараб халкъалъеги, жив-жив инсанасеги бугеб къварилъи, язихълъи, мискинлъи, пакъирлъи бихьулев чиясда гьелъул бицинчIого тезе кIоларелъул. Гьединлъидал, Залмуца асаразулъ бихьизабулеб буго умумазул букIараб чIаголъи, гурхIел-рахIму, сахаватлъи, къохIехьей, кумек, квербакъи. Гьел тIабгIал цIунизе ахIулел руго нилъ Залмул асараз. Гьелъул асарал цIалараб мехалъ дие баяналъана, гьелъул рукIин халкъалъе рикьизе мустахIикъал, хIажатал пикраби ва гьел пасихIго, гьайбатго загьир гьаризе шигIрияб гьунар.

*Сиражудин ХIайбулаев,*
*филологиялъул гIелмабазул доктор.*

* * *

**ГIарац кьунцин чияр мацI лъазабулин,**
**Лъалеб дурго мацI щай кIочене толеб?**
**Ингилисалъе ун, камил гьабулин,**
**Кодоб бугеб давла гIодоб щай балеб?**

Гьадинал мухъал руго Дагъистаналъул шагIир ва драматург Залму Батировалъул «Авар мацI» абураб кочIолъ. Гьеб шигIру тIубанго цIаличIониги, гьал жугьабаздасанги бичIчIулеб буго магIарул росулъ лъимерлъи арай, умумузул калам бищунго хирияб хазина гIадин, рокъобги къватIибги цIунарай, къогониги сонал школалда хIалтIулаго цIалдохъабазе гьеб гьуинлъизабиялъе бажарарабщинаб гьабурай, кIикъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIун соназ гьеб мацIалда анцI-анцI асарал хъварай магIарулалъе гьанжесеб гIел дагь-дагьккун рахьдал мацIалдаса рикIкIалъулеб букIиналъ гьабулеб пашманаб асар, гьелъул рекIел бухIи. Абизе бегьула Залмул махщелги, Аллагьас кьураб пагьму-гьунаралда цадахъго бижанин ва хадубккун цебетIунин магIарул мацIалъулги адабияталъулги щулиял кьалбазда тIад. ГьитIинаб къоялдаса нахъего Батровалъул пикру-гIакълу куцана халкъил кици-бициназги, ЦIадаса ХIамзатил, Расул ХIамзатовасул, Заид ХIажиевасул, Зайирбег ГIалихановасул, МухIамад Сулимановасул ва цогидалги хунздерил тIалъиялъул цIар рагIарал хъвадарухъабазул, магIарулаз абухъе, гIинда кIутIилалде рекIелъе лъугьунел асаразги. Жакъа Залмул цIаралъ магIарулазулги Дагъистаналъулги гьанжесеб адабияталда загьирго бихьулеб мустахIикъаб бакI ккола.

***МухIамад МухIамадов,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***

* * *

Залмул кучIдузулги, поэмабазулги, тарихиял темабазда хъварал асаразулги: «ВатIаналъул унти», «Баху бика», «ХIажимурад», «КIиго гIищкъул тIегь» – сюжетазул цокIаллъиялъул, мухIканлъиялъул бицинчIогоги тун, дие бицине бокьун буго гьелъул асаразулъ бугеб инсанасул рухIалъул, Аллагьасда цебеги, ВатIаналда, гIадамазда цебеги жиндирго гIаданлъиялъул, яхIалъул борч тIубазе гьелъ бахъулеб бугеб жигаралъул. Гьел асарал руго гIумруялъул гъварилъуде яккун, гIакъилго хъварал асарал, хехго чвахун унеб гIумруялъул хIакъалъулъ пикраби. Гьел цIалулаго батула, гьудуллъиялъулги, рокьулги тIадегIанлъи-берцинлъи. Асаразулъ батуларо философиялде машгъуллъун хIалтIизарурал хIажат гьечIел рагIаби, ратула гIадатго сипат-суратги цебе чIезабулаго, ракIалда чIоледухъ загьир гьарурал пикраби. ГьитIинаб кочIолъ букIа, кIудияб асаралъулъ букIа гьелъ нилъее рагьула гIумру.

Тарихияб темаялда кIудияб асар хIинкъичIого хъвай – гьеб буго захIматаб иш. Дагьабги захIматаб буго асаралъул фабула, героязул цоцалъ бугеб тунка-гIуси рагIалде щвезегIан тIад чи кIалъалареб хIалалъ мухIканго рагьизе кIвей. Гьеб бокьарав авторасухъа бажаруларо.

Гьедин хъвараб лъикIаб асаралъухъ кьолеб баркала, къимат цIакъ кватIула. АнцIго, къого яги дагьалги цIикIкIун соназдасан гурони, гьеб бачIунаро. Жакъасеб заманаялъул мискинго бугеб халкъ гьелде регIун гьечIо, бечелъиялъ щцулъаразе культураялъул ургъел гьечIо.

Киналго хъвадарухъабазухъе гуро гIезегIан сонал дуниялалда раниги, камиллъи, гIакъиллъи бачIунеб, улкаялъулги халкъалъулги къварилъаби жиндирго рекIелъан риччазе лъалел. Залмуда гьеб бажарун буго. Дида ккола гьумер гьечIеб, нич гьечIеб жакъасеб цивилизациялда, халкъалъул гIемерал соназ умумаз цIунараб рухIияб бечелъи чIвазе кIвеларин. Гьеб цIунизе хIалтIулезда гьоркьоб Залмул цIарги цIунун хутIилин.

***Сергей Соколкин,***
***гIурусазул хъвадарухъан,***
***Россилъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.***

* * *

…Камилаб мухІканлъи, философиялъулаб гъварилъи, пикруялъулаб тІадегІанлъи батула З.Батировалъул асарал цІалулаго. М.АхІмадовалъ гІурус мацІалде буссинабураб «Хунзахская ханша», «ВатІаналъул унти»; Ананичевас буссинабураб «Булатной саблей измерьте жизнь мою» ва гь.ц.

Гьездаса къураб гьечІо гьелъул драмаялъулабгун-лирикияб жанралъулъ бугеб бажариги. «Совесть» абураб поэма буссинабун буго гІурус мацІалде Наталья Лясковскялъ. Гьеб поэмаялда рагьулеб буго героялъул тІубачІеб рокьул къисмат ва гьелъул рухІияб дуниял. ТІубачІеб рокьи ругъунлъун рекІелъ хутІаниги, героялда кІолеб буго жиндирго гІумру берцинго, бацІцІадго цІунизе, рокьиялдаса намус бергьине гьабизе. Гьеб моралияб тема рагьун буго авторалъ щвалде щун, рекІее асар гьабиледухъ. Поэма гуребги, кучІдул цІалулагоги данд чІвала гІемерал, къанагІатал метафораби. Бищунго лъикІал поэтал-метафористал урхъилел гІадал дандеккквеял.

Залмуда бичІчІулеб буго жиндирго налъи халкъалда цебеги, ВатІаналда цебеги. Гьаб берцинаб дуниял гІадамаз хвасар гьабичІони хвезе бегьулеблъи…

Залму ккола цІияб заманалъул вакил. Умумузул гІадатазулги, тарихалъулги хІурмат гьабулей, гьелдаго цадахъ гІумруялъул бокьараб чвахи-пикруги, гІакъиллъиги, лъайги бугей гІадан. Республикаялъул жамгІиябгун литературияб гІумруялда гІахьаллъи гьабизе бажари бугей магІарулай. Гьелъул асаразулъ буго гІакъилаб кьучІ, хъизан гІуцІизе кумекалъе батулеб, культураги.

Бокьун буго абизе, гьелъул ритІухъаб поэзия цолъулеб бугин востокалъулаб ва европаялъулаб адабиятгун. Гьелъ гьей хутІулей йиго кІочон толарей, гвангъараб гьунаралъул ва пагьмуялъул шагІирлъун.

***Людмила Шипахина,***
***гІурусазул поэтесса.***

* * *

Залмул талихІ буго, гьей гьитІинаб къоялдаса нахъе бахІарчияв инсул яслъун ятун, гьесул гІумруялъул гьайбатаб мисалалъ хадуй цІалей йикІин, намус бергьарай, захІмат хирияй, хІеренай, лебалай эбелалъул яслъунги ятун, гьелъул тарбиялъ куцарай йикІин. Залму лъугьана, кинаб ахІвал-хІалалде кканиги, эбел-инсул адаб ккурай, гьездасанги, гІагараздасанги, дандчІванщиназдасаги, школалдасанги, учительзабаздасанги, цІалдохъабаздасанги, хІатта жиндирго лъимала здасанги пайдаял дарсал росизе лъалейлъун. Гьелда бичІчІана сверухъ бугеб тІабигІаталъулги тІалъиялъулги мацІ, гІакъилал харабаз ирсалъе тараб умумазул мацІ, аваристаналъул гІакълуялъул иццазда, Инхоса ГІалихІажиясул, БакьагьечІиса ЧІанкІал, Заид ХІажиевасул, ЦІадаса ХІамзатил, МухІамад Сулимановасул, ГІалиханил Заирбегил, Расул ХІамзатовасул, Фазу ГІалиевалъул, ГІабасил МахІамадил ва гІемерал цогидазулги творчествоялъул тІокІкІарал ва рацІцІадал иццазда гІащикъго тІад кІалги чІван, къечалъ вухІулес лъим гІадин, урхъи буссинегІан гьекъана гьелъ. Гьей кидаго йикІана гІумруялъул тІехьалдаса тІаса бер босуларей ракІбацІцІадай цІалдохъанлъун. ЦІалиги лахІзаталъги рехун речІого, гьей яхъана тІалъиялда къимат кьурай учительлъун, мугІалимлъун. Гьеб кІиялъго кьуна

гьелъие поэтессаялъул гвангъараб цIарги. Залмул кучIдузул тIехь цIалараб мехалъ бихьулеб буго Аллагьас гьелъул рекIелъ къанагIатав чиясул рекIелъ гурони лъолареб шигIрияб гьунарги, Дагъистан гвангъизе гIураб рокьиги лъун букIин.

*Шамил МухIидинов,*
*Россиялъул Хъвадарухъабазул ва*
*Журналистазул союзалъул член.*

* * *

Бакъвараб, гвагIараб мацIалъ шагIир малъаруларо.

ГIажаибго данде кколел метафораз ва дандекквеяз бечедаб сипатияб мацIалъ кIалъала Залму. Гьелъ ритIухълъиги тIекълъиги цин пикруял цIадирабазда лъола, цинги цIия-цIияб сипатияб ретIелги ретIун, кьола къватIире. Гьедин хъварал жугьаби цIалидал, цIалдохъанасда ккола гьел рагIаби жиндир рекIелъа росарал ругилан. Гьел, лъикIлъиги квешлъиги мухIканго цIалел, цIадираби гьелъухъе кьун тун руго инсуцаги эбелалъги:

**Цониги гъветI чIечIеб чIобогояб их**
**Дос гIумрудул мехлъун рикIкIунароан.**
**Инсанасул хIажат тIубалареб къо**
**Дос гIумрудул къолъун рикIкIунароан.**

Киналго улбузул ургъелги, пашманлъиги, рохелги, талихIалъул лахIзаталги шагIиралъ махщалида жиндирго рекIелъан риччала. Эбелги рехун тун, талихI балагьизе арав вас ахир-къадги гьесухъ гIащикъ йикIарай эбелалъухье тIадвуссуна. Амма:

**Огь, дун кватIун ккараб куц!**
**Кида дир эбел хварай?**
**Эбел къварид гьаюни,**
**Къунеб батана талихI!**

Унтарай эбелалъ, телги кьабун, чIаго йикIаго берчIвазе рокъове ахIулев вуго вас. Амма:

**Ахирисеб нухалъ гьей ялагьана –**
**Пикрабалъ вугев вас ватичIо аскIов.**

Гьелъул бакIалда жийгоги лъун, щакърахарай шагIиралъ абулеб буго:

**Тел кьабун гурони, тIаде щоларел**
**Щайдай гьал улбуца васал гьарулел!**

БицинчIого бегьиларо Сабигат-кIодое сайигъат гьабураб «Нух битIаги» абураб поэмаялъул хIакъалъулъги.

Гьеб буго Инхоса ГIалихIажиясул «ГIакълудал ралъад» абураб асаралда хадусеб, щвалде щвараб, жакъа къоялда гIолел ясазе квешлъиялдаса цIу-

низе, каранда балеб сабаб гIадаб. Дица гьеб поэма тола Залмул поэзиялъул байрахълъун.

Басмаялде бахъиладдего, тIоцебе гьеб поэма цIалигун, дица авторалда абун букIана: «Гьеб бугин гIун ячIунеей ясалда кодоб букIине цIакъ мустахIикъаб асар. Кисиниб лъолеб гьитIинаб тIехь-буклет гьабун, цIикIкIараб къадаралда басмаялде бахъани, гьеб гIемерал ясазда кодобе щвелаанин». Цинги, эбеллъун рахъараб мехалъ, жидерго ясаздаги малъизе букIине. Гьаб пучаб заманалда ясазул намус цIунизе гьелдаса цIакъаб дару дида лъаларо. Гьаниб дица мисалал рачунел гьечIо – гьеб буго 27 куплеталъ жанибе бачараб гIакълудал хIор.

Сабигат кIодол кIалдиса росараллъун ругониги, гьел насихIатал ккола жийго шагIиралъ абухъе:

**Гьале щибаб росулъ гIакъилал улбуз**
**ГIумрудул дарсаллъун тараб васигат –**
**ЦIунарал рохараб, тарал гIодараб,**
**ГIад гьабун тарасул талихI къосараб.**

***АхIмад ХIамзатов,***
***ГI.Тахо-Годил цIаралда бугеб педагогикаялъул***
***Институталъул гIелмияв хIалтIухъан.***

* * *

Дида цере руго Залмул гIицIго «ХIакъикъаталъул» цо гьумералда ва «Гьудулъи» антологиялда рахъарал дагьалго кучIдул. Амма поэзиялъе къимат кучIдузул гIемерлъиялъухъ балагьун гуро кьолеб. Масала, «Лъихъе бегьилеб квер?» абураб кочIолъ бугебщинаб магIнаялъул гъварилъиялъулги, пасихIлъиялъулги, пикруялъулги байбихьудаса ахиралде щвезегIан бугеб поэзиялъулги бицине гIемер заман хIажалъила. ГIемерисел хъвадарухъабазул буго цо кIудияб гIаммаб гIунгутIи: жидерго суратал рахъулел рукIун, гьел нагагь гурони регIуларо халкъалде. Жинда цадахъ цого заманалда гIумру гьабулезул агъазалда йиго Батирова. Амма гIицIго зигарди гурони хутIун гьечIебищха жакъа шагIирасе? Буго, гьесда кIола ияхI кьижарасулъ гьеб борчIизабизе.

***Шагьрудин МухIамадов,***
***ЧIарада район, Рилъаб росу.***

* * *

… «КIиго гIищкъул тIегь» абураб тIехьалда Залму цее яхъунеей йиго пасихIай, тIадегIанаб махщелалъул поэтесса хIисабалда гурейги, заманаялъул масъалабиги цере лъун. «Лъихъе бегьилеб квер?», «Дунгун дуэлалде бахъа, замана», «ЧIужугIаданлъун те дун гьанжениги», «РачIа» ва гь.ц. кучIдул руго кIудияб асар рекIее гьабулел. Батировалъул тIолабго творчествоялъ гIадамал ахIулел руго Шамил имамасул васиятал тIуразаризе.

«МагIарулалъул къиса» абураб кIудияб поэмаялда гьелъ йихьизабулей йиго кинаб ахIвал-хIал кканиги къуркьуларей, унго-унголъунги бахIарчияй магIарулай. ЦIалдолесда цее чIола берцинай, гIакъилай, сабурай, яхI-намус

кутакай яс. Расги лъачIого цIалдолесул рокьи ккола гьелъухъ. ШагIиралъ поэмаялъул ахиралда хIасил гьабулеб буго:

**Чорхолъ намус бугони,**
**Чи гIадада холаро.**
**Гьудуллъиялъул къуват –**
**РитIухълъиялъул къуват.**
**Гьеле дуниялалда**
**Бищун гучаб бечелъи.**

ЦIакъго кIудияб кIвар бугеблъун буго «ТIабигIаталъул магIу» абураб поэма. Гьелда жанир рорхулел руго тIолабго инсаниялълье кIвар бугел суалал… Дир пикруялда, гьеб поэма Пачалихъалъул премиялъе мустахIикъаб букIинаан.

Залмул поэзия буго гIадамаз гьираялда цIалулеб, гьел кантIизарулеб.

***ГIисал-МахIамад ГIалиев,***
***журналист, критик.***

* * *

Дица кIвар кьун цIалана «Солдатасул къисмат». ЦIалулаго, цIад гIадин, магIуги тIуна, яц Залму. Гьаб асар дуца дурго инсул хIакъалъулъ гуреб, дир инсул хIакъалъулъ хъварабгIанги дир рекIел хIал-хIукмуялде данде кколеб батана. Дуе Аллагьас кьураб гIадаб пагьму-гьунар дильги букIарабани, гьелго рагIабаз, гьебго абилаан дицаги. Дирги эмен рагъул гIахьалчи, 1941 соналъул маялъ армиялде ахIарав ва моцIрол болжал иналде рагъги байбихьун 1945 абилеб соналъул 1 январалде щвезегIан рагъул коронив вукIарав. ТIоцебесеб январалъ Лиепая абулеб Прибалтикаялъул шагьаралда лъукъун, 1945 сон гьесул ана рагъулал госпиталазда. Цояб квер (квегIаб) цоялддаса къокълъун инвалидлъун тIадвуссана.

… «Цоцазе хириял, цадахъ ругьунал» – эбелги эменги гьоркьоб цо къо бахъун ана дирги доб ахираталде.

Дунги, аза-азар дунго гIадалги чучизе хъвараб буго дур гьаб асар. Гьелго насихIатал кьолаан инсуца нижееги, гьелго малъа-хъваял гьарулаан. Данде ккураб мехалъ, тIул бикьарав кIиго вацасулги букIинареб гIадаб релълъенхъвай бихьана дида гьезулъ.

Залму, алхIамдулиллагь, щукру Аллагьасе, гьадинал умумул нилъее кьуралъухъ. Гьеб гурищ, яц Залму, нилъер лъугIи гьечIеб хазина. Аллагьас гьелго гIадал рахъаги нилъер лъималги: дур ункъавго вас, дир ункъайго яс. Яц гьечIей чIужу йикIиндал Аллагьас гьедин йохизе гьаюна дун.

ЦIалулеб буго «Солдатасул къисмат». МагIу гирулеб буго тIехьалъул тIанчазде. Гьаб кинабго дир инсул бицараб къиса буго, Залму.

**Ясалда мацI лъалищ? Дир бицунарищ?**
**Дада кив вугеван цIехоларебищ?**

**Зодихъан лъедолеб моцI бихьарабго,**
**Салам гьелъухъе кьун, битIула дица.**

БитIахъе бетIералда расал эхетун рачIана гьал мухъал цIалулаго.

ЦIалана «Армиялде унеб къо» – чвахана магIу. ТIолго нилъер ватIаналъул руччабазе ва бихьиназе кинолента бихьулеб гIадин, кинабго гIумру цебе чIезабизе хъвараб асар буго гьаб «Солдатасул къисмат». Тавпикъ кьеги жеги гIемерал соназ цIалдолел рохулел асарал хъвазе. Дур СагIитиеги васазеги сахлъи ва халатаб гIумру гьарулел 35 абилеб гимназиялъул мугIалимзаби ва цIалдохъаби.

Хирияй яц Залму! БицинчIого гIеларо дур гъастIаса унаго дир гьитIичазул букIараб разилъиялъулги. «ПатIимат ГIабдулаевна, дол цIурачадазда букIараб тIагIам! Дица жеги киданиги гьадигIан тIагIамал пуршаби кванан рукIинчIо», – ян гьабуна гьез. Дица дозда абуна: «Залму МухIамадовналъ дозде рокьи щван букIунха дол додигIан тIагIамал рукIарал», – абун. Дуца лъималазе гIумруялъ ракIалдаса унареб гIаданлъиялъулги, гьобол хиралъиялъулги дарс кьуна.

*Сундулъго икъбал гьарулей,*
*ГIалидибирова П.А.*




**З. Батирова Гъ. ГъалбацIовгун**



Залму БАТИРОВА

## БАЦIИЛ ДАРС

*(поэма)*

Нужей бокьани, божа,
БокьичIони, божуге:
Дие асар гьабураб
Къиса буго бицунеб.

Бокьани, маргьаян те,
Бокьани, хабаран те,
Биччанте гьаб рекIелъе,
Пикрабазул ахикье.

### I

Сардил чIегIераб явлухъ
Рогьелалъ бахъун ана,
Бисил бергIан роцIараб
ЦIияб къо тIаде щвана.

Марталъул гIазу хIатIакь
Бакъде данде къерщана.
Къо роцIараб букIана,
ЦIорой согIаб букIана.

ГIодобкъо, регIараб къо,
Къеда чIолареб туманкI,
Гьеб чанахъанас цIуна,
Чанаве хIадурлъана.

Чанил гьвеца гогьдарун,
МахI бачунеб букIана,
Цо жо батараб гIадин,
ГIазул нухтIа сентIана.

Бухьун рахсид чIолареб
Гьой гьанад хьезабуна,
КвачIи-квачIид бахъунеб
Гьелда сапар бичIчIана.

Нух гIемер халалъичIо,
Гьве хехго тIаде ккана,
БацIазул рукIуналде
КIанцIун жанибе ана.

### II

Нохъода жаниб кьвагьи,
БацIил гъанцIи, гьвел хIапи
Балагь тIаде бачIарал
ТIанчIазул цо цIир-цIири.

Бер бичIичIел тIанчIазда
ТIаде би чвахун ана,
Бидул махIалъ гьалаглъун,
Гьой тIанчIазда хурхана.

Эбелалъ – бацIалъ тIанчIи
ТIадги бегун рахчана,
Чанахъанасул гулла
БацIил ботIрода щвана.

РухI унеб бацIил бадиб
МагIил горо гIунана,
Чанахъанас, разиго,
Магжида квер бахъана…

III

Ана сордо, ана къо,
Рокъоб рохел букIана,
ХIобода далризабун,
БацIил цIоко букIана.

Рагьде вачIанщинасда
Гьеб бихьулеб букIана,
Гьездаги, цIоко гуреб,
Бихьулеб жо букIинчIо.

БихьичIо лъиданиги
ГIассилъиги хъантIиги,
Бер бичIичIел тIанчIазде
ТIаде щвараб балагьги.

Цоял урхъун унаан
БацI чIварав бахIарчиян,
Цогидал, жахIда бергьун,
Гьасул лебаллъиийилан.

ЦохIо гьелда ракI гурхIун,
БацIил цIоко лъухьулей
ЙикIана гьитIинай яс,
Дадал цохIо йигей яс.

Гьей йикIана инсул рухI –
ХIалица щвараб рижи,
Жаниб ракI лъун хьихьарай,
Балагьун гIорцIуларей.

Гьелъий бокьанщиналъе
Щибго инкар букIинчIо,
БетIералда рещтIине
ТIутI гьелъул толароан.

IV

Рахсида бухьараб гьой
Гьалаглъулеб букIана.
Гьалъул хIапдейго щибан
Эмен къватIив ваккана.

Гьев цIоро-гъорон ана,
Надалде гIетI кIанцIана,
БацI буго, чIагояб бацI,
ЦIокоялъухъ балагьун.

Яс йиго аваданго
БацIил рачI беэдулей,
Йохун-хинлъун кквераца
Гьеб кечезе гьабулей.

Инсул берзул нур ана,
Абизе жо билана,
КIалдиб рагIи гIунана,
ГIакълудул канлъи свана.

Жаниб, магIида далун,
ТуманкI букIин кIочана,
Рахсица кколарого,
Гьве хIапдолеб букIана.

БацI букIана балагьун,
Балагьалъул черхги цIун,
Ццидаца багIарлъарал
Бералги къапичIого.

БацIил бадиб букIараб
Рокьукълъиялъул къуват,
ГьабсагIаталъ яс чIвазе
БацIие щун бугеб рес.

Жибго чIваниги, гьелъий
Ургъел гьечIилан ккола;
ЧIвараб гьудулгин тIанчIи
Гьеб буго гьелъул унти.

Ццидалго ралагьарал
Бераз абулеб буго
Жиндие гьанже гIумру
ГIададисеб жо бугин.

Дуца дир гьудул чIванин,
Дуца дир тIанчIи чIванин,
ГьабсагIат дур ясалда
Дур къадарлъи бецIилин.

Гьей дир хьолбохъ чIун йигин,
Дир рачI къакъалей йигин,
Дица гьабсагIат дурги,
Дир гIадин, ракI лъукъилин.

Мун чанил унти лъалев
Чи гурила чанахъан,
Дуда унтизабилищ
Дирги унти бичIчIизе?

Дудаго бухIичIого,
ЦIадул хIал дуда лъалищ
Гьабилищ цо дир гIадин
Гьеб дурги ракI гIодизе.

БацIил пашманал берал
Гьасухъ ралагьун руго,
БацIил ццидалал бераз
ХIинкъаби кьолел руго…

V

Щибго бичIчIуларей яс,
БацIил рачIги хьатикь ккун,
Гьелда кверал рахъулей,
Гьелъул расал цIацIалей.

Гьабизе жо тIагIарав
Эмен гьезухъ валагьун,
Гьесул нусабго лага
Сородулеб, гIодулеб.

Яс йиго гьеб гьой бугин,
Гьелъ щибго гьабиларин.
Гьеб бацI букIин бичIчIизе
Гьей жеги гьитIин йиго.

Лъала гьелда цого-цо
БацI рохьоб букIунеблъи,
Рукъалъул азбаралде
Гьеб къад бачIунареблъи.

VI

Эмен эхетун вуго,
Гьабизе жо ургъулев
ТуманкI босизегицин
ГьечIо гьесул таваккал.

Кин яс хвасар гьайилей,
Щиб нух тIаса бищилеб?
БацIги ясги – кIиялго
Руго гьасухъ ралагьун.

БацIил багIарал берал
Инсухъ ралагьун руго.
Гьезулъ ругел суалал
Гьесда ричIчIулел руго.

– Гьаб гIатIилъи, гьаб мина,
Гьаниб жаниб магIишат,
ГIадан, щиб гIоларого,
Мун нохъоде вачIарав?

Дие хириялщинал
ГьечIо. Гьале цохIо дун –
Духъе бачIана жакъа
Гьел дур берал рихьизе.

Гьезулъ гурхIел цIехезе,
Гьезда рахIму гьикъизе,
Гьезул тIинда биларав
Намус батизабизе.

Дида гIадан вичIчIизе,
Гьесул гIумру бичIчIизе,
ЧIварал дир тIанчIаз дуе
Гьабураб асар лъазе.

ЩIакица бечелъанищ?
Гьелдасан кеп босанищ?
Рецццищ дуе гьелъ кьураб
ЧIухIийищ дуе щвараб?

Дун бакъун гуронани,
Чанабе бахъунаро,
Чанахъан, мун гIорцIарав,
ГIолареб жо щиб дуе?

Гьаб гIумру чурхъулев мун
ГIодове виччаларищ?
Чанахъан, дуйго балагь
Балагьулев гьечIищ мун?

БацӀаз, рукӀнирги кӀанцӀун,
БацӀил тӀанчӀи чӀваларо.
Нужеца – гӀадамаца
ГӀарцухъ щибго гьабула.

БацӀ буцӀцӀухӀун чӀун буго,
Берал гаргалел руго,
Гьезулъ бакараб цӀаялъ
Эмен соролев вуго.

ЛахӀзат халалъун буго,
Хвелищ яги гӀумруйищ,
ГьитӀинай ясалъ бацӀил
РачӀ беэдулеб буго.

БацӀ мех-мехалъ ясалъул
Гьурмаде балагьула,
Гьеб бихьараб инсул ракӀ
Гьардола, зигардула.

Бераз абулеб буго:
Жинда кӀолин бокьани,
Хапун, гьай ясги хьамун,
Рохьобе тӀурун ине.

Мун бахӀарчияв гӀадан,
Щай гьеб хӀалалъ хӀинкъулев?
Бохдулги черхги дида
Дур соролел рихьула.

Мун, ярагъ босичӀого,
Дир рукӀниве щоларо,
Дун духъе бачӀун буго,
Дий хвалил ургъел гьечӀо.

Хирияб гьудулалъул
ЦӀоко дур хӀобода бан,
Дир тӀанчӀи чӀвараб дур гьой
Гьадале бортанхъилеб.

Дир унтиги дир ццинги
Дуда тӀад роржанхъулел,
Дир рекӀел магӀуялъул
МагӀна дуда лъаларо.

Дуда кӀвана хъурмилаб
Дир талихӀ гӀужий гьезе,
Дуда кӀвана дир гӀумру,
МагӀид бецӀцӀизабизе.

Дуда бихьула цохӀо
Жакъа тӀегьан бугеб гьветӀ.
Дуца ургъел гьабулищ
Гьелъул метер къоялъул?

Гьелде базе рес бугеб
ЦӀорораб гороялъул,
Цо гӀабдалас гӀоштӀоца
КъотӀизе бегьиялъул.

Дуе бокьула цохӀо
Жакъа щолеб бечелъи,
Метер къоялъул ургъел
Гъугъаларо дур рекӀелъ.

Дуца мажгитал рала,
Как базе дове уна,
Щай гьеб дур гӀассилъиялъ
ГӀодоб нодо цулареб?

## VII

ГӀадан, дуца ракьалда
Щай бидул гӀорал толел?
Бице дуца ракьалда
ГӀумру щай гӀужий гьолеб?

Дуй бигьа букӀунарищ
ЛъикӀлъи ракьалда тезе?
Ракъарал гӀорцӀизарун,
ГӀамал лъикӀаб гьабизе?

ГӀодулел руцӀцӀине тун,
ЦӀаял свине риччазе;
ЦӀорорал хинлъизе тун,
ЛъикӀаб цӀар нахъе тезе?

Мун бацӀал чӀван чӀоларо,
Дуца гӀадамал чӀвала.
Дур чорхол цӀамхӀалаб би
ЦӀекӀлъун батила, гӀадан.

Дурги рокьи бергьуна,
Дуйги лъимал рокьула,
Щай бацIил рокьи чIвазе
Дуца гулла кьвагьараб?

ХIатIазукь ракь гIодулеб
ГIамал буго дур, гIадан!
ГIорал квачIид рахъунеб
Балагь духъ буго, гIадан.

Нужеца бакI-бакIалда
ЦIаял руго ракулел,
Нужеца, рагъал ургъун,
Гъурулел руго лъимал.

ГурхIел гьечIеб чIаголъи
Щай бокьулеб дуй, гIадан?
МагIуги, биги, щинги
Щай бекьулеб ракьалда?

Нужеца нужгоги чIван,
ЧIобоголъила дунял.
ЦохIо занал хутIила
Зобалазухъ ралагьун.

## VIII

Дуниялалъул талихI
Щай гулбуца борлъулеб?
Дуниялалъул рекъел
Щай хIатIаца мерхьунеб?

Дуниялалъул квешлъи
Дур ишазулъ кенчIола,
ХIоринир къуркъби гIадин,
Къойил дулъ заназдула.

Такъсиралъул хIуруца
Бацун буго дур гIумру.
ХIабургъараб хIакъил гIор
Чвахулеб букIуна дур.

Берцинаб дунялалда
Лъураб ругъун вуго мун.
Чан балагь гьаб ракьалда
Дуца ургъулеб бугеб?

## IX

Бералги гаргазе тун,
Балагьун чIун бацI буго.
БацIил рачIги кодоб ккун,
Ясандулей йиго яс.

БацIил беразул дарсахъ
ГIенекун вуго эмен,
Гьелъ соролев чиясул
Босулеб буго сурав.

Дур гIассилъи, вахIшилъи,
Дур чIухIиги, хъантIиги,
Чан балагь гьелъ ургъараб
Нужерго гIадамазе?

Занахъ ралагьичIого,
ГIадамал чIвалелги нуж.
Хабал цере чIечIого,
Рагъал ургъулелги нуж!

КIудияб талихIалъул
Ралъдалъ лъедолецаги
КIудияв Аллагьасе
Икрам гьабулеб гьечIо.

Чорокаб хIакъил гIурулъ
Чвердолел рукIаниги,
Тавбуялъе кантIулел
Дагьал руго гIадамалъ.

Аллагьасе рецц гьабун,
Чед кванaзе лъаларев,
Чан балагь дуца ургъун
Бугеб дуниялалда?

## X

БацIил берал циндаго
ЦIокоялде руссана,
ЦIан ясалъухъ букIараб
РачI кодоса бахъана.

Чаналиго секундалъ
Гьелъухъ балагьун чIана.
Ана гьеб. Ана нахъе,
ГIодобе рачIги далун.

ТIанчIи тIутIун рараб гьой,
Рахсида гьалаглъун тун,
Гьудул чIварав чанахъан,
КIалдиб мацIги цIорон тун.

БецIичIо гьелъ чиясе,
Гьесул вахIшилъиялъе,
Тана гьелъ гьев пикрабалъ
Намусалъул дарсги кьун.

Досул квешлъиялдаса
БацIил лъикIлъи бергьана,
Долъулъ чиясулъ гьечIеб
ГурхIел цIикIкIун батана.

Лъеца гьобо, цIеца кор,
Ярагъ букIун – бахIарчи,
РахIму гьечIесул чилъи,
Щиб роцаца борцулеб?

Къадада тIаде кIанцIун,
БацIица нух босана.
БачIарабго нухдасан
ТIад буссун, нахъе ана.

Эмен векерун вачIун,
Ясалда тIад хурхана,
Дада, гьой киб арабан
Гьелъ инсуда цIехана.

## XI

Гьесул гIумру къокълъараб
Къо сардиде сверана,
Къаси квандегицини
Гьесул хиял хутIичIо.

Къаси инсуда макьилъ
БацIил берал рихьана,
Гьелъул рачIги хьатикь ккун,
Хирияй яс йихьана.

ЦIалтун гIетIуца виччун,
ХIинкъун тIаде вахьана,
ТIокIаб сордо инегIан
Берда макьу рещтIинчIо.

Телевизор биччана,
Гьелда цеве кIусана,
Гьениб Донецкалда рагъ
Гъурулел ругел лъимал.

РекIел магIу рагIилъун
ГIодобе бортун ана,
ЧIваразда, хваразда гьорлъ
Жиндирго яс йихьана.

ЧIаго рухIун хваразул
МахI бачIанилан ккана,
Ракъун холел херазул
Сурат цебе паркъана.

ГIадамазул гIассилъи
ГIакълудалъ гъугъадана,
ГурхIел гьечIеб гIелалъул
ГIантаб релъи рагIана.

Баракат гьечIеб пиша –
Чанахъанасул пиша,
Чанил хьами рецунин
Бицунелда божана.

ГIадаллъарав чи гIадин,
Тирщун тIаде вахъана,
Къедаса бахъун туманкI
ЧIабаралде рехана.

Цинги, хапун, гьеб босун,
Азбаралде вортана.
Бугеб рухIалъ хIара ккун,
ГанчIилъ кьабгIун бекана.

БацIил цIоко рокъоса
КъватIий хьуризабуна.
КватIунго букIаниги,
Ахиралда хIинкъана.

### ГЬОРКЬОХЪЕЛ ГIАСРАБАЗУЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛГУН ТАРИХЧАГIАЗУЛ МАГIАРУЛЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ АСАРАЛ

Гьоркьохъел веказда (V-XVII вв.) БакътIерхьул Кавказалъул халкъазул гIумруялда жаниб цIакъ кIвар бугел хиса-басиял ккана. Гьеб заманаялъ Дагъистаналъул миллатал: магIарулал, даргиял, лакал, лезгиял ва цогидалги гьабсагIат ругеб хIисабалда историялда загьирлъана, гьеб заманаялъ гьел халкъазул магIишат, рукIа-рахъин ва культура гIезегIанго цIикIкIараб даражаялде бахана. Гьелъул хIасилалда Дагъистаналъул миллатазул рес гIуна жидерго хIукумат гьабизе кьучI лъезе. Гьеб кIвар бугеб заманаялда ккарал лъугьа-бахъиназде пардав рагьизе ккани, археологиялъул материалаздаго цадахъ, цIикIкIараб кIвар буго гIарабиязул, гIараб мацIалъ тIахьал хъвалезул, армениязул ва гуржиязул тарихчагIазулгун хъвадарухъабазул асаразулги. Гьезул тIахьазда нилъеда ратула тIолабго Дагъистаналъулго гIадин, магIаруллъиялъул хIакъалъулъги гIемерал рехсеял. Амма цо-цо бакIалъан гьезул хабараздe нилъеца гIемерго цIодораб, критикияб бербалагьи гьабизе ккола, щайгурелъул, битIаралда цадахъ гьезул мекъал бакIалги камуларо.

Щалха кколел гьел тарихчагIигун хъвадарухъаби ва щибха бицунеб бугеб гьез Аваристаналъул хIакъалъулъ?

Гьел руго гIарабиязул ва гIараб мацIалъ тIахьал хъвалел машгъурал тарихчагIи ва географал: Белозури, Ибн Хордадбек, МасхIуди, Табари, Истахри, Якъутил ХIамавият, Ал ГарнатIи ва гь.ц. Жалго IX-XIII веказда рукIаниги, гьезул тIахьазда VII векалдаса нахъего Кавказалда ккарал ишазул хIакъалъулъ баянал гIезегIанго ратула. Абизе кIвела, гьезул баяназда мугъчIвай гьабизе бегьулилан, щайгурелъул, гьезул мурад букIана батIиял улкабазул ракьал, гIадамазул рукIа-рахъин ва хасияттал лъазарун, гьездасан жидерго рагъухъабазе ва даранчагIазе мунпагIат босизе щвей. Масала, гьезул тIахьазда нилъеда ратула гIарабиял Дагъистаналде рачIиналъул хIакъалъулъ, гьез гьенир гьарурал рагъазул хIакъалъулъ, магIарухъ VII векалдаса нахъе рехсолеб Серир абулеб хIукуматалъул цолъилъул ва гьенир рукIарал гIадамазул магIишаталъулгун рукIа-рахъиналъул чанго баянал. Гьел гIарабиязул тIахьазул гIемерисел гIурус мацIалде руссинарун руго.

Армениязул таварихчагIазулги Дагъистаналъул хIакъалъулъ гIезегIанго рехсеял руго. Амма магIаруллъиялда хурхарал цIакъ пайда гьечIел баянал гурони гьечIо.

Гуржиязул гьоркьохъел веказда хъварал тIахьазда нилъеда ратула гIезегIанго биценал БакътIерхьул Дагъистаналда ккарал ишазул хIакъалъулъ.

Дагъистан халкъалъул тарихалда тIад гIезегIанго хIалтIи гьабуна Бакъбаккул Кавказалъул гIалимзабазги. Гьелъул цояб ккола «Тарихи Дагъистан» абулеб тIехь. Гьеб тIехьалъул батIи- батIиял сияхIал магIарухъ цIакъго

тIиритIарал руго. Цоял гьезул гIараб мацIалда, цогидал гIажамалъ хъварал руго. Жеги гьеб тарих турки хIиабалда рекъезабун ахIулелги рукIуна. Гьебго тарих батIи- батIиял тIахьазул рагIалда, магIарухъ гIезегIанго Къуръаназдаги хъван ратула. «Тарихи Дагъистан» XIV векалъ вукIарав МухIамад Рафица хъванилан абула. Амма цо-цо гIалимзаби гьелда божуларо. Гьез рикIкIуна гьеб тIехь цIакъго нахъа заманаялъ хъвараб жо бугилан. «Тарихалда» батула Хундерил тIалъиялда вукIарав Суракъат ханасул, гьесие кьолеб букIараб магъалоялъул, магIарулал бусурбан гьаризе Абулмуслим шайих вачIиналъул ва гьенир ккарал цIикIкIарал рагъазул хIакъалъулъ гIатIидал харбал. Цо-цо жал гьенир, гьайгьай, кьара гьарурал руго. Масала, Дагъистан IX векалда бусурбанлъанилан абулеб жо, ханзаби пиргIанидасан рачIанилан, цогидал Дагъистаналъул цо–цо ханзаби аварагасул наслуялъул ругилан абураб жо нилъеца мекъаблъун рикIкIуна. Амма «Тарихи Дагъистаналда» руго цоги тIахьазда гьечIел унго-унгоял хIакъикъиял баяналги.

«Тарихи Дагъистанго» гIадин кIвар бугеб тIехь ккола «Дербент наме». Гьениргиратула Дагъистаналъул история хъвазе ккани мугъ чIвазе бегьулел цIакъго гIемерал бакIал.

ТIоцебе абуни, «Дербент наме» турк мацIалдасан ингилис мацIалде тIубан буссинабуна Дагъистаналдаса профессор Казембекица. Буссинабиялдаго цадахъ гьес кьуна гIемерал баянал. Гьеб хIалтIуе гIоло Петербургалъул университеталъул профессор Казембекие Демидовасул премия кьуна.

Дагьаб нахъа, 1890 соналда къватIибе бахъана лезгиязул гIалимчи ХIасан Алкадарскиясул «Асари-Дагъистан» абураб тIехь. Доб заманаялъ гьеб тIехь Востокалъул историялъул тIахьазда гъорлъ лъикIазул цояб букIана. ТIехьалда данде гьарун рукIана тIадехун рехсарал гIарабиязул таварихчагIаз ва хъвадарухъабаз Дагъистаналъул хIакъалъулъ кьурал баянал.

XIX-XX веказда гIезегIанго гIалимзаби балагьана Дагъистаналъул историялде. Гьел рукIана Россиялъул, Дагъистаналъул ва батIиял пачалихъазул гIалимзаби.

МагIарулазул гьоркьохъел веказул история лъазабизе цIикIкIараб кIвар кьуна гIалимзаби: М.-С.СагIидовас, ХI.Д.Данияловас, ХI.-М.Хашаевас, ГI.Р.ШихсагIидовас ва цогидазги. ЦIикIкIараб хIалтIи гьабуна гьеб рахъалъ Б.Малачихановасги.

Гьезул хIалтIабазул хIасилалда Историялъул, мацIалъул ва литературиялъул институталде данде бакIарана гIезегIанго материал ва гьеб материал гIелмуялъул чвахиялде гъорлъе жубана. Гьеб хIалтIул хIасилал къватIире риччалел руго «Дагъистаналъул историялъул очерказдаги», институталъул «Ученые запискабаздаги» ва цогидалги тIахьаздаги.

* * *

Кавказалъул Албания абулеб кIудияб хIукумат биххун хадуб, гьелда гъорлъе унеб букIараб Дагъистаналъул гIезегIанго бутIа гуннаца ккуна. Гьез ккурал бакIал рукIана Дагъистаналъул лъарагIлъиялъул цо бутIа. Амма магIарухъе гуннал рачIин щакаб буго. Масала, VI векалъул Сириялъул хъвадарухъан Захарий Митиленскияс бицаралда рекъон, Дагъистаналъул авлахъазда, Дербент тун тIадехун, гунназул къапилаби рукIана. Гьел рукIана гочарухъаби ва гьезул чIей чадиразухъ букIунаан. МугIрул халкъал абуни хъалаби разе

лъалел цо бакIалда гIумру гьабулел гIадамал рукIун руго. Гочарухъабазде, ай гунназде дандеккун Дагъистаналъул халкъ культура цIикIкIараб букIин баян гьабулеб буго. Гьеб батIалъи бихьизабулеб буго гIарабиязул хъвадарухъан Якъутил ХIамавиятицаги. Масала, Дербенталда аскIор рукIарал маскутал абулел гIадамалги Ал Лакз (лезгиялги) данде кколаго гьес бихьизабулеб буго маскутаздаса лезгиял гIемерал ва бечедал рукIин.

Авлахъалда гуннал дагь-дагьккун чIара-хьараб гIумруялде рачIана ва гунналилан гьанже Северияб Кавказалъул авлахъалда ругел некIсиял халкъаздаги абизе байбихьана. Авлахъазда гуннал ва хазарал рукIарал ратани, мугIрузул рахъазда щиб халкъха букIараб? VII векалдаса бахъараб мугIрузул Дагъистаналда ккарал ишазул хIакъалъулъ нилъеда лъала тIадехун рехсарал гIарабазул хъвадарухъабаца ва тарихчагIаца рицунел хабараздасан. Персазул хIукумат биххизабун хадуса (ахираб рагъ ккана 642 соналъ Нахеваналда) гIарабиязе Кавказалде нух рагьана. Кавказ цIакъ санагIатаб, дармил ва рагъул рахъалъ кIвар бугеб бакI буго. Щайгурелъул, гьеб ккола Европаги Азиялъул кIудияб рахъги цо гьабулеб кьо. Гьеб Кавказ сабаблъун гIарабияздаги хазараздаги гьоркьор хIалуцарал рагъалги ккана. Кавказ кодоб бугони гIарабиязда Каспий ралъдадасан ругел дармил нухазда кверщел гьабизе кIолаан ва Закавказиялде хазаразул гьужумал гьукъизе кIолаан. Хасго цIоб тIагIарал рагъал ккана Дербент шагьаралда аскIоса гIебеде, гьелъул галамазда ва буцуразда бетIергьанлъи гьабиялъе гIоло. Дербенталде щварал, Дагъистан бихьарал гIарабиязда Дагъистаналда бугеб хIал лъикIго лъалеб букIана. Масала, гьез бицуна нилъее VII векалдаго Дагъистаналда рукIарал хIукумат тайпаялъул политикиял гIуцIиязул хIакъалъулъ. Гьел руго Лакз, Табасаран, Зирех-гиран, Тумик, Хамзин, Джидан, Шандан, Серир ва Филан абурал цIаразда гъоркь жал машгьурал бакIал. Лакз абураб хIукумат лезгиязул ракьазда букIиналда щаклъи кколаро. Щайгурелъул, гьеб Дербенталдаги (Бабул аб-Вабалдаги) Табасараналдаги Кубачи-Зирехгираналдаги гьоркьоб букIиндал. Цо-цо гIалимзабаз Лакз лаказул – гъумекдерил бакI бугилан тола, амма гьел мекъи руго, щайгурелъул, лаказул бакIазда Тумал абураб цIар абулаан. Туман абулеб цIарги магIарулазул цо тIелалъ Гъумекдерида тумалан абулелъул, гьеб битIабищун ккола. Лаказул гIезегIанго батIи-батIиял къавмалги рукIанила ва гьел гIезегIанго бечедаб халкъ букIанилан рехсолел руго. Табасаран – гьанжесеб Табасаран кколеблъи загьираб буго. Хазмин ялъуни, Хамрин Хайдакълъун ккей якъинаб буго. Зирехгиран (парс мацIалда – къолденал гьарулел чагIи) гьанжесел кубачиял руго. Кубачи абулеб рагIи турк мацIалъ къолденал гьарулел чагIиян абулеб жо ккола. Амма некIо Зирахгиран цохIо Кубачи гуребги цоги сверухъ ругел серхIазул росаби гъорлъе унеб гIатIидабго гIуцIи букIун буго. Джидан – Дагъистаналъул Севериаб авлахъазда хазаразул цо вилаят ккола, Семендер – Таргъу тахшагьарги жаниб бугеб бакI. Серир абулеб хIукумат рехсарал «хIукуматаздаса» гIемерго гучаб хIукумат бугилан бицуна гIарабиязул тарихчагIаз.

Гьелда гъорлъе цохIо магIарулаз гьанже ккурал гурел, цоги батIиял бакIалги унаан. Гьелъул бакъбаккул ва севериаб гIорхъи хазаразул тахшагьар Семендералдаса анцIила кIиго версталъгIан манзилалда букIанила. БакътIерхьул рахъалдаса Сериралъул гIорхъи аланал абулел машгьураб къавмалъул бакIаздаса гIебеде букIанилан хъвалеб буго. БакIтIерхьул рахъалдасан гIорхъи

чIезабизе захIмалъула. Амма цо жо якъинаб буго: Кавказалъул кIудияб бал ккун гъоркьехун Сериралъухъ гIезегIанго ракьал кодор рукIин. Якъутил ХIамавиятица абулеб буго Сериралъул Арраналда (Кура гIоралъул квегIаб рахъ) 2000 росу бугилан. Гуржиязул рахъалда Сериралъул ракьал рукIин баян гьабула XII векалъ жив вукIарав цIар лъаларев фарсазул хъвадарухъанасги. ХIасил, Серир абулеб хIукумат Таргъуялдаса аланазул (осетиязул) гъобе щвезегIанги Алазан-Кураялдаса Гъумекибе щвезегIан гIатIидаб хIукумат букIун буго.

ГIемерисел нилъеца рехсарал хъвадарухъабаца бицунеб буго, тIарамагъадисев Сасанидазул пача (Сасанидал къажар шагьазул цо тухум) Ездигерд лъутулаго, гьес жиндир божарав чиясухъ магIарухъе хъизан ва меседил тах битIанила бахчизе. Гъосги хазинаги тахги жиндиего тун буго ва магIарухъе щварабго ханлъун гьеб меседил тахида живгоги гIодов чIун вуго. Гьединлъидал, гьезда абулаанила СахIиба-ас Серир, ай Тахалъул бетIергьанилан. Амма нилъеда ракIалде ккола гьелдасаги битIараб баян кьолилан армениязул гIалимчи С.Т.Ермэница. Гьес рикIкIуна Серир иранл «сер» – мегIер абураб рагIиялдасан бачIараб жо бугилан. Сериралъул тахшагьар Хайзащ ялъуни Хумрадж абураб шагьар букIун бугилан. ГIемерисел гIалимзабаз гьеб Хунзахълъун рикIкIуна. ГIарабиязул гIалимзабаз бицанихъе, Сериралъул ханасул рукIанила цIикIкIарал хъулби, живгоги ва гьесул божарал аскариялги жанир ругел. Гардизил биценалда рекъон Сериралъул пачаясул букIанила кIиго тах: цо меседил живго гIодов чIолеб, цо гIарцул жиндирго цересел чагIи гIодор чIолеб. Серир бечедаб хIукумат букIана. Аль МасхIудица бицунелда рекъон, Сериралда 2000 росу букIанила. «Худудал гIалам» абураб тIехьалда Серир бечедаб ва ракьалда тIад лъикI квербагъари гьабураб бакI бугилан загьирго хъван буго. МасхIудица хъвалеб буго Серир пачаясул аскарал хазаралгун бергьенлъиги босун рагъулаан. Цоги пача – аланазул пача, жиндирго лъеберазарго аскарги бугев чияс, Сериралъул пачаясе ясги кьун, гьесулгун рекъел гьабизе тIалаб гьабулев ватула. Къокъго бицани, Серир, Франциялъул Доссон абулев гIалимчияс абухъего, Хайдакъалдаги Гъумекалдаги гьоркьоб бугеб гьитIинаб пачалихъ букIинчIо. Гьеб букIана гIатIидаб, гIемер чияс жаниб гIумру тIамулеб, бечелъи цIикIкIараб хIукумат. Северияб Кавказалда жиндир лъикI рагIи билълъарав ханги вукIун вуго гьенив. Ибн Рустаца абухъе, Сериралъул ханасда цIар Авар букIанила. Гьеб ккола тIоцебе магIарухъ авар абураб цIар рехсолеб бакI. Сериралъул халкъалда щиб абулеб букIарабали нилъеда лъаларо, щайгурелъул, Ибн Дастаца хъвалеб буго «Серир халкъалда цIар гуро, гьеб буго хIукуматалда бугеб цIаран». ТIокIаб батIияб банги нилъеда батуларо.

Сериралъул халкъалъ цIикIкIарал рагъал гьарулел рукIана жидерго эркенлъи цIуниялъе гIоло. Масала, цоги Дагъистаналъул халкъалгун цадахъ гьез цIикIкIарал рагъал гьаруна хазаразде ва гIарабазде, дагьаб хадуб Дербенталде ва Ширваналде данде. Хасго захIматал рагъал гьаризе кколаан Дагъистаналъул халкъаз гIарабиязде данде. ГIарабияца чанго гъужум гьабуна Дагъистаналде VII векалда. Гьелъул хIасилалда гIарабияца Дербент бахъана, Дагъистаналъул югалда жидерго кверщел гьабизе байбихьана… ТарихчагIазул баяналда рекъон, мугIрул «ханзабаца» гьезие тIоцебесеб заманаялъ кумекцин гьабулеб букIана, щайгурелъул, хазаразда гIарабияца кьаби щвезабуни магIарулазе мунпагIат букIана.

Амма хадурккун гIемерисел рагъазда мугIрул «ханзабаз» кумек хазаразе гьабулеб букIана. Гьединлъидал, гIарабиязул тIоцересел бергьенлъаби Дагъистаналда щулиял рукIинчIо ва гьез нахъаса къотIичIого кумек тIалаб гьабулеб букIана халифасдасан. Нилъеца рехселаро киналго гьужумал ва гьенир рукIарал церехъаби. Гьел ккола машгьурал гIарабиязул рагъухъаби Салман Ибн Рабя, Джарах, Маслам ва хасго Мерван. Нилъеца босилин гьезул бищунго кутакаб гьужум 739 соналда Марван Ибн МухIамадица гьабураб, щайгурелъул, гьеб мехалъ гIарабиял магIарухъе – Сериралде щвей якъинаб жо бугелъул.

Гьеб гьужум гьабилелде цебе, гIарабияца 735 соналда 19 000 чи вугел аскаралги рачун цойги гьужум гьабула. Цо къукъа аскаралъул ана Гьири къварилъухъан (Дарьял) ва цо къукъа Дербенталдасан. ТIоцебесеб къукъаялъ аланазул гъоба лъабго хъала бахъана, кIиабилеб боялъ Туман (Гъумек) бахъун, гьезул пачаги ккун халифасухъе витIана. ХIасил, гIарабияца хъвалеб буго жидеца бергьенлъи босанилан. Амма гьез бергьенлъи босараб батани, щайха гьезие къваригIараб ункъо соналдасан нахъойги гьужум гьабизе. 739 соналда гIарабаца бахъана Серир, Туман, Зирехгиран, Хамзин. Гьеб мехалъ гIарабиял рачIараб нух букIине ккола Гуржиялдаса, Ганжа гIурухъан, Авар Гъойсуккун эхебе Хунзахъе. Гьенисан гIандалазул ракьаздасан Гъумекибе, Кубачиялде, Хайдакъалде, Дербенталде. ГIарабияца Сериралда сверун ккуна ва бахъана чанго хъала (гьезул цояб хан жанив чIолебги). Сериралъулго гIадинаб букIана къисмат цоги бакIазулги. ГIарабияца зурана гIемерисел Дагъистаналъул ракьал. РухIана росаби, ракIарана магъалаби.

Гьеб рагъулъ гIарабиязул ярагъалъ бергьенлъи боси гуребги, гьезул сихIруги бергьана. Щайгурелъул, гьезда Дагъистаналъул халкъал цоцалъ разе гьаризе кIвана. Масала, Филан шагьги Табасаран шагьги гьеб сапаралда гIарабиязул рахъги ккун рукIана. Амма гьеб гьужум гьабуниги Дагъистаналъул халкъал тIубан жидеде руссинаризе кIвечIо гIарабиязда, щайгурелъул, гьез халкъалда тIад цIикIкIарал магъалаби лъун рукIана ва зулмаби гьарулаан. Масала, Сериралъул «пачаяс» лъагIалида жаниб кьезе кколаан гIарабазе Дербенталде 100 000 къали хIалухъиналъул, 1500 гIолохъанчи ва 500 яс; Туманалъул гIадамаца кьезе кколаан лъагIалида жаниб 20 000 къали хIалухъиналъул, 150 яс ва 50 вас; Зирехгиран – кубачияз 10 000 къали хIалухъиналъул, 50 вас, Хамзиналъ (Хайдакъ) 30 000 къали хIалухъиналъул, 500 васалгун ясал. Гьеб цIакъ захIматаб магъало ккolaан. Нахъойги гIарабиязде данде халифаталда цIикIкIарал восстаниял рагъарана ва гIарабияца аскарал гьел къинаризе ритIизе ккана.

Гьединлъидал, Дагъистаналъул халкъаз гIарабиязде данде къеркьей гьабизе байбихьана VIII векалъул ахиралда ва IX векалъул авалалда. Гьеб къеркьей цIикIкIана ва гIарабиязул аскаразда чанго кьабиял щвезаруна. Халиф Гьарун Рашидица нахъаса къотIичIого Кавказалда ругел аскаразул бутIрул хисулаан, амма бергьенлъи гIарабазе къанагIат гурони щоларoан. Масала, Фадл-ал Бармакъи абулев Армениялда халифас тарав бетIерасул бо Хамзиналъул халкъалъ гъурана. IX-X веказда Дагъистаналде гIарабиязул ва хазаразул гьужумал дагьлъана ва гьелъул хIасилалда чанго Дагъистаналъул «хIукуматал» щулалъизе байбихьана. Хасго гучлъизе байбихьана Серир ва Ширван.

Гьеб заманаялъ Сериралъ башла гьабуна Филан абулеб бакI бахъизе. Гьебго заманаялъ байбихьана Сериралъул рагъал Бакъбаккул Кавказалда жидерго

рагIи билълъинабизелъунги. Хазаразде данде Серир бергьенлъиялда багъулеб букIараблъиялъул нилъеца тIадехунги бицен гьабуна. Сериралъ жеги Дербенталъул рахъалде тIаде кIанцIи гьабизе байбихьана 905 соналда. Сериралъул пачаяс гъурана Дербенталъул пача. Къурас кумекалъе ахIана Ширваналъул шагь. Амма Сериралъ Шандангун ва хазаралгун цолъиги гьабун, 914 соналда Ширваназул ва Дербенталъул боялги гъурун, гьезул бутIрул асирлъуде росана. Дербенталде тIаде Серирал цоги нухалъ кIанцIи В.Ф.Минорскиясул тIехьалдаги буго. 1038 соналда Серир, Алан ва Русал (гIурусал) Дербенталде кIанцIана, ва амма гьел нахъчIванаян хъвалеб буго гьес. ГIажаиблъи буго магIарулалги гIурусалги цо рахъалда рагъи. Амма балагьараб мехалъ X-XI веказда 3-4 нухалъги гIурусаца тIаде кIанцIи гьабуна Закавказиялде.

Масала, 943 соналда гIурусаца Бердаа абулеб Азербайжаналда бугеб кIудияб шагьар бахъана. Гьеб мехалъги гьезда цадахъ Дагъистаналъул халкъал рукIин загьираб буго. Бугищха нилъер халкъалъул тIахьазда ва абиялда гьединаб жоялъул рехсейго? Буго. «Тарихи Дагъистаналда» батула гьеб. Гьениб буго гIарабиязде данде вагъулев вукIарав, гIемер рехсей гьабулев Суракъат ханасда цадахъ рукIанила гIурусазул боял. Нахъойги гьениб буго, Суракъатил боги гIурусазул боги лъикIлъиги квешлъиги цадахъ хIехьолел рукIанила.

Гьеб тIадехун рехсараб сурат цебе чIола гьоркьохъел веказул хъвадарухъабазул асаразухъ гIинтIамулеб мехалъ. Дагьаб хадусеб заманалда XII-XV веказда Аваристаналъул хIакъалъулъ рехсеял дагьал гурони ратуларо. Гьел ккола гуржиязул хъвадарухъаби. Гуржистаналъулги Дагъистаналъулги цебегоялдса нахъе лъикIаб гьоркьоблъи ва гьудуллъи букIана. Гьеб гьудуллъиялъул хIасилалда магIарулазе ва гьединго цогидал Дагъистаналъул халкъазеги гIезегIанго асар букIана некIсияб ва цебетIураб гуржиязул культураялъул. Церего рукIарал бухьенал щулалъизе толароан Кавказалде тIаде рачIунел чияр ракьал рахъулез: персаца, гIарабаз, турказ ва гь.ц. Амма гуржияз рес рекъанщинахъе тIалаб гьабулаан гьол церего рукIарал бухьенал цIигьаризе. Гьез цIикIкIараб кIвар кьолаан магIарухъ ГIисал дин тIибитIизабизе, хасал кашишал ритIун, килисаби ран, жеги хъвай-хъвагIайги тIибитIизабун. Абизе кIвела, VIII-X веказдаго байбихьанин Гуржиялдаса магIарухъе христианазул дин бачIине абун. X векалъ гIарабияз хъвалааан Сериралъул пача христианав вугилан. XI векалъ пача гуревги, гьесул боги букIанила христианалан хъвалеб буго Ал Гардизица. МагIарухъ гIезегIанго ратана цо-цо бакIазда (Хунзахъ, КъахIиб, Гьидалъ ва гь.ц.) гуржи хъвай-хъвагIайги тIад ругел хъанчал. Гьединго магIарухъ ратула гьебго заманалъул, ай X- XII веказда рукIарал христианазул хобал. МагIарухъе Гуржиялдасан бачIана сир биччараб шегI, цIоросаролъ ва гь.ц. Историялда жаниб чанги мисалал руго Кавказалъул халкъал цоцалъ гъункун тушбабазде данде рагъиялъул. Гьел рагъазда цоцазул хьибил ккун рукIана гуржиялги магIарулалги. Гуржиязулгун гьединаб бухьен букIиналъ ва гуржиязул диналъул магIарухъ кIудияб асар букIиналъ исламалъе захIмалъана магIарухъ хехго тIибитIизабизе. Гьединлъидал, кIиябго диналъул агьлуялда гьоркьоб магIарухъ цIикIкIараб къеркьей ва рагъал ккана. Гьел рагъазул хIакъалъулъ нилъер щибаб магIарул росулъ биценалги ратула. Амма цо жо хIакъаб буго. XIV векалъул ахиралда магIарулльиялъул цо-цо бакIазда исламалъул дин щулаго букIин. Гьеб мехалъин магIарулазулги гъумекдерилги ханасда Темирланида абулеб букIараб: «Нуж жалго ислам тIибитIизабулел рукIарал чагIи, гьанже дида данде щай къеркьолелилан». Гьебго заманалда магIарухъ гIараб тIахьал хъвалелги рукIана.

* * *

ГIарабиязул таварихчагIаца чанго баянал кьола магIарулазул политикияб история лъазабизе кумек гьабулел, амма магIишаталъул ва культураялъул хIакъалъулъ гьезул хъвай-хъвагIаял къанагIатго гурони гьечIо. Ахираб заманаялъ нилъее рес щвана гьел суалазде тIаде пардав рагьизе. Гьелъие сабаблъунги ккана магIарухъ гьарулел археологиялъулал хIалтIабазул хIасилал. Щибха букIараб Серир абулеб «пачалихъ» бугеб мехалъ магIарухъ жанисеб хIал? Археологиялъулал материалаца бицуна VII-XII векязда Сериралда гIезегIанго цебетIураб материалияб культура букIин. Масала, гьеб заманаялъ гIадамазда лъана пурцида оцал ран рекьи гьабизе. Гьелъул хIасилалда кIвана цIикIкIарал ракьал хIалтIизарун пайда босизе. ГIадада гуро гIарабияца 100 000 къали хIалухъиналъул магIарухъа унеб букIараб.

Гьединабго кIвар бугеб жо ккола кверзул гьабазул бакIазда унго-унгоял лълъеца хIалтIизарулел гьабал ракки ва шегI гьабизе ккани жиб къваригIунеб алат хIалтIизабизе лъай. Гьелъул хIасилалда гIемерал ракьал рекьизе кIолаан, мугь хехго ххенезе ва гьеб цIунизе рес щолаан. Гьебго заманаялъ байбихьана гIатIидаб къагIидаялда Кавказалъул кIудияб балалда ругел магIданал риине ва маххул, пахьул тIагIел гьариялда гъорлъ цIикIкIарал церетIеял щвезе. БежтIа ва ЦIунтIа рукIарал махщел цIикIкIарал устарзабазда лъалаан рез биун батIи-батIияб къайи гьабизе. Гьезда лъалаан батIи-батIиял металлал регъезе ва гьезда тIад гъалай биччазе. Гьел гIадамаз VIII-X веказдаго маххул батIи-батIияб ярагъ: хвалчаби, нусал, чIорал, такъияби, батIи-батIиял берцинлъабазе рукIунел жал: курхьаби, ва цогидалги гьарулаан. Рез биун тIолаан гIадамазулгин хIайваназул гьитIинал суратал, матIаби, курхьаби, къадираби ва цогидабги къайи-къоно.

Гьединго гьоркьохъел веказда рукIарал устарзабазда лъалаан батIи-батIиял нагIлабаца тIагIелал къачIазе. Бищунго захIматаб букIана цо кинаб бугониги жоялда гIисинал гIарцул гарал регъезе. Гьеб махщелги доб мехалъ гIемерго лазаталда лъалеб букIана нилъер умумузда. Масала, гьединал тIагIелал V-VII веказда рукIарал хабалазда КIуяда ратана. ХIасил, магIишаталда жаниб рикьи ккана. Росдал магIишаталдаса устарлъи батIалъана ва жибго жиндаго чIараб бакI ккуна гьелъ. VIII-XII веказда цIакъго цIикIкIана цойгидал хIукуматазулгун политикиял ва дармил бухьенал. Гьелъие сабаб ккана кIвар бугел дармил нухал БакътIерхьул Кавказалде рахъи. Гьебго заманаялъ тIегьан рачIана цIикIкIарал шагьарал: Ганжа, Бердаа, Дербент ва гь.ц. Сериралъ ва цогидал мугIрул «пачалихъазги» гьеб дармида гъорлъ цIикIкIараб гIахьаллъи гьабизе байбихьана. Жеги цо кIвар цIикIкIараб дармил нух Сериралдсан букIанилан абизе бегьула (Дербенталъул къварилъухъ нахъаса къотIичIогун рагъал рукIиндал, дармил нухал магIардасан рахъана). Гьединал нухал рукIана, масала, Дарьял къварилъухъан, БежтIаса Гуржиялъе унеб (Ганжа гIурухъан). Гьединлъидалин нилъеда цIакъго гIемер ратулел БежтIа Сириялъулгун Иранaлъул къайи: батIи-батIияб кьералъул цIорол махал ва гь.ц. Жакъа нилъее рес буго, хасго Б.Малачихановас хъварал асаразул кумекалдалъун некIсиял дармил нухал чIезаризе. Гьел рукIана: Гуржиялдасан магIарухъе. Мушаг абураб мегIералдасан Ганжа гIор чIван Лъанусан, ЦIекIосан, ГIахьвахъан, Болъихъан, ГIандисан, Чачаназул ракьалдасан Севериял Кавказалъул авлахъазде. Цоги гIаркьел Хунзахъан, Рихьунисан авлахъазде унеб. КIиабилеб нух

Дербент-Серир, Лезгиязул районалдасан, Гъумекисан, ГІандалазул ракьалдасан букІана. Гьенисан гьеб нух Хунзахъе ва Гьидалъехун бикьулаан. Югалде унел нухал цоги чанго къварилъухъан рукІана. Масала, ЦІунтІасан. Амма гьел нухал церехун рехсаралгІан кІвар бугел рукІинчІо. ЦІикІкІараб къадаралда даран букІарбалъи баянлъула Дербент шагьар Сериралъул портлъун хІалтІизабулеб букІанилан гІарабияца хъвалел жалаздасан. Сериралдасан баччулеб къайиялъул рехсей буге бакІги буго гьел тІахьазда. Гьел ккола гІи, цІакал ва берцинал лагъзал, гъарабашал. Гьединго нилъеда БежтІа гьарурал тІагІелал ратула Чачаналда, Кабардиялда, ва Гуржиялъ. МагІарухъе бачІунеб къайи кколаан: Сириялдасан цІер, Ираналдасан гІарцул тІагІелал ва сердолик абураб багьа хирияб тайпаялъул гамачІ. Гуржиялъан сир биччараб шегІ ва гь.ц.

ГІемерал рагъазул ва даран-базаралъул хІасилалда церехъабазда кІвана жидедаго кодобе цІикІкІараб бечелъи бакІаризе. Археологиялъул хІалтІаби гьарун рухъарал хабалаздаса баянго бичІчІула гьеб. ГІезегІан къайи жаниб бугел бечедал хобазда цадахъ дагьаб къайи бугел мискинзабазул хобалги ратула. Дагьа-дагьабккун бечедаца жидерго ракьал хІалтІизаризе лагъзал тана. (Лагъзал Сериралдаса ричиялъул хІакъалъулъ нилъеца баян цебеккун кьуна). Асирлъуде росарал гурелги, Сериралъул пачаяс жиндиего бокьарав чи лагълъуде вачунилан хъвалеб буго гІарабияз. ХІатта Сериралда зулму гьабулеб классги зулму тІад бугеб классги X векалдаго рижанилан абизе бегьула. Ханзаби жидерго аскаралгун кІудиял хъулбузда жанир чІун халкъалдаса ратІалъана.

ЦІикІкІарал магІишатиял ва культуриял хиса-басиязул хІасилалда VIII-XII веказда ракь бекьиялъул рахъалъ бергьенлъаби росана, даран-базар цебе тІуна, устарлъи росдал магІишаталдаса батІалъана, бечедалги мискиналги гІадамал раккана. Гьел киналго хиса-басиязул хІасилалда бижарабги ккола магІарухъ гьоркьохъеб векалъул хІукумат хІисабалда букІараб цолъи – Серир.

Цебехун бицаралъ кьучІдасанго мекъал рукІин бихьизабула Дагъистаналъул миллатал магІишатиябги, социалиябги, культуриябги рахъалъ абадиялъго нахъе ккарал рукІанилан абулел цо-цо историказул гьересиял пикраби.

1. Кавказалъул Албания абураб хІукумат Северияб Азербайжанги Дагъистаналъул гІезегІанго цІикІкІараб бутІаги данде бачараб, греказул ва римазул хъвадарухъабазе машгьураб, щулияб хІукумат букІана. Гьеб биххизабуна персацагун гуннацаги гьарурал гьужумаз.

2. Хазарал абулеб Северияб Кавказалдаги, Волга ва Дон гІоралдаги гьоркьоб гІезегІанго цІикІкІараб хІукумат букІана. XIII векалдаса бахъараб гьезда кодоб Дербентгун цадахъ Дагъистаналъул ралъдал рагІаллъи букІана. Гьезул тахшагьар букІана Семендер. ГІемерисел гІалимзабаз Семендер МахІачхъалаялда аскІоб Таргъуялда букІанилан тола. VIII векалъул 30-абилел соназда гІарабиякьа хІинкъун хазараца жидерго тахшагьар Волгаялде – Идилалде бахъана.

3. СерхІалан абула Кубачи, Урари ва гь.ц. росабазул боялда.

4. Аланал ккола Северияб Каваказалда букІараб цо гучаб къавмазул цолъи. Гьел ккола осетиназул миллаталъе аслу лъурал гІадамал.

5. Серир – цо-цо гІалимзабаз рикІкІунаан гьеб рагІи гІарабиязул сер (ай магІарулазул тах) абураб рагІиялдасан бачІараб бугилан.

6. Налогалъухъ балагьараб мехалъго баянлъула Серир хІукумат цогидаздаса гучаб букІин.

7. Филан абулеб бакI хIакъикъаталда Иргьан букIине ккола. Иргьан буго Унсоколо районалъул Рихьуниб росдада аскIоб букIанилан бицунеб шагьар ва хIукумат. Археологиялъул цIех-рехалъул хIасилалда Рихьуниб росда аскIоб гIезегIан кIвар бугел памятникал ратана: кIудиял хъулбузул хутIелал, гIатIидал нухал ва гь.ц. Балагьараб мехалъ гьениб хIукуматалъул тайпаялъул цолъи букIин баянлъула.

8. Гьеб кIиябго дин гуребги магIарухъ жеги «языческий» диналъул хутIелал цIакъго щулиял рукIана. Языческий дин ккола батIи-батIиял жалазе лагълъи гьаби.

9. БежтIа гьарурал археологическиял хIалтIабазул хIасилалда нилъехъе щвана ярагъалъул гIемер батIиял тайпаби. Гьелъ цебе чIезабула Сериралъул аскариязухъ букIараб ярагъ.

10. Сериралда гIемерал хъулби ва гьундул рукIин гIарабияца бицун гуребги, археологиялъул хIалтIабаздалъунги загьирлъула. Хасго цIикIкIарал сангарал, хъулби ратана ТIасияб Чирюрталдаса гIебеде. Гьел щулалъаби Хадум магIарде тIаде щвезегIан руго. Цого бакIалда ункъо метраялъги бицчатаб къед букIун буго. Киналго щулалъаби авлахъаздасан рачIарал гочарухъабазде данде рукIараблъи щаклъи гьечIеб буго. ХIакъикъаталда Чирюрт Сериралъул Севериябб бищун хIинкъи бугеб гIорхъода бараб щулалъи ккола. Бухъун кодобе щвараб материалияб культураялъул тIагIел-гIучI Дагъистаналъул тIагIел-гIучI, кIилкIал, курхьаби руго. Рачалил къайи, шагIил алатал аланазул тайпаялъул ккола. Археологиялъул хIалтIул хIасилалда Сериралъулги, Аланиялъулгун хазаразул гIорхъи Чирюрталдаса гIебеде букIанилан абуни нилъ мекъи кколаро.

***Дибир АТАЕВ***

## РАГIИГИ ДУГIАГИ ЦОЛЪАРАВ ШАГIИР

1.

Дун Литературияб институталда цIалулев мехалда дир вукIарав учитель Александр Михайловас абулаан, поэзиялда бугин щивав шагIирасе къисматалъ насиб гьабураб, цохIо гьесие хас гьабун бихьизабураб бакIилан. Гьесул лъалкIда хадув вачIуневщинасги балагьизе кколин жиндиего мустахIикъаб бакI ва хIехьезе кколин поэзиялда живго тасдикъ гьавизелъун дандчIвалел киналго захIмалъаби.

КIинусгогIан соналъ цебе, Пушкинил «Кавказалъул асир» абураб поэма басмаялде бахъараб мехалъ, балъголъи лъараб гIадин, Петр Вяземскияс абуна «Нилъ бечедго руго поэтаздалъун, амма мискинго руго унго-унгоял асараздалъун», – илан.

ЦIар рагIарав нилъер шагIир Расул ХIамзатовасги мех-мехалда такрар гьабулаан: «кучIдул руго, асарал гьечIо», – илан.

Байбихьуда гьеб чанго рагIи хъвазе дида хIажатаблъун бихьана, магIарулазул машгьурав шагIир, ДРялъул Пачалихъалъул премиялъул лауреат МухIамад ХIамзаевасулги гьесул асаразулги хIакъалъулъ бицинелде.

Унго-унгояб поэзияги живго шагIирги, гьесул гIамал-тIабигIатги, шагIирасул къисматго гIадинго, такрарлъи гьечIеб букIуна.

Дица цIалулеб буго ХIамзаевасул гьунар-махщелалъул камиллъи рагьулеб, гьесул асаразул аслияздасан цояблъун кколеб кечI:

**Кида магIарухъе нахъруссунел нилъ,**
**Нахъа тараб нухлул хIисаб гьабизе,**
**АхIи-хIур гIемерал шагьаралги тун,**
**Щобазул бутIрузде тIаде рахине.**

**Дора умумузул узданал хобал,**
**Хвел ирга бугилан гаргалел гIадин.**
**Дора мугIрул тIогьал тIасан ралагьун,**
**Сапаралде арал нилъ руссиналъухъ.**

**Дора кьурул сиртал, сухъмахъ нухал ккун,**
**Ххаризе гьитIинго нилъ ругьунлъарал.**
**Доба иццул бетIер, тIокIкIараб лъадалъ**
**ТIаде къуларазда зобал рихьулеб.**

**Кида магIарухъе нахъруссунел нилъ,**
**Росдал годекIабахъ гIодор кIусизе,**
**ГIумрудул ригь араз, угьун бицунеб,**
**Илагьияб харбихъ хал гьабун чIезе.**

**Доба нилъер кьолбол  кьалбал гучаб гъветI,**
**Кьурдаса зодихъе бахъун унеб цIум.**
**Доба хурул ссанда свак чучизегIан**
**ГIодой чIарай ясалъ ахIулеб сарин.**

**Кида, магIаруллъи нахъбуссинеб, мун,**
**Нахъе хутIарахъе хазина гIадин.**

Хас гьабун босани дие, гьаб гIемер кIудияб гьечIеб кечI литературияб асарги буго, поэтасул гьунар борцунеб роценги буго. ТIадбалагьун, кинабго гIадатго буго гьаниб. Амма, ургъун хIисаб гьабураб мехалъ, шагIирасул махщалил хаслъи цолъун буго гIагараб халкъалъул къисматгун, умумузул рухIияб хазинагун, ракIбухIун гьабулеб тавбугун, «хвел ирга бугила» абулеб асаргун.

Дие къабуллъуларо гьанжесеб кина-кинабги поэзия. Рокьула жидерго гIумруги къисматги къатIра течIого жидерго гьунар-махщелалъе кьололел, гьелдаса рагIа-ракьанде щун пайда босулел поэтал. Гьаб кечIалда жанисан, гьаб кечIалъул магIнаялъулъан дида унго-унголъунги заманги ватIанги бихьулеб буго. Гьаниб поэтас ритIухълъиялда божизе тIамулел руго хIакъикъаталдаги гьанир хIажатал рагIабаздалъун рагьулеб буго жиндирго пикру. Гьединлъидалин гьаб кечI дир рекIелъе лъугьунебги дие гIагарабги бугеб.

Поэтасде тIаде ккола гIумруялдаги, къисматалдаги, Аллагьас жиндие кьураб гьунаралдаги цебе жавабчилъи.

Ахираб анцIила щуго, къого соналъул поэзиялда ритIухълъиялдагитIекълъиялдаги, берцинлъиялдаги-сурукълъиялдаги, махщалидаги-махщаликълъиялдаги гьоркьоб гуро къеркьей бугеб. Поэзиялъ жинда тIадаб ритIухълъиялъул налъи тIубалареб заман бачIиндал вачIуна ХIамзаев гIадав поэт. Ва хьул бижула тIагIун унеб поэзиялъул рагIул къуват тIадбуссиналде:

**Ахир заманаялда**
**Загьирлъулел питнаби**
**ТIаде-тIаде цIикIкIиндал**
**ЦIуне, Аллагь, Дагъистан!**

**Имамзаби машгьураб,**
**Шайихзаби камилаб,**
**Кибго цIар тIибитIараб**
**ЦIуне, Аллагь, Дагъистан!**

**Мадрасаби гIуниги**
**ГIассилъаби лъугIичIеб,**
**ГIасраби цIилъулелъул**
**ЦIуне, Аллагь, Дагъистан!**

Армениялъулал кьалбал ругев Франциялъул режиссер Анри Верныяс абулеб буго: «Дида цIакъ рихарал руго, гьоркьоса къотIичIого, ниж гьитIинаб халкъ бугилан такрар гьабун зигардилел гIадамал. Гьединал магIна гьечIел

рагІабаз кІудияб халкъгицин гьитІин гьабула. Сундаялиго разилъи гьечІолъи-ги ккола, живго жиндаго кІодолъун вихьи, живго жиндасаго чІухІиго гІадаб тІекълъи. КІудиял гІезе ккола, гьаб-добалъул пикру гьабичІого, щибаб къойил, лъалхъи-чІей гьечІого. Гурони, кинабго лъугІула, кинабго хола».

Гьебго абизе бегьула, жидерго берда цебе бугеб жо гурони бихьуларел, кІудияб поэзиялда жаниб жидерго гьитІинлъиялдаса чІухІулел поэтазул хІакъалъулъги. Гьединал поэтал цІакъго гІемерлъун руго нилъер заманалда.

Гьединазда лъаларо какги, унти-гІузруги, рокьиги, кечІги. Гьезул ракІал киданиги цІоларо божилъиялъ, рокьиялъ, гьунаралъ. Гьанже бачІун буго гьединал гьунар гьечІел, поэтасул роль хІалел гІадамал церехъахъдулеб заман. Гьел кидаго поэзиялдаса рикІкІад хутІула. Амма унго-унгояб поэзиялъул къимат бичІчІизе, лъазе гьелги рукІине ккола:

**РакІалъги дун цІачІо цІваби раралъе,**
**ЦІваби зобалазда ругони гІелин.**
**ЯхІалъги ахІичІо хІакимзабалъе,**
**ХІукму БетІергьанас къотІизе телин.**



**М.ХІамзаев Р.ХІамзатовгун**

**2.**

Дида жакъа гІадин ракІалда буго, къоло кІиго сон барав гІолохъанав шагІир МухІамад ХІамзаев Москваялде тІоцеве щваравго, «Малеевка» абулеб творчествоялъулаб рокъов вугев дихъе вачІараб хасалил сордо.

Гьес цадахъ босун бачІун букІана магІарул бакъвараб гьанги. Амма бищунго кІудияб сайигъатлъун дие лъугьана гьеб сордоялъ МухІамадица дие цІаларал цІа рекІарал, цІалеб хІухьелгІан дие хІажатал хІежалде унеб нухги гІумруялъул сухъмахъги цолъарал, цоцазда релълъинчІел, рилълъинги, хатІги, божилъиги, бажариги жиделъ бахчарал, гІадатияб, гІагараб магІарул мацІалъ хъварал гьесул кучІдул. РогьинегІан цІалана МухІамадица дие гьел.

Долдаса лъикІаланго сонал аниги, жакъаги дида рагІулеб буго бацІцІадаб, роцІараб, ритІухъаб унго-унгояв поэтасул гьаракь.

Заман бахъанагIан гьесул поэзилъулъ щулалъана жанисеб ракIчIей, цIубай, жиндирго хаслъи, пикрабазул гIатIилъиги гъварилъиги. Цадахъго цIунун хутIана гьадабго бацIцIалъиги, роцIинги, ритIухълъиги.

ХIамзаевас кучIдул дагьал хъвала. Абухъего, дагьаб къиматабги букIуна. Дида ракIалде ккола, хъвазе жо гьечIого гурин ХIамзаевасул бугеб, гьесда цIакъ лъикI лъала унго-унгояб рагIул къимат. ГIурус мацIалда Москваялда къватIибе биччараб МухIамадил «ЧIумалги чIвабиги» абураб тIехьалъе цебе-рагIиялда Расул ХIамзатовас хъвалеб буго: «ЗахIмат буго Дагъистаналда поэт-лъун вукIине – гьев къабул гьавула яги нахъчIвала. МухIамад къабул гьавуна гIадатиял цIалдолезги кьварарал критиказги. Гьесде щвезегIан магIарулазул гIолохъанал поэтазда гьоркьор рукIинчIо бекIкIараб гамачIгIанги камилаб, мухIканаб, кьучIаб рагIиялъул поэтал. ГIадатияб, роцIараб, бацIцIадаб пикру – гьеле гьесул поэзиялъул хаслъи. Гьесда цIакъго лъикI бичIчIулеб буго заман, гьелъул гIузраби, жакъасеб къоялъул хIалуцин, рахIатхвей. КучIдузулъ унго-унгоял лъалкIалги толаго, гьес гьеб кинабго жиндирго рекIелъан биччалеб буго. Поэтасда роцIарал, рацIцIадал бераз балагьизе лъалеб буго ракьалдасан зобалаздеги, зобалаздасан ракьалдеги. Диниял асаралги гьесул гьадинго тIа-са-масаго гIуцIарал гуро ругел. Гьелги руго хIакъикъияб рекIелаб божиялъ, хьулалъ, рокьиялъ рижарал.

ХIамзаев вуго гъваридав ва гьебго заманалда хIасратав лирик. Гьесулъ буго магIарул каламалъул рагIизе гIащикъаб бакъанги, шигIрияб рагIул ба-цIцIалъиги».

Кидаго гIадин гьанибги ритIухъго, мухIканго абулеб буго Расул ХIамза-товас. ХIакъикъаталдаги, ХIамзаевасда «цIакъ лъикI бичIчIулеб буго заман, гьелъул гIузраби, жакъасеб къоялъул хIалуцин, рахIатхвей. Унго-унголъунги, кучIдузулъ лъалкIги толаго гьес гьеб кинабго жиндирго рекIелъан биччалеб буго».

ХIакъикъаталъе битIараб къимат кьей, ракIжубай, унго-унгояб божилъи, гьеб кинабго ракIалъги беразги борцине лъай, бихьаралъулги лъаралъулги пикру гьабизе бажари, живгоги дунялги рагIа-ракьанде щун ричIчIи – гьеле ХIамзаевасул поэзиялъул тIокIлъи.

ХIамзаевасул какикьжоялда сверухъ кидаго бацIцIалъи буго, рекIеда жа-ниб хIеренлъиги, хIалимлъиги, лъикIлъиги буго, кочIолъ кунчIиги, бакъги, Бакълъухъ росдал динияб борхалъиги, рорхатал мугIрузул гIенеккун чIараб сабруги, сапаразул свин гьечIел цIаялги, цIиял рагIабазул некIсияб магIнаги, магIарулазул кьури гьечIеб гIамалги буго гьесул асаразулъ, – гьедин хъван букIана дица МухIамад ХIамзаевасул «ЧIумалги чIвабиги» абураб тIехьалъе цеберагIиялда.

Хадубккун рахъарал гьесул тIахьазул цIурмилалаб гьаракьалъги дилъ рорчIизаруна чIалгIенги чIаголъиги, божиги бажариги, рухIги ияхIги, динги дунялги, къадруги къудратги, какги кечIги, илагьияб бербалагьиги, бала-гьалъул дарсалги, соназул сухъмахъалги, зобалазул гьаракьги, ракьалъул бакънալги.

Ракьалда инсанасулги шагIирасулги гIумру гIадада инчIолъиялъе нугIлъи гьабула БетIергьанасе гьабураб гIибадаталъги гIадамазе гьабураб лъикIлъи-ялъги. ХIамзаевасул поэзия буго лъикIлъиялде нух бахъулеб поэзия. Гьесул гьечIо ургъун рахъарал яги ургъел гьечIого хъварал асарал. Гьезул аслуги

аслияб пикруги буго унтараб ВатIанги ватIаналъул гIадамалги, гIагарал магIарулалги сах гьари, рухIалъулги яхIалъулги ахIи лъугIарал жугьаби, жамагIаталда рагIуледухъ, магIарулал кантIуледухъ, канлъи бихьуледухъ цIалеб хIухьел гIадин, гIадатго угьизе кIвей:

**МагIарухъ гIуниги, гIатIиракьалда**
**Бокьанщинаб гьабун ругьунлъаразги,**
**Рогьоялъе гурел гали тIамичIел,**
**ЧIолохъжо ничалъул биччан таразги,**
**Къуншби хъахIлъаниги, хъахIбалъи гуреб,**
**Хъулухъ ВатIаналъе гьабичIецаги,**
**Хъулухъалъе гIоло магIарул милат**
**Минатахъ гьабизе гьунар гIуразги,**
**Гьал, палугьабазе, дугIнул кинигин,**
**ГIодор расандулел гIолохъабазги,**
**Гьал, бащдаб къаркъала къватIибги рехун**
**КъватIулъажал гIадин хьвадулецаги,**
**Шамилил наслуян стаканги борхун**
**Суранщинаб пиша гьабулецаги,**
**Чияр культураги, капураб жанги**
**Кавказалде ахIун, яхI рехаразги –**
**Бицунге магIарул яхI-намусалъул,**
**МахIцин хутIун гьечIин гьеб нужер бидулъ.**

Гьединаб кечIалда гъоркь бокьарав кIудияв шагIирас гъулбас гьабилилан ракIалде ккола дида. ХIамзаев жиндирго гьунаралъул кIудияб борхалъуде вахунев вукIиналъе нугIлъи гьабула гьесул цIубарал цIи-цIиял асаразги.



**М. ХIамзаев, С. Асиятилов, М. АхIмадов**

**3.**

МухIамад ХIамзаев гьавуна Шамил районалъул Бакълъухъ росулъ. ЛъугIизабуна ДГУялъул филологиялъул факультетги РФялъул МИДалъул Дипломатазулаб академияги.

ХIалтIана МухIамад «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда. 1994 соналда гьес гIуцIана исламалъулаб «Ассалам» газета ва вукIана гьелъул бетIерав редакторлъун. Хадуб хIалтIана ГIиракъалда Россиялъул дармилав вакиллъун.

МагIарулги гIурусги мацIазда жиндирго кучIдузул тIахьал къватIире риччай гуребги, ХIамзаевас магIарул мацIалде руссинаруна Абу ГIали МагIарил, ГIумар Хаямил, Жалалудин Румил, А.Блокил, В.Набоковасул асаралги. Живго ХIамзаевасул кучIдулги гIурус мацIалде руссинарун руго жидер гьунаралъ цIар рагIарал поэтал Яков Козловскияс, Юрий Кузнецовас, Владимир Бояриновас, Владислав Артемьевас ва гьединалго цогидалги поэтаз.

МухIамадица цIакъго цIакъ кIудияб хIалтIи гьабулеб буго нилъер халкъалъул рухIияб, динияб даража борхизабиялъе, камил гьабиялъе. Гьес хъвана «МухIаммад Авараг», «Имам Шамил», «Хириял халифаби», «Ункъабго мазгьабалъул имамзаби», «Бакълъухъа СагIдухIажиясул МухIамад Афанди» абурал ва цогидалги исламияб диналъул тарихалъулги бицунел, гIадан лъикIабщиналде кантIизавиялъеги квербакъулел тIахьал.

«Шагьаралъул магIарулал» ва «ЦIуне, Аллагь, Дагъистан» абурал кучIдузул тIахьазухъ ХIамзаевасе кьун буго Дагъистан Республикаялъул Пачалихъалъул премия.

Нилъ кидаго кватIула лъикIав поэтасда лъикIаб рагIи абизе, гьесул гьунар-махщелалъе мустахIикъаб къимат кьезе. ХIамзаев вуго гIумруялдаги поэзиялдаги дир гьудул. Гьелдаса дун вохаравги чIухIаравги вуго.

РакIалде щвезарилин церегIанго соназ дица МухIамадида абун рукIарал рагIаби: «Унго-унгоял поэтал рехьед гIадин цадахъ рукIанаро. Гьез балагьула жалго чIезе хасаб, жалго жидедаго чIараб чIинкIиллъи. Гьениб гьунаралъул цIаялда тIад гьабула жидеего квен-тIех. Цоги хутIарабщинаб кIочон тола, гьединазул хаслъиги гьунарги хутIула».

Поэтасул гIумру букIуна тарихалдаги заманалдаги жаниб. Гьеб жиндир гIумру къисматлъун лъугьани поэт бергьуна. ХIамзаев бергьун вуго ва жиндирго гьунаралъеги рагIиялъеги ритIухъавлъун хутIулев вуго:

**Алжаналъул ракьилан**
**Ракьалда цIар рагIараб,**
**ЦIудул роржен берцинаб**
**ЦIуне, Аллагь, Дагъистан!**

**Цо-цо «цIиял» бахIарзал**
**ХIалихьалъун кканиги,**
**Цо дуда хIал кIолелъул,**
**ХIалкIун цIуне Дагъистан!**

**ЦIуне, Аллагь, дир гьудул – поэт МухIамад ХIамзаев.**

***МухIамад АХIМАДОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***



**МухIамад ХIАМЗАЕВ**

*«ЙорчIами магIарулай» абураб тIехьалдаса*

## ЙОРЧIАМИ МАГIАРУЛАЙ

**Макьидаса йорчIарай,
ЙорчIами магIарулай,
ГIатIиракьалде арай
ГIумру кинан бугеб дур?**

**Бихьарабищ дуниял
Дуе бахчун букIараб,
ДанчIваралищ гIадамал
ГIатIидаб шагьранухда?**

**Дуда лъарагIлъиялда
ЛъикIаб жо щиб батараб,
Унго, анкьил рокьийищ
Бокьухъе хьвадицинищ?**

**Щивгун гени куней мун
Шагьаралъул пастIабахъ,
Кинаб тIагIам цIцIулей мун
ГьоцIо хъвачIел кIутIбигун?**

**Басриял гIадатазул
ГIомо бичун хадуса,
Дуца чияр куналъищ
Дурго гIумру бессараб?**

**ЧохтIо тIаса бахъигун
Черхго бакъалда лъезе,
Бакъул унти ккелилан
Кинан мун хIинкъуларей?**

**Росу бихьизениги
Хьулгойищ дур лъолареб,
Хабзалахъе щвезени
Щоларищ магIарухъе?**

**МугIруздасан чвахулеб
ГIурул хьуди рагIичIищ,
Гьелъ лъиего чучичIей
Чан гIолилай хъамурай?**

**РукIкIарал кьунсрул гIадал
Кьурул сиртал рихьичIищ,
Сунда гьезул ракI хвараб
Хиялго гьабиларищ?**

**Огь, магIарул ракьалда
Макьилгицин гьуинлъи,
Макьидаса йорчIарай
ЙорчIами магIарулай.**

## МУЗЕЙ

**Буго музеялда пуруцги рукьги,
Рекьизе кIочарал нилъер хурзалги.
Хаселалъ кьурдулеб гъоркьагьобоги,
Гьоболасе корохъ бежулеб чедги.**

Буго музеялда кьилиги хьитги,
Кьурабазда паркъи лъалеб хвалченги,
Лъилали чохтIоги, нечарай ясги,
Басриябин тараб цо-цо гIадатги.

Буго музеялда резил гIеретIги,
МагIарул кинидахъ ахIулеб кечIги,
Кибалиго бараб ГЭСалъ гъанкъараб,
НекIсияб магIарул росдал тарихги.

Буго музеялда Шамилил сурат
Щивали гиназас асир гьавунин.
АскIор бид рецIцулел муридзабиги
Гъазават лъугIараб Гъуниб мегIерги.

Буго музеялда магIарул тарих
МагIида хутIараб ханжар киниги.

### КЪИЛБА

Бице, дур рукъалъул Къилба киб бугеб
Къаде как ахIизе заман щун бугин.
Бице, дур умумуз кирехун руссун,
Суждаялъе кверал кколел рукIарал?

Бице, дур рукъалъул Къилба киб бугеб,
Къуръаналъул сура сунца хисараб?
Аллагьас тIад лъурал какил шурутIал
Кинал шайтIабаца тIаса росарал?

Бице, дур рукъалъул Къилба киб бугеб,
Кинаб илбис кIалъан, гьеб кIочон тараб.
РагIулищ ахIулеб какил берцинлъи,
Бице, дур рукъалъул Къилба киб бугеб?

### А XI И

ГIадатлъун букIана некIо магIарухъ
Шагьи бикъарасул кверал къотIулеб.
Дунял бикъаниги, диванги къотIун,
КъотIичIел квераца ккун буго гIумру.

Бицуна росабалъ саяхъ хьвадарал,
Сардилъ гвендинире рехулаанин.
ГIамал хъахIбаязе рухъичIел гвендал
РакIал рацIцIадаца цIун руго гьанже.

Цебе мугIрул тIогьир цIаял ралаан
ЦIияв тушман тIаде щолеб мехалда.
Щущан унеб миллат данде гьабизе
Огь, кинал мугIрузда цIаял ракилел?

Чилъун хIаларилан, лъадул цIар ккелин
Лъицаго бол низам биххулароан.
Холеб ияхI цIунун ахIуд рахъаян
АхIи балеб буго хваразул рухIаз.

*«ЧIумалги чIвабиги» абураб тIехьалдаса*

## КИДА МАГIАРУХЪЕ НАХЪРУССУНЕЛ НИЛЪ?

Кида магIарухъе нахъруссунел нилъ
Нахъа тараб нухлул хIисаб гьабизе.
АхIи-хIур гIемерал шагьаралги тун,
Щобазул бутIрузде тIаде рахине.

Дора умумузул узданал хобал
Хвел ирга бугилан гаргалел гIадин.
Дора мугIрул тIогьал тIасан ралагьун,
Сапаралде арал нилъ руссиналъухъ.

Дора кьурул сиртал сухъмахъ нухал ккун
Харизе гьитIинго нилъ ругьунлъарал.
Доба иццул бетIер, тIокIкIараб лъадалъ,
ТIаде къуларазда зобал рихьулеб.

Кида магIарухъе нахъруссунел нилъ?
Росдал годекIабахъ гIодор кIусизе?
ГIумрудул ригь араз угьун бицунеб
Илагьияб харбихъ хал гьабун чIезе.

Доба нилъер кьолбол кьалбал гучаб гъветI,
Кьуру чIван зодихъе бахъун унеб цIум.
Доба хурул ссанда свак чучизегIан
ГIодой чIарай ясалъ ахIулеб сарин.

Доба бахIарчияб магIарул тарих
МагIида хутIарал хунжруца хъвараб.
Кида магIаруллъи нахъбуссинеб мун,
Нахъидабщиналъул ургъел кIочене.

## КIВАРИЧIО

**Эбел кIочон тарав васги кIваричIо,**
**Рос разилъуларей лъади кIваричIо,**
**Лъимал гьарулареб ригьин кIваричIо,**
**Ригь цIехон вачIунев гьобол кIваричIо,**

**Щукру кIочон тараб ракIги кIваричIо,**
**КIвар дир гьабуларей гьудул кIваричIо,**
**РекIелъ иман гьечIев инсан кIваричIо,**
**Напсалъе мутIигIав гIадан кIваричIо,**

**ГIамал ихлас гьечIев гIалим кIваричIо,**
**Эхе жо унарев жагьил кIваричIо,**
**Щивас лъим гьекъолеб къулгIа кIваричIо,**
**Къор диего гъолеб ракIгъей кIваричIо.**

**ГIадалнах мигьлъулеб лъимги кIваричIо,**
**Лъеца чурулареб мунагь кIваричIо,**
**Мугьмалго биччараб хъизан кIваричIо,**
**Хъазан гьалуларей гьайбат кIваричIо.**

**Бокьанщинаб щвараб гIумру кIваричIо,**
**ГIорцIиго лъалареб боцIи кIваричIо,**
**ГIин кIичIизабулеб хъулухъ кIваричIо,**
**Хъурмил гIамал бугев гьудул кIваричIо.**

**Пикру-хиял гьечIеб херлъи кIваричIо,**
**Херлъиго лъалареб черхги кIваричIо,**
**Кверщел тIаса араб жасад кIваричIо,**
**Жасуслъи гьабулев илбис кIваричIо.**

**Нахъарукъ гьечIелги, гьайгьай кIваричIо,**
**РекIелъ жо кколелги кинго кIваричIо.**

## ДАГЪИСТАНИЯВ

**БетIер сверун квербацI, кверalъ ххан мегеж,**
**Ххам гьарза гьабураб халатаб горде,**
**ХантIан къвалал ралеб къурайши гIадат,**
**КъотIнов дандечIвана дагъистанияв.**

**СагIудиялъ гIурав гIарабазул чи,**
**ГIайибни гьечIоан дуда щибниги.**
**Амма цIарги цIунун Дагъистаналъул**
**ЩIаги цIваги дуца свине щай тараб?**

Мугьажирзабазул загӀипаб рижи,
Зулму тӀаде щведал ВатӀан тун арал.
ВатӀан чиярлъарав, чагӀи дагьлъарав,
Дагъистан бихьичӀев дагъистанияв.

Щиб дуе бицинеб Дагъистаналъул,
Дур ургъелазул гъветӀ гъенезабизе?
Араб-таралъулищ, тарихалъулищ,
Тарих кӀочон тарал ирсилазулищ?

МугӀрузда берчӀвачӀев магӀарул чияс
Дий гӀараб мацӀалда бицунеб буго.
Бецлъарав кӀудада Дагъистаналъухъ
Урхъи буссинчӀого салулъе анин.

Гьес босун бачӀана гьитӀинаб кагъат,
ВатӀаналде хъвараб гӀажам хъвай-хъвагӀай.
БитӀизе чи щвечӀеб чияр рисалат, –
Мунагьал чурадил ахираб чапар.

Гьаб жидехъе хъварал хъирул къанабакь
Рукьбузде церего сверун ратила.
Хварасул васият тӀубазабизе
ТӀаде кин босилеб соролел квераз?

Мун гӀадинал васал Дагъистаналъул
Дунялалда гӀемер ратизе руго.
СагӀудиялъ гӀурав дагъистанияв,
Дуе щиб бицинеб Дагъистаналъул?

«ЦӀуне, Аллагь, Дагъистан» абураб тӀехьалдасан

## ЦӀУНЕ, АЛЛАГЬ, ДАГЪИСТАН

Ахир заманаялда
Загьирлъулел питнаби,
ТӀаде-тӀаде цӀикӀкӀиндал,
ЦӀуне, Аллагь, Дагъистан.

Имамзаби машгьураб,
Шайихзаби камилаб,
Кибго цӀар тӀибитӀараб
ЦӀуне, Аллагь, Дагъистан.

МугӀрузда харабазул
Харбил рагӀи гъваридаб,
Хваразул асс цӀунараб
ЦӀуне, Аллагь, Дагъистан.

Гьегьал миллатчагӀаца
Миллат гуккиялдаса,
Миллатазул цӀвабзазда
ЦӀоб лъун цӀуне Дагъистан.

Алжаналъул ракьилан
Ракьалда цӀар рагӀараб,
ЦӀудул роржен берцинаб,
ЦӀуне, Аллагь, Дагъистан.

Цо–цо цӀиял бахӀарзал
ХӀалихьалъун кканиги,
Дудаго хӀал кӀолелъул
ХӀал кӀун цӀуне Дагъистан!

## КИН РУГЕЛ МАГIАРУЛАЛ?

Кин ругел магIарулал,
МагIуялъ тарих хъварал,
МагIна ragIул гъваридал,
МегIер гIищкъул борхатал?

ЛъикI ругищ магIарулал,
Лъиего рокьи кьечIел,
Яс рокъой гIуралдаса
МагIида ярагъ бачIел?

Ругънада чIорто бухьун,
ЧIахIил чурпа кванарал;
КIалдиб речIараб гулла
ЧIамун къватIибе турал.

Кин ругел магIарурал,
Керен цо-цо бухулел;
Бахилаб гIамалалъе
ГIумруялъ жал ритIухъал.

КъотIун дал-дalaраб гъеж
ТIадги чIун, тIун рехарал;
ТIаде щвараб ахIуе
РухIалда барахщичIел.

Кин ругел магIарулал,
Кирго цере рукIарал;
Цо-цоял хIалихьалъун
ХIалхьиялдайищ ругел?

Магьди имам вахъунеб
Нахъзаман гIунтIун бугин,
МагIарулал кир ругел,
Квер босун салам кьезе.

## БУГО ГЬАБ РАКЬАЛДА, РИТIУХЪЛЪИ БУГО

Буго гьаб ракьалда ритIухълъи буго,
Гьеб битIараб букIин мукIурлъуларес
Инсул адаб тарав васасда гьикъе,
Вас гIедал гIодизе жив гьавичIищан?
Росасда чIухIарай чIужуялъ бице
ЧIалгIараб гуреб къо бачIанищ гьесухъ?

Буго гьаб ракьалда ритIухълъи буго,
ТIекълъи – хIалихьалъи бадиб бихьула.
Бихьулебщинаб къо, щолел балагьал
Мунагьаца цIала нилъеда тIаде.
Нилъерго гIайибаз, гIамал-пишаялъ
ГIезе гьабураб пихъ куна нилъеца.

Буго гьаб ракьалда ритIухълъи буго,
ГьечIилан абулел ургъун рихье нуж.
Чидае бухъараб гвандинив ккарас
Ккола гьабилилан гьелъие нугIлъи.
Шукру дагьаб нигIмат кодосаги ун,
Кверал хIанчIулезда гьеб бичIчIулеб куц!

Буго гьаб ракьалда ритIухълъи буго,
Рецц БетIергьанасе гьедин бугелъул.

* * *

*Молчите проклятые книги*
*А.Блок*

НагIана батаял рагIул дандраял,
РегIичIо сундего нужедаса дун.
Байтулмаллъун хъваяб хъахIаб кагътица
Кванан батана дир таманаб заман.

Дун сунца тIамурав, цудунаб ихдал,
Ци гIадаб хасалил хиял гьабизе.
Жеги иццул лъеца къеч буссиналде
Каспидал лъадалъе щай дун лъугьарав?

БитIун тIогьол гIужалъ, тIахьалги регун,
ТIерхьун хадуб бакъул къимат лъараб куц.
Чванта чIобогояб, керен чIагояб
ЧIалгIадени ана гIащикъаб заман.

* * *

Итнийилан бачIун, талатилан ун,
Толеб буго гьудул гьаб гьакица нух,
АрбагIилан хисун, хамизилан щун,
Хисулеб бугеб куц гIумруялъул кьер.

Рузманилан къанщун, шаматин гвангъун,
Щолел гьечIо гьудул нилъ мурадалде.
ГьатIанкъо бачIуна рокъорго чIайин,
Къокълъи гьаб ракьалда нилъер анкьалъул.

## ГIУРУСАЛЪ – АПАРАГ, ГIАРАБАЛЪ – ХIАЖИ

ГIурусалъ – апараг, гIарабалъ – хIажи,
ГIемер сонал ана сапаразда дир.
ВачIине хIалаккун, ине гIедегIун,
ГIодове виччараб мех букIинчIо дир.

ГIурусазулъ квачан, гIарабалъ хинлъун,
Хадуб гьечIо дир черх гьава-бакъалда.
Гьанир кучIдул гьарун, дора какал ран,
КигIан лъикIха тарав БетIергьанас дун.

ГIурусалъ ургъелал магIишаталъул,
МагIна гIумруялъул гьеб бугеб гIадин.
ГIарабалъ хиялал ахираталъул,
Ахир руссунеб бакI цо букIинги лъан.

ГIурусалъ – апараг, гIарабалъ – хIажи,
ГIумру ана гурищ сапаразда дир!

## БОСФОРАЛЪУЛ КУЧIДУЛ

Дие дур бицана, Босфоралъул кьо
Бисмиллагьги бахъун, лъунин дуе кьучI.
Дур хъахIилаб лъадалъ хъахIал гумузул
ХIанкъабазул гIадал тIелал рихьула.

Ккола Стамбулалъул минарабаца
Мали зобалазде чIвалеб бугилан.
Мех–мехалъ ахIулеб какил гьаракьалъ
Квешлъи гьаб ракьалда гъоркькъинабулин.

Дица Босфоралъул карачелазда
Каспиялъул салам бицунеб буго.
Берцинлъи ракьалда рагIараб шагьар
РагIалде щвана дун дур тарихалъул.

Мун – бащдаб Европа, бащдаб Азия –
Аварав гьоболлъухъ, гьале духъе щун.
КIиго ралъадалъул лъеца чурулеб
Чиякъаб рагIалда гIодов чIана дун.

Гьаниб Севералъул цIорораб гьури,
ЦIараб мехалъ щолеб Югалъул хинлъи.
Гьел дандчIвала, чIалгIун, щибаб сонайил
Сунеб гьечIо гьезул цоцазде хIасрат.

Ригь арай ханумалъ дур тарихалъул
Таргьа гьалбадерий гьурщулеб буго.
НекIсиял грекаца бекIкIун къедги бан,
Къан буго мун сверун, Босфоралъул ракь.

Цингиги Рималъул гучаб пачалихъ,
Цезар КъустIантIинил къуватаб аскар.
Кверде гьез босана, Босфор, дур шагьар
КъустIантIинополин тана дуда цIар.

Огь, чIинкIиллъиялъул чIухIараб шагьар,
Мун бухIарабщинаб, бихharабщинаб.
Мун гьоркьоб бачине пачалихъалъе
Чилъилъун букIана, чинлъун букIана.

Дур цIарги букIана цIвабзада гьоркьоб
ЦIа дур  килисабахъ сунеб букIинчIо.

Чанги къарнабаца къотIичIо рагъал
КъустIантIинопол, мун кверде босилин.

Доб Византиялъул тахшагьаралда
Тах лъезе кколилан турказул султIан.
ТIаса Босфоралъул хъахIилаб лъеда
Лъедезе гIащикълъун ГIусманил гуми.

Цингиги килиса Софияйилан
Сверана ахирги мун мажгиталде.
Дур цIар ахIулаан цIияб Римилан
ЩIва хадуб кунчIана турказул зодоб.

2.

Дий асар гьабураб, асир гьавураб
СултIан Сулейманил гьундузул тарих.
Гьезулги бетIергьан кверде восарай
Роксаланайилан славяназул яс.

Стамбулалъул къватIаз къасиги гьаниб
Къисмат батIиялъул бицунеб буго.
Турказул тIехьалъул бищун тIутIураб
ТIанчидеги къулун, къварид вуго дун.

ГIусманил пачалихъ чучлъизабизе
Чан аскар щваниги, щущахъ биххана.
Бице, Киевалъул кашишасул яс,
Кин дуца беццлъизе гьавурав султIан.

Мун Истамбулалъул базаркъотIное
Лагълъун къотIаразда гьоркьой йикIарай,
Амма сонал ингун, султIанлъиялъул
Ирсилай бикалъун кинан лъугьарай?

Рустам паша бищун божарав вазир,
СултIанасул гьундул чIухIарав гьудул.
Гьес  йичун йосана славяназул яс
Ва сайгъат гьаюна Сулеймание.

Анлънусго яс йигеб гаремги кIочон,
КIарчамлъана султан, гьелда бер чIвайдал.
Гьелъ асир гьавурав Сулейманица
Сардал рогьунаан гьелда цеве чIун.

**Ханзаби сорозе гьавулев султIан**
**ГIисинлъимер гIадин цeве кIусидал,**
**КIочон тана гьалда сонисеб базар**
**Базарлъун лъугьана гьалъие гарем.**

**Гьал вазирал тIамун, тIасаги рищун,**
**ТIаде чи гьукъарал чергесал ясал,**
**Черхалда къваридаб къандалъоги ххун,**
**Къаси риччалаан карачелалъе.**

**Доб гIасилъиялъул пикру гьабидал,**
**Ккола бесдаллъарал карачелаби,**
**Босфоралъул лъадал тIиналде арал**
**ТIинчIал мусудузул бицунел ругин.**

**Кидаго елъулей Киевалъул яс,**
**КигIан улубул дуца гIодизарурал?**
**Какде юссунарей сонисей лагъалъ**
**Сужда чан туркасда гьабизабураб?**

**Гьелъ васал гьаруна Сулеймание**
**Славяназул би чорхоллъ гьалдолел.**
**Селимин вукIана бищун гьитIинав**
**Гьелъ тIасавишарав султIанлъиялъе.**

**ТIул бикьарал вацал, цо-цоккун рачун,**
**Кварида гъанкъана, гIакълу гьелъ малъун.**
**Ирсалъе султIанлъи щвезе рес бугел**
**Наслу бихьиназул лъугIизабуна.**

**Роксаланал гIайиб чанги бицарай**
**Бицуна эбелцин султIанас танин.**
**ХIатта Селим хутIун, хутIарал васал**
**ХутIичIин гIезегIан гIазаб кьун чIванин.**

**Чанги гIакълучагIи гIемер вазирал,**
**Расги гIайиб гьечIел гIородаги ран,**
**Гьай гIурус ясалда сурун рихьарал**
**Сардил ахиралда салулъ тIупанин.**

**Мун яцилан тарал турказул васал**
**Сундухъ къисас босун гъанкъизарурал?**
**Мун хвасар гьавурай ханасул вазир,**
**Хиянат щиб бихьун шапизавурав?**

Хадур сонал ингун хвана Сулейман,
СултIанасул тахги Селимие тун.
Свана гьесулги бакъ гьекъолдулаго,
Мехтарав вигьинчIо гьев хIамамалъув.

Бищун хIалихьатав султIанин абун
Гьесул цIар рехсола гьанже наслабаз.
Гьелъ батилин ккола Селимилан цIар
ЦIакъ къанагIат гуреб туркалъ рагIичIеб.

Бащдаб дунялалда кверщел гьабурал
Гьундул чIемегIлъана гIусманиязул.
Цеве чи ватичIеб турказул аскар
Аслу хисараб куц дур ханлъиялъул.

Дунялго къакъалеб къуватаб ханлъи
Къуна кашишасул бесдалалъукьа.
Ракьалда рагIараб ГIусманил улка
Сорозе гьабуна цо асиралъ мун.

Дица дур бицина Босфоралъул ракь
Каспидал рагIалда гьудулзабазда.
Дун асир гьавураб Истамбул тарих
Тела дица рехсон хадур ругезе…

Чияргун жубараб би чанги буго
Чорбалъ магIарухъги гIолохъабазул.
Гьелъ батилин ккола умумузул нух
Халкъалда гьадигIан кIочон тун бугеб.

## ГIУМАР ХАЯМИЛ ТАРЖАМА ГЬАБУРАЛ АСАРАЛ

* * *

ЛахIзат гIадаб гIумру дида аскIосан,
НакIкIул парча гIадин, гьороца ана.
Пашманлъи лъаниги, анищ таниги
Анищ гьанже гIумру гIадада араб.

* * *

Чанги гьаваялъул гьиналъ ккурав дун,
Гьанже гIодулев куц гIадан гьечIелъув.
Мунагь гьабунагIан, виччан тарав дун,
Нечон вуго чIезе Бичасда цеве.

* * *

**Нилъер болжалалъул божи гьечIолъи,**
**Божарав чиясде чучилаан ракI.**
**Ракьалде рачIуна чIи-чIидилаго,**
**ЧIарбиде руссуна чIва-чIвадилаго.**

* * *

**Дунялалъул маргъу уян кканиги,**
**Иргаялда рукьби ракьалъ кванала.**
**Бокьухъе ракьалда танин кканиги,**
**Тезе ккола пулан панаяб дунял.**

* * *

**ТIасалъугьун те, Аллагь, тавбу-гьари буго дир,**
**Гьайбатал мусудуца асир гьабураб ракIги,**
**РикIкIад хараблъиялде хехго унел хIатIалги,**
**ХIарам букIин лъалаго лълъар борхарал квералги.**

* * *

**Дур кинабго мулкги миркалъ тIагIина,**
**Хьулазул тIоралги тIадго ракъвала.**
**Гьудуласе тезе мун бахиллъараб**
**Хазина хутIила дур тушманасе.**

* * *

**Гьаб дир гъасда бугеб гьаримлъиялъухъ**
**Гьапур Мунголъидал валагье, Аллагь.**
**Дуде гIарз гьабизе гIузру гьечIев дун**
**ГIазаб бикьулелъул гьоркьов те, Аллагь.**

* * *

**Херлъи гьеб – гъветI буго кьалбал турараб,**
**Кьер гьурмал хисизе гьабула мехаз.**
**Дир гIумрудул тIохги, тIолго рукъзалги**
**КъачIан руго турун рортизе гIодор.**

* * *

**Гьабун гIагарлъараб шагIил бурутIи**
**ШагIихъанасдехун буго кIалъалеб,**
**Гьавугьин хъвай гьудул дуца дида квер,**
**Кида-къадги хIурлъун мунги лъугьинин.**

* * *

**Чан соналъул гІумру дуе кьуниги,**
**КьечІого рес гьечІо духъе хвалил лълъар.**
**Лагълъун вукІаниги, ханлъун таниги,**
**Ахиралда роцен цо буго нилъер.**

* * *

**Дир гІумрудул тІехь буго тІубанго бегун лъугІун,**
**Доб ихдалил рохалил хутІана цо пашманлъи.**
**ГІолохъанлъи хІинчІ гІадин, боржун гъажалда чІараб,**
**Божуда рекІкІги гьабун, рикІкІалъана лъачІого.**

* * *

**Дир Хорасаналъул халичабазда**
**Ханзабазул бидул тІугьдул рижула.**
**Рижанщинал ясал – хІурулгІинзаби,**
**ХІуралде сверарал гьезул гІанаби.**

* * *

**Ризкъи цІикІкІанагІан, гІемер ахІдола**
**Дунялалъул гІабдал дунго дунилан.**
**Амма бищун тохаб гІужалъги бачІун,**
**Хвел горда кІетІола дунго дунилан.**

* * *

**Дида хвалил кьогІлъи кІоченабурай**
**Ракьалда нилъ чІаго ругебгІан мехалъ,**
**Дир риччарал берал ракъвазе гьаре,**
**Я ракъварал кІутІби риччизе гьаре.**

## ГЬЕЗ ГЬАБУРАБ ТАКЪСИР БУКІИНЧІО

ВукІанила улка-ракь кІудияв цо хан. Гьеб ханлъиялда вукІанила, гІезегІан бахІарчияв, халкъалда жаниб рагІи билълъунев цо чиги. Гьесулги ханасулги, щаялиго, бакъан рекъолароанила. Гьадав чияс хІукму гьабунила, халкъги данде бахъинабун, хан тІаса рехизе. Улка-ракьалъул батІи-батІиял шагьаразде, жиндаго гІадин хан рихарал гІадамазухъе гьесде данде рахъине хІадурлъеян хъварал кагъталги росун божарав чиги витІанила гьес. Ханасда гьеб кинабго лъанила. Гьесул рагъухъабаз ккун вачІун дов чиги, нухдасанго вачун гьес кагътал росун витІаравги ханасул буюрухъалдалъун чІванила. Кагъталги, тІадецин балагьичІого, рухІанила гьесулго амруялдалъун.

– Кагътал лъихъе ритІулел рукІаралалигІаги балагьизе ккелароанищ, дуда дурго тушбаби лъан рукІине? – ян абунила вазирас ханасда.

– Ккелароан, – илан жаваб кьунила ханас. – Щалали лъаралани, долги дица чІвазе къотІулаан. ЧІвазе ккани, жеги гьез гьабураб такъсир букІинчІо. Дун рихунилан чи чІвазе бегьилищ?

## ЩАЙ ЧІОБОГО ХІАЛТІИЗЕ ККОЛЕЛ?

Хъизан-лъималги гьечІев, ялгъузав херав вукІанила. Щибаб къоялъ бакъанил гІужалъ, авал-къоноялъулго гІисинлъимал данделъун, гьесул рукъалда аскІоб кІудияб ахІи-хІур букІунаанила. ЧІалгІун букІанила гьеб гьалмагъир херасда.

Цо къоялъ гьес киналго лъимал жиндихъго ахІанила ва щивасе анцІ-анцІ гъурущги кьун, абунила, метер гьабго заманалда рачІун, кІвараб ахІи-хІур гьабеян. Лъималаз херас абухъе гьабунила. Гьесги хадусеб къоялъги гьединго рачІаян щу-щу гъурущ кьунила гьезие. Лъабабилеб къоялъги гьадабго жоги абун, цо-цо гъурущ кьунила лъималазе херас. Ункъабилеб къоялъ гьес абунила, дир нужее кьезе гІарацги хутІичІин, букІаниги метеги рачІайин гьанирего гьадабго ахІи-хІур гьабизеян. РачІинчІила лъимал нахъисеб къоялъги, гьелдаса хадусел къоязги гьенире. Гьез хІисаб гьабунила, чІобого жал щайин хІалтІизе кколелилан.

Гьедин эркенлъанил херав дол лъималазул лазатбахъиялдаса.

## ГЬАНИБ КИНАЗЕГО БАКІ ГІЕЛА

РукІанила цо гІакъилги, гьесул чІужуги. Жалго чІезе бакІ гурони гьечІеб, цІакъ гьитІинабго рукъги букІанила гьезул.

КватІараб сардил гІуж букІанила гьеб, балеб букІанила чвахун цІадги. КІутІанила гьезул нуцІида.

– ЦІад щолареб бакІ балагьулев чи ватила, нуцІа ричІе, – ян абунила росас лъадуда.

– Гьаб нилъеегоцин къваридаб бакIалде тIадеги чи кин віччалев? – илан абунила гьелъ.

– КигIан чIахIиял гьундул ругониги, бечедал чагIазда гьел гьитIинлъун рихьула. Нилъер ракIал бечедал руго, гьаниб чан чи вачIаниги бакI гIезе буго. ГьабсагIат нилъ кIиялго регун руго, тIаде вачIаравгун лъабалго гIодор чIезе гIураб бакI буго нилъер.

РичIанила лъадуца нуцIа, вугилаха цIалтун виччарав чи. Гьевги гIодов чIезавун гара-чIварулаго, кIутIанила нахъеги нуцIида.

– РичIе нуцIа, – ян абунила росас лъадуда.

– Гьаниб цоги чиясе бакI киб бугеб? РичIизе бегьуларо. ЦIадалдаса вахчизе цоги бакI балагьизе те дос, – илан рази гьечIого лъугьанила гьоркь вукIарав гьобол.

– Гьаниб вачIанщинасе бакI гIезе буго, – илан хважаинас нуцIаги ричIанила, кIигоги чи рокъове жанивеги вачIанила.

Киналго цоцалъ къан ругониги, гIодор чIун гара-чIварулаго, тунканила нуцIида. Балагьанила тIаде рачIаразул цояв – бугила хIама.

– Гьебги жанибе биччай, – илан абунила рукъалъул хважаинас.

Киналго гIажаиблъанила, гIадамазецин къваридаб рокъобе хIамаги кин биччалебан.

– Бечедал чагIазда гIадамалги хIайваналлъун рихьула. Мискинзабазин абуни хIайваналги гIадамал гIадин къабул гьаризе ккола. Гьелги нильго гIадин Аллагьас рижарал руго. ГьабсагIат нилъее гIодор чIезе бакI гьаниб киназего гIолеб буго. ХIамица бакI къварид гьабуни, рахъун чIезениги бакI киназего гIела. ГIеларин ккани, дун ина гьаниса къватIиве, – илан хабарги къокъ гьабун, биччараб хIама рокъобе жанибе биччанила хважаинас.

## НУЖЕДА МАЛЪАНЩИНАБ ГIАДАДА ККАНА

ГIакълу-лъай камилав гIалимасда цере цIалулел рукIанила ичIго-анцIго гIолохъанчи. Жинда лъалебщинабги гьезда малъун, гIолохъабазул цIали лъугIулеб къоялъ, мугIалимас кагътил тIанчиде тIаде тIунила щакъи ва гьикъанила гьезда, щиб нужеда гьаниб бихьулеб бугебилан.

– Щакъи, – ян жаваб кьунила гIолохъабаз.

– ЛъикI ургъе, цоги щибниги бугищали, – илан абунила гьес.

ГIолохъаби лъикIалан мехалъ руцIцIун чIанила. Цинги абунила, щакъи тун батIиябги щибха гьаниб букIинебан.

Гьеб мехалъ мугIалим агьиялда гIоданила.

ГIолохъабаз, гIажаиблъун, гьесда гьикъанила, щиб дуе лъугьарабилан.

– Нужеда чIегIераб щакъи гурони, хъахIаб кагъат бихьичIо. Гьабщинаб мехалъ дица нужеда малъанщинаб жо гIадада ккана.

Гьединги абун, хадур ралагьун гIолохъабиги тун, мугIалим вахъун нахъе анила.

## ДИЕ ДУР ДОЛЛАРАЛ ХIАЖАТ ГЬЕЧIО

ХIарамлъи-хIалаллъи батIа гьабичIого, гIемераб бечелъи данде бакIаранила цо чияс. Цо къоялъ гьес хIукму гьабунила, кигIанасеб жо дандельун бугищали, жиндирго буголъи рикIкIине. Батанила лъабнусго миллион доллар. Гьаб гIемераб бечелъи бугин, хадуб щиб гьабилебали ургъизегIан, цо лъагIа-

лица ракI бугелъубе хIетI щвезабун, чорхое бокьараб гьабун, чохьое бокьараб кванан, кепалда вукIинин живан хIисаб гьабунила гьев чияс.

Гьединал пикрабазда гьев вукIаго, вачIанила гьесул рухI бахъизеян Маликулмат.

– Дуего нусго миллион долларги кьела, цо лъабго къо дир гIумруяле тIаде жубай, – ян гьаранила гьадав чияс.

Маликулмат разилъичIила.

КIинусго миллион кьелин, цохIо къоялъниги нахъбахъе дир гIумруян гьаранила гьес нахъеги.

Маликулмат гьелдаги разилъичIила.

Гьеб мехалъ дов чияс Маликулматасда абунила:

– Гьаб лъабнусабго миллион долларги дуего босейин, васасе васигат хъван лъугIизегIангIаги жив чIаго тейилан.

– Дур долларал дие хIажат гьечIо, хехго хъвай дурго васигат, – ан абунила Маликулматас.

Ва хъванила гьадав чияс васасе васигат:

«Дир вас!

ГIумруялъ данде гьабураб гьабщинаб бечелъиялда кIвечIо цохIо къоялъниги дир гIумру нахъбахъизе. Дуца щибго пайда гьечIеб боцIи-рикъзи данде бакIаруге. Дуца кIвараб хIалалъ Аллагьасе тIагIат-гIибадатги гьабе, рекъараб магIишатги гьабе, дудасан бажарараб лъикIлъи гIадамазеги гьабе, лъикIаб цIар дурго хутIулел лъалкIал ракьалдаги те!»

Гьадаб чанго рагIи хъван лъугIарабго, гьев чиясул рухIги босун, Маликулматги анила.

## ЖЕГИ РАГЪУН ГЬЕЧІО ГЬЕСУЛ МАХЩАЛИЛ БАЛЪГОЛЪАБИ



**М.ГIабасил «ХъахIабросулъа МахIмуд» М.ГIабдулхаликъов – МахIмуд, РСФСРалъул мустахIикъай артистка ГI.Мамаева – Муи**

Доб букIана киналго бихьинал – артисталги фронталде ун, театралъе артистал хIажалъараб I942 абилеб сон. ЦIиял росарал артистазда гьоркьове МахIмудги ккана. Гьеб мехалъ гьесул букIана 16 сон.

ГIабдулхаликъов МахIмуд гьавуна Хунзахъ районалъул Гъоркьколо росулъ. ЦIалулевги вукIана ГIараниб школа интерналда. МахIмудие кутакалда бокьулаан театр ва цониги спектакль гьоркьоб биччалароан. Лъалаан гьенир хIалтIулел артистал ва гьезулгун бухьенги букIана гьесул. «Дир театр» абураб жиндирго гьитIинабго тIехьалда МахIмудица ракIалде щвезабулеб буго сценаялда лъурал жиндирго тIоцересел галаби. «…букIунаан концерталъул программа. Концерталъ магIарулал ахIулел рукIана ВатIан цIунизе, фронталъе кумекалде, рагъухъабазул бахIарчилъи халкъалда гьоркьоб тIибитIизабизе, цо-цоязул хIалихьалъи къватIиб чIвазабизе. Программаялъе тIаса рищулаан рагъул соназ поэтаз хъварал кучIдул, харбал ва цо пардавалъул гIисинал пьесаби».

Гьел концертазда ГIабдулхаликъовас цIалулаан кучIдул ва гьарулаан магIарул кьурдаби. Гьелги унго-унголъунги балагьарал хIайранлъуледухъ. ТIоцебесеб ва артистлъун вахъиналъе экзаменлъун МахIмудица рикIкIунаан ЦIадаса ХIамзатил «Базалай» абураб спектаклялда Аминил роль. Амин вукIана гьесул гIелбащадав, гьев вичIчIизе ва хIазе бигьа букIана. Гьев кколаан жиндирго бахIарчияв кIудадал гьунараз кодове восарав, къо ккаралъуве вортизе хIадурав гIолилав. МахIмудица жиндирго ракIалде щвеязулъ, ниж

гIолохъанал артистазе гIемер бицунаан, ЦIадаса ХIамзатица спектакль хIан хадуб жидеего кьураб кIудияб къиматалъул хIакъалъулъ. «Нужеца хIараб «Базалайихъ» балагьараб мехалъ, дида ракIалде ккана дица хъвараб «Базалай» кагътида бахъараб сурат букIун бугин. Нужеца – артистаца гьелда рухI лъун буго. Гьеб ккола нужер кIудияб гьунар. Нужее кIудияб баркала…»

Рагъул заманаялъ гьединаб спектакль хIай, гьеб букIана кIудияб хIурматияб ва хIажатаб иш. Гьайгьай, гIолеб букIинчIо гIолохъанав артистасе букIине кколеб махщалил аслияйл щартIал. Байбихьана МахIмудица жиндаго тIад хIалтIизе. ГIадахъ босана режиссераца малъараб, гIемераб кумек гьабуна гIумруялда хадуб хал кквеялъ. Гьеб киналъгоги щибаб къойилаб хIалтIи-ялъги кIудияб кумек гьабула гIолохъанав артистасе жииндирго махщалил балъголъаби рагьизе.

Артистас хIарал рикIкIен гIемерал ролазда гьоркьоб хасаб бакI ккола тарихиял, жал нилъер гIумруялда рукIарал гIадамазул образаз. Гьездехун МахIмудил букIана цIакъго кIвар цIикIкIараб бербалагьи, чорхол рокьи, рекIел хIасрат. Артист сценаялда цеве вахъунев вукIана гьезул ургъелалгун, гьезул пикрабигун, къасдалгун, гьезда бихьулеб гIадинаб гIумру бихьизабизе,



**А.Шефовасул «МагIарулал Ленинида аскIор»**
**М.ГIабдулхаликъов – В.И.Ленин**

гьел ралагьулел гIадин гIумруялде валагьизе. Гьединаллъун ккола Расул ХIамзатовасул, ХъахIабросулъа МахIмудил, Владимир Ильич Ленинил образал. Гьел ролал хIалаго артист гIумруялъул чанго гъаталде гъорлъе ваккана; гьеб гIемер багъаризабуна, бухъана, бекьана, хIалухъин бижизабуна ва бакIарана. ХъахIабросулъа МахIмудил образалда тIад кин жив хIалтIаравали жиндирго ракIалдещвеязул тIехьалда хъвана МахIмудица. Гьайгьай, бигьаяб жо гуро артистасе сон-церекъад Малла Насрудинил рольги хIан, жакъа цIар рагIарав шагIирасул  яги пролетариаталъул вождь Ленинил роль хIазе.

Бищунго захIматаблъун ва жавабчилъи цIикIкIараблъун артистас рикIкIунаан В.И.Ленинил образ гIуцIи – гIадан хIисабалдаги, вождь хIисабалдаги, идеолог-политик  хIисабалдаги. Ленинил роль хIаледе цебе МахIмудица анцIила щугогIанасеб къо бана Москваялда: Ленинил кабинеталда, доб заманалъул кинолентабазухъ валагьулаго, гьесул кIалъаязухъ гIенеккулаго. Валагьана Москваялъул театразда хIалел Ленинил образазухъ, лъай-хъвай гьабуна гьесул роль хIалел актеразулгун. Спектакль хIалеб сордоялъ Москваялдаса хасав гример вачIунаан самолеталда, МахIмудие Ленинил грим гьабизе ва, грим гьабун бахъарабго, тIадвуссун унаан. ГIемераб жо цадахъ рагьизе кколаан гьеб хIалелъул…

ГIабдулхаликъовасе кIудияб къимат кьезе ккола хадув гъун бихьизабизе кIваралъухъ, вождасул рекIел хIалги, гIакълудул камиллъиги, гьеб рагIаракьанде щвечIеб А. Шефовасул  «МагIарулал Ленинида аскIор» абураб пьесаялда жаниб. МахIмудица хIана ва бихьизабуна жиндихъа гьеб бажарулеблъи. Гьелъулъ букIана кIудияв художникасул жиндаго ракIчIей. Дун нугI вуго гьеб тарихияб образ МахIмудица халкъалда цебе бихьизабиялъе ва гьеб гIуцIараб куцалъе. Театралда цадахъ хIалтIулел пищацоял гьесда божулел рукIинчIо. Кин, МахIмуд – Ленин? Яги ХъахIабросулъа МахIмуд?



**М.Горькиясул «Херав» М.ГIабдулхаликъов ва РСФСРалъул мустахIикъав артист – М.Р.Багъдулов**

МахIмуд ГIабдулхаликъовасул букIинчIо цогидал артистазул гIадаб рекIелъ бугеб рагъулеб гIадат. БукIана рекIел анищ, гьелда хадув уневги вукIана. МахIмуд ГIабдулхаликъов, ХъахIабросулъа МахIмудил роль хIаледе цеве щвана ХъахIабросулъе, Бекьилъе, Игьаливе, МахIмуд лъалел гIадамазулгун гьабуна гара-чIвари. КIудияб гIелмияб хIалтIи гьабулев гIалимчияс гIадин, лъазабуна кинабго хIакъикъат. Гьелдаса хадув вахъана сценаялде.

Артистасул махщалил хулжазда жанир рукIана чанги гIажаибал гIадамазул къисматал ва гIамал-хасиятал. Живго артистасе цIакъ захIмат букIана кинал гьезул рокьулел ва кинал тIаса рищилелали. Расул ХIамзатовасул «РекIелъ бакараб цIаялда» поэт – Расул ХIамзатов, М.Къурбановасул «Малла Насрудиналда» Малла Насрудин, ГIабасил МахIамадил «ХъахIабросулъа МахIмудалда» – МахIмуд. Щибаб образалда жаниб буго халкъалъул гIакъиллъиги, халкъалъул кIодолъиги, халкъалъул гьунаралъул борхалъиги, халкъалъул яхIги, махIги, гIадатлъи- гIаданлъиги. Гьадаб лъабабго образалъ ГIабдулхаликъовасул махщалил биографиялда жаниб ккуна аслияб бакI. ХъахIабросулъа МахIмуд – рокьул гIащикъ ва шигIрияб кIодолъи. Малла Насрудин – халкъиял абундачаздаса данде гьавурав махсарочи, ва гьелдаго цадахъ гIадатияв ва гIадамазда лъалев. Расул ХIамзатов – философ ва нилъер заманаялъул шагIир. Гьезул цонигияб образ цоцазда релълъараб гьечIо, амма гьезул гIахьалаб рахълъун ккола цоцаздехун бугеб рухIияб бухьен. Гьединлъидал, живго артистасеги халкъалъеги гьел хириял рукIана.



**М.Къурбановасул «Малла Насрудин»**
**М.ГIабдулхаликъов – Малла Насрудин**

МахIмуд нилъеда сценаялда вихьулелдаса дагьавги кIудиявги, ворхатавги, гъваридавги вукIана сценаялда нахъа, гIумруялда. Гьев гIадин пасихIго ва камилго магIарул мацIалъ кIалъалев чи МахIмудидаса хадув сценаялде вахинчIо. Гьесда кутакалда лъикI лъалаан магIарул мацIалъул аслу-кьибил. Гьес камилго, щвалде щун, щивасда кодо-кодобе кьолаан рагIабазул магIнаялъул гъварилъи. Щайгурелъул, МахIмуд вукIана унго-унгояв магIарулав, магIарул хъизамалда гьавурав ва гIурав, кинидахъ кучIдул эбелалъ магIарул мацIалъ ахIарав, эбелалъул рахьдада цадахъ магIарул мацI бидулъ бессарав инсан. КъватIив вукIа, рокъов вукIа, сценаялда вукIа – гьев кIалъалеб мехалъ гIадамал хIайранлъун хутIулаан. КигIан хадур лъугьаниги, цо–цоязе гьединаб гьунар щоларо. МахIмудие тIабигIаталдасаго щвараб букIана гьеб; ТIадегIанав БетIергьанасдаса, эбел-инсудаса. Гьесда кIвана жиндие кьураб гьунар битIун хIалтIизабизе, билълъанхъизабизе, цебетIезабизе.

МахIмуд ГIабдулхаликъовасул махщалил бальголъаби жеги лъицаниги кIвар кьун лъазаричIо. ГIумруялъул бечедаб хIалбихьи, хъвадаризе гьесул букIараб махщел. Жиндирго махщалида тIад хIалтIи гуребги, гьесда рагIаракьанде щун лъалаан ЦIадаса ХIамзатил, Расулил асарал. Гьелгун гьев цеве вахъунаан бокьараб данделъиялда. Расулилги МахIмудилги букIана кIудияб гьудуллъи. Расулил данделъабазда чара гьечIого хIажатав чи вукIана МахIмуд. ТIадежоялъе, хIана поэтасул – Расулил роль. МахIмуд вукIана Хъвадарухъабазул союзалъул членги.

МахIмудил хIалтIи, цо-цо артистазул гIадин, репетиция лъугIарабго лъугIулароан. Рокъобги, къватIибги, нухдаги, кваналелъулги – кибго цадахъ букIана хIалтIи. Гурони, гьединаб гьунаралъул борхалъуде вахине чиясда кIоларо. Гьесул букIана кутакаб ракIцIодорлъи, пагьму. КIиго нухалъ цIаларабго, рекIелъ чIолаан тIанчида хъвараб, ургъулаан жиндирго героясул сипат-сурат, гIамал-хасият, махщалида гьеб репетициялъул заманалдаго бихьизабулаан.

МахIмуд вукIана МахIмуд. Гьесда аскIов хIалев кигIан залимаб черхалъул артист вугониги, хьухьикьангIанги гьев вихьулароан. Данде хIалесе цIакъ захIмалъулаан гьесда цадахъ рукь цIазе, хьолбохъ вахъун чIарав артистасде МахIмудица рагIад рехизабулаан. Гьесул махщел букIана импровизациялъе, ай спектаклялда гьечIеб тIаде ургъизе. Гьелъие къваригIуна кIудияб махщел. Щайгурелъул, гьеб гьабизе ккола спектаклялъул магIна хвеларедухъ, данде хIалесеги квалквал ккеларедухъ. Гьес кверщел гьабулаан данде хIалесда, залалда балагьун ругезда, хIатта заманалдаги. ХIалбихьье гьединав артист дове-гьаниве кьуризавизе. Гьес хIарал комедияздa гьеб импровизация камулароан, кигIан артистазе бокьичIониги. Цо нухалъ режиссерас гьесда абун буго дурго тIадежураял жалго теян. МахIмудица жаваб кьун буго, нужерго спектакль лъикIаб лъугьине бокьун батани, жив хисизавуге, вукIахъе теян.

Халкъалъе гьелдаса кеп букIунаан, МахIмудицаги багIаризе гьабулаан. БукIана цо спектакль "Бальгояб рокьи" абураб. Гьелда аслияб роль хIалаан МахIмудицаги цоги артистасги – иргадал. Ана ниж гастролазде. Ирга букIана дов цояв артистасда. Къо бахъанагIан спектакль къокълъулеб буго нижер. Ахирги балагьараб мехалъ спектакль хIалеб батана кIикъоялда анцIго минуталъ. СагIатгун бащдалъ хIалеб спектакль кIикъоялда анцIго минуталъ? КIиабилеб сапаралъ нижгун вилълъана МахIмуд. Бицана МахIмудида спектаклялъул бугеб ахIвал–хIалалъул. МахIмудица абуна: "Ворея, нужеца дие квалквал гьабуге", – ян. Гьелда лъугIана хабарги, байбихьана спектакль

хIазе. ЛъугIуларо спектакль, лъугIуларо… КIиго сагIаталъалдасаги цIикIкIун унеб буго спектакль.

БукIунаан гьадинги. МахIмудил хIурматги гьабун, гьес гьабуралда рекъон букIунаан гIолохъанаб гIел. ПатIимат Хизроевалъ гьедин толароан. МахIмудица цо тIаде жубани, гьелъ кIиго данде абулаан сценаялда. Махсароялде данде махсаро, хъачIлъиялде данде хъачIго, ПатIимат къезе чIолароан. ПатIиматидехун МахIмудил кинаб букIаниги ракIхвейги кколароан спектаклялдаса хадуб.

Чиясе къварилъи ккун зияраталъ араб бакIалдаги цIакъав вукIана МахIмуд. ДугIа-алхIамалъе, къулгъу гьабизе доб заманалъго лъикIав вукIана. Жив ккараб бакIалдаги рекъон нух батулаан МахIмудида.

МагIаруласул чорхолъ рукIине кколел киналго гIаламатал рукIана гьев кIудияв инсанасулъ рессун. ГъалатIал камурав чи вукIунаро. Гьев гьунармахщел камилав, машгьурлъи жиндие щварав артистасдаса ниж кидаго разиял рукIана. Гьунар бугеб бакIалда камуларо жахIдаги. Гьесда сверухъги букIана жахIда, амма МахIмудида гьеб бихьулароан. Бихьаниги, бихьичIеб, лъачIеб ххвел гьабун толаан. Пагьму-гьунаралъул рахъалъ босаниги, машгьурлъиялъул рахъалъ босаниги, гIакъиллъи–камиллъиялъул рахъалъ босаниги, магIарул театралъул коллективалъе чара гьечIевлъун вукIана мунагьал чураяв ГIабдулхаликъил вас МахIмуд. Артистаз гIемер ракIалде щвезавула гьев гьунар кIудияв артистги гьесул махщалил тIадегIанлъиги.

МахIмуд ГIабдулхалъикъов лъикIав, гьунар тIокIав артист вукIанин аби ккола, гьесул хIакъалъулъ щибго абичIолъи гIадаб жо. МахIмуд вукIана киназдаго лъалев, киназего вокьулев магIарулазул машгьурав артист. Гьев нилъедаса ватIалъи магIарулазе кIудияб ками ккола.

***ХIусейн КАЗИЕВ,***
***Россиялъул мустахIикъав артист.***



**В. Шекспирил “Отелло” М. ГIабдулхаликъов - Яго**



Мухlамад ПАТАХlОВ

**Р Е К А Л А Б И**

* * *

**БитIараб бицине бегьулеб гьечIо,**
**Гьереси бицине рекъараб гьечIо.**

* * *

**ГIурччинал кагътазул кунчIи чIварабго,**
**ЧIахIиял чагIицин гIисинлъулел куц.**

* * *

**Бертин магIирукъалде гIемер бихьана сверун,**
**МагIирукъ бертинлъараб биценалъцин рагIичIо.**

* * *

**Унти я рогьо гуро,**
**Ялъуни гьунар гуро.**

* * *

**ХIаким лъикIав ккола, вачIараб къоялъ,**
**ВачIаравго гIадин уневлъи лъалев.**

* * *

**Дие бокьаниги, бокьичIониги,**
**Кьураб суал бихьун бижула жаваб.**

* * *

**Гьаб дуниялалъул пайда гьечIолъи,**
**ГьечIеб ритIухълъиялъ бицунеб буго.**

* * *

ТӀегьлъун бижичӀолъи зазил гӀайибищ?
Зазлъун батичӀолъи тӀогьол гьунарищ?

* * *

Рохел чиясухъе гьикъун бачӀуна,
Къварилъи, бацӀ гӀадин, балъго речӀчӀула.

* * *

Бицунареб гьикъун щай,
Гьикъулареб бицун щай.

* * *

Дун вокьулездаса, вокьулареца
Кьурал дарсаз гӀемер гӀакълу щвана дий.

* * *

Чиясе гьабураб лъикӀлъиялдаса
РакӀбухӀизе ккараб бачӀунгеги къо.

* * *

ГьечӀелъуб божилъи балагьулев чи –
Гьорода бадииве тударулев чи.

* * *

Заманги къисматги тӀасабищизе
ТӀадегӀанас лъийго кьечӀо ихтияр.

* * *

Дуца веццичӀони дун квешлъиларо,
Дуца какунилан дун лъикӀлъиларо.

* * *

МатӀуги, рагӀадги, дандерижиги –
Божизе бегьула гьел лъабаздаго.

* * *

Жинда хӀакъирлъиялъ хӀал гьабурасин,
ХӀакъирлъи бецӀизе бакӀ балагьулеб.

* * *

ЧӀван хваравщинав чиги
БахӀарчи вукӀунаро.

* * *

ГьитӀинаб рукӀнив вукӀун, кӀудаб рагӀи бицунев,
ГӀужгьечӀуда борчӀараб тӀинчӀхӀелкида рельлъуна.

* * *

**ДандчIвана дидаги чанги лъалаби,**
**ЛъачIеланищилан ракIалде ккарал.**

* * *

**Данде гьечIеб рокьул кьалбал къотIизе**
**Къуват батизе кIвей кIодолъи буго.**

* * *

**ЛъикIалин ккаразул лъикIлъи батула,**
**ЛъадатIе тIинкIараб тIатIи гIадинаб.**

* * *

**РагIи лъугIаралъуб магIу баккила,**
**ЛъикIлъи камуралъуб квешлъи рещтIина.**

* * *

**Гьелъийги долъийги гIилла бугони,**
**Багьана балагьи гьадингояб жо.**

* * *

**СихIругун хIалихьалъи вацлъиялда хIалтIараб**
**ХIасил буго цIодорлъи – цIакъаб жо кколебдай эб?**

* * *

**Дуде хIакимасул бугеб балагьи,**
**Гьесул кIихIатIилаб гьоялъ бицуна.**

* * *

**Байрам баркулаго абурабщинаб**
**Уябин кколелги ратула чагIи.**

* * *

**Намус хIакимасул хIурудахъ уна,**
**ХIелхIелчагIи сверухъ ракIарараалго.**

* * *

**Гьудуллъи бижула божи бугелъуб,**
**Гьудуллъи гьабула пайда щолелъуб.**

* * *

**Намус-яхI бечедасги чи жиндаго ворцуна,**
**Вахьнаясулги роцен цохIо живго вукIуна.**

* * *

**Балъголъи цIунулеса**
**Балъголъи цIикIкIун лъала.**

* * *

**Тушманасегицин квешлъи бокьун щай –**
**БетIергьан тIад вуго – тIубазе те дос.**

* * *

**Кьунищ дуца рагIи – ккана налъукье –**
**Налъи бецIичIого ворчIиладай мун?**

* * *

**Гьал малъарухъабахъ гIенеккаравго,**
**ГIабдалцин гуродай дунгоян ккола.**

* * *

**Чи вихьун бикьанани,**
**Рокьиги учузлъула.**

* * *

**Киназего лъикIав чи,**
**Киназдаго чIалгIуна.**

* * *

**ЧIор гIужда щвечIолъи – гIайиб чIорилищ?**
**ЧIорбутIалъул? Яги речIчIарасулищ?**

* * *

**РукIуна цо-цоял рокьуени щиб –**
**Рокьукълъиялъецин мустахIикълъичIел.**

* * *

**«ЛикIазул», «микIазул» «вичал» рахъине**
**Нилъер чилъи хIеккин хIалае чIола.**

* * *

**ГьитIинаб иццул лъадал гьуинлъиги бихьана,**
**КIудияб ралъдал лъадал цIамхIаллъиги бичIчIана.**

* * *

**Цо-цо магIарулал, хIажалъи ккани,**
**ХIабшимаса ругин жалилан чIола.**

* * *

**ГьитIинаб гъоркьан биччай, кIудияб тIасан биччай,**
**ТIасалъугьин рекъола, рецIел босиялдаса.**

* * *
**Дур жахIда ккарасе, дур хIусудалъул**
**РухIел букIунаро – ракI дур унтула.**

* * *
**ХIалихьалъиялъулъ лъедон гIурасда,**
**Бараб рогьогицин гьунарин ккола.**

* * *
**Сабруялдаса хадуб, цоги лахIзаталъ сабру,**
**Баччизе гьунар гIунищ – гьеб буго бахIарчилъи.**

* * *
**Радал вахъарасул кьегIер цIуябин,**
**ЦIогьабаз ургъараб кици буго гьеб.**

* * *
**Бикъунги, бахъунги, гьарунги гуреб, –**
**Гьавудун щваралда лъола баракат.**

* * *
**ГIадамазда рихарав**
**Халикъасда чIалгIуна.**

* * *
**Кьолбол чияс тахбакI тараб мехалда,**
**Тобтилъ вукIунев дур кIичIардиго щиб?**

* * *
**Дин багьанаде ккун дунял гIуцIулев,**
**ГIалим Аллагьасе инжитлъулила.**

* * *
**Дун дидаго лъалев вукIаравани,**
**БукIинароан дир цоники гъалатI.**

* * *
**Лъагеги лъидаго, нахъе толезе**
**Тушманлъи хутIулеб хвалил гIасилъи.**

* * *
**КигIанго бакIлъаниги, лъиего рагьичIого,**
**РекIелъ букъани ургъел – элда бугеб маслигIат.**

* * *
**Вата-ватарасул гьудуллъи кколев**
**Гьудул рикIкIад тани, ракI бухIиларо.**

* * *

**ТалихIалъ гIорцIичIони,**
**ГIорцIула талихIкъиналъ.**

* * *

**ЦIунцIрадул пил гьабизе гьунар гIолев чиясе,**
**Пилалъул цIунцIра гьаби гьадингосеб жо буго.**

* * *

**ЦIа гIадал гIолохъабаз цIарлъун гьабулеб буго,**
**Гьадингосев къватIукил къаркъала цIунизе щвей.**

* * *

**Киналго хваралщинал лъикIал чагIи ратани,**
**Холарев чи кив вугев? Квешав чиго щив вугев?**

* * *

**КIал хъубав бихьинчигIан**
**Чорокаб жо бугодай?**

* * *

**Дудаса тIокIазда хIалхъублъичIого,**
**РухIдаллъизе кIвани, кIодолъила мун.**

* * *

**Аза-азар кицаби – киназулго цо магIна –**
**ГIадан гIадаб жанавар жеги Бичас бижичIин.**

* * *

**ХIажат гьечIебщинаб жаниб бакIарун,**
**БакIлъун буго бетIер, тIухьи кинигин.**

* * *

**Гьабурасул гьабураб гьабудахъе унеб мех**
**Халат кигIан бахъинеб? – гIорхьи сундулго буго.**

* * *

**Аниб гIодоблъуда гIумруги гьабун,**
**Росдахъ чIалгIун ругин чIанда бицуна.**

* * *

**Лъаларо гIарацищ гIемер гаргади, –**
**ГIенеккун чIеялъулъ месед батичIо.**

* * *

**Гъасдаги досдаги къисмат седани,**
**Къо-асс мискинлъила, мун пакъирлъила.**

* * *

**Бугеб хIалалъ хIакъикъат къабул гьабизе кIвани,**
**РитIухълъи балагьиги бигьаяб амру буго.**

* * *

**КигIан гвагIаравги хIеккинавулеб**
**ХIалкIолъини буго сайгъаталъул нах.**

* * *

**ЦIогьорас бикъараб жо жеги данде гьабила,**
**Гьудулас бикъун араб божилъи киса щвелеб?**

* * *

**Дунялалъул рокъоб ригьнал битI ккараз**
**Доба Алжан гьари мунагь букIина.**

* * *

**Аллагьас кинавго чи ващадго вижун вуго,**
**Жинди-жиндир тIокIлъи кьун тIадегIан гьавун вуго.**

* * *

**Бечелъиги, реццги, тIадегIанлъиги –**
**ТIадвугесда бащад бокьулев инсан.**

* * *

**ГIадамас жиндие бокьулелдаса**
**Бокьулареб нусцIул цIикIкIун гьабула.**

* * *

**Адабги божилъиги бегьула дуе щвезе,**
**ГьечIеб рокьи бахъизе бажари щакаб буго.**

* * *

**Бокьанщинаб гьабизе гьунарги ресги гIуни,**
**ГIумру анищго гьечIеб чIамучIаб жо букIина.**

* * *

**ЛахIзатцин гIолеб буго**
**ГIадан щивали лъазе.**

* * *

**Ара-аралъубе ракI биччазедай,**
**БетIер БетIергьанас дие кьун бугеб?**

* * *

Рижиги хвелги гуреб, Халикъас гІаламалъе
ГІадан ващад гьавураб щибниги жо кьун гьечІо.

* * *

Дидасаго хирияв гьудулги лъачІо дида,
Дидасаго рихарав тушманги лъачІо дида.

* * *

Малъулел гІемерлъун, кантІулел дагьлъун,
Киналго гІакъиллъун, гІадлу хун буго.

* * *

КигІан кІудиявгицин цогияца хисула,
КигІан гьитІинкІавгицин кІицІул такрарлъуларо.

* * *

ГьабичІого тараб бадибчІвай гІадаб
МагІна кІудияб жо жеги батичІо.

* * *

Напсгун къеркьон бергьани,
Къварилъаби дагьлъила.

* * *

Налъукье ккарав чи – асирлъарав чи,
Эркенлъияладаса махІрумлъарав чи.

* * *

Рагъ боркьараб мехалда маслигІатин ахІдола,
Рагъуй къалиги бухун, хвел бекьулел рукІунел.

* * *

Ябучу бергьине ургъарал къецалъль
Къунин айгъиралъе рогьо щвеларо.

* * *

Дур буголъиялда дир дагІба гьечІо,
Дие бицинчІого, дуего тани.

* * *

Жив хванилан рагІидал, мунагьал чурагиян,
Чияс абиларебгІан инжитлъаралги руго.

* * *

**Дуда гуреб, дидаги дагьаб гуребха лъалеб,**
**Лъалебщинаб бицине бегьунгутIи гурони.**

* * *

**Хабалалъ гIадинаб сахIкъотIи буго**
**Росдал годекIаниб. – БакIлъи щиб алъул?!**

* * *

**Бокьараб мехалда хвел гIунтIи гьечIищ,**
**ГIумру гьадингосеб лахIзатлъун букIин?**

* * *

**Цо-цо гIадамазул гIумруго уна**
**ГIаздатIа жидерго цIарал хъвалаго.**

* * *

**БитIараб тIилалъул рагIад гьетIани,**
**ГьетIараб тIилица тIалъи босила.**

* * *

**Жидерго рагIад сверун, шавкъалда кьурдулезда,**
**Бакъ лъоба зодихъ букIин ракIалдецин щоларо.**

* * *

**Жеги гIумру лъачIеб лъимадул гIужалъ**
**ЛъикIав вукIана дун – гьанже лъаларо.**

* * *

**Чиясул рохелалъ вохизе кIвейин,**
**РакIгIатIилъиялъул гIаламат кколеб.**

* * *

**Лугбазда борцараб гвенд гIолев дие,**
**ГIураб рател буго – Рецц Аллагьасе.**

* * *

**Дагьабниги лъикIлъи ракьалда тезе,**
**Нигат бугониги – бажари гьечIо.**

* * *

**Нечезеги гьавун чи чучизави,**
**Чилъи хутIичIезул хасият буго.**

* * *

**Нусабго тIокIлъиги тIалъелалъ бацун,**
**Цо гIунгутIи гьурщи гьвемахIлъи буго.**

## ГIАБАСИЛ МАХIАМАД – ГIАКЪЛУДАЛ РАЛЪАД

Ахираб заманалда сапаралги гIемерлъун, хIалтIуде щечIого мех бахъун букIана. Кабинеталда столалда нахъа гIодов чIаравго, щаяли лъаларо, тIоцебе тIахьазул этажеркаялъухъ балагьулеб хасият буго дир. Амма гьаб нухалъ гьениб бищунго тIасияб тIалаяда данде кенчIолел меседил хIарпаз ГIабасил МахIамадил «Аслиял асарал» абун хъвараб тIехьалда бер кIутIигун, лъикIаб гьечIеб, пашманаб асар лъугьана рекIелъе. БитIахъе бицани, божизе бокьулеб букIинчIо гьев кIудияв гIакъилги, шагIирги, нижер ракIбащадав гьудулги, жакъа нижгун гьечIилан абураб пикруялда. Амма, пайда щиб, хIакъикъат буго хIакъикъат. Хех гьабун сверулеб киноялъул лента гIадин ботIролъ паркъана гьев гIажаибаб гIаданлъиялъул, бечедаб яхIалъул инсанасулгун лъай-хъвай ккаралдаса гIумруялдаса ватIалъизегIан букIараб вацлъиялде сверараб гьудуллъиги, цадахъал сапаралги, лъугьа-бахъиналги. ГIабасил МахIамад дидаги, киназдаго гIадин, живго лъалелде цин тIахьаздасан лъалаан. ГIемер пайда босулаан дица гьесул «Асарал» абураб тIехьалдаса магIарухъ концертгун гастролазда вугеб заманалда. Кутакаб кеп щолаан гIадамазе ГIабасиласул сатираялъул ва махсарабазул кучIдул цIалараб мехалъ. ЦIакъ бокьулаан дие, бокьула гьанжеги, мунагьал чураяв Даку Асадулаевас ахIулеб «Бицине нечеялъ чара тIагIараб» – ан байбихьулеб кечI. «Я вац, лъикIаб кечI буго гьеб, лъил рагIаби гьел?» – ан гьикъана дица, тIоцебе гьеб рагIараб мехалъ Дакуда. «ГIабасил МахIамадил руго, – ян абуна дос. –Дица лъай-хъвай гьабила дур шагIирасулгун, дуе цIакъ бокьанин ккола ГIабасиласул поэзия», – йилан тIадеги жубана Дакуца. Амма кин батаниги, доб заманалда ГIабасил МахIамадилгун нижер дандчIвай ккечIо. Гьелдаса ун букIун батила кьолощугоялдасаги тIаде сонал, магIарулазул машгьурав шагIир ПатахIов МухIамадица ниж цоцазда лъазе гьарураб мехалъ. ГьабсагIатги цебе чIун буго, кьун саламгун гьесул кабинеталде жаниве лъугьараб лахIзатги рази- ракияб гьумергун, жеги херлъи рикIкIада бугев, чIурканав поэтас дандчIвай гьабураб куцги. Москваялда цо нухалъ дандчIван вукIаниги, жеги тIубан лъай-хъвай букIинчIев МухIамад АхIмадовги ватана гьенив. «Гьав вуго нилъерго АхIмадов, асулгунги лъай-хъвай гьабеха», – ян абуна МахIамадица. «ВахI дида лъачIо гури мун, нилъ цере цо нухалъ Москваялдаги рихьун рукIана», – янги абун, дица цIидасан квер босана. Гьесулгун гьудуллъиялъеги кьучI лъуна гьениб. ГIабасилас абулаан, «тIоцебе гIадамазул ккола лъай-хъвай, гьеб сверула гьалмагълъиялде, гьалмагълъи сверула гьудуллъиялде, гьудуллъи сверула вацлъиялде, гьел киналго этапал нахъа тани, гьел чагIи хвезегIан вацаллъун хутIула», – ян. Гьес абухъего, кьокъаб заманалда гьел киналго этапалги нахъа тун, ниж лъугьана вацаллъун ва хвезегIан вацаллъун хутIана. Гьев дие вукIана вацлъун гуревги, мугIалимлъунги, насихIатчилъунги. Дие

гуребги литинститут цIаличIел хъвадарухъабазе ГIабасил МахIамадил рукъ букIана литинтитут гIадаб бакI. Цоги гьеб релълъунаан библиотека- музеялдаги. Дунялалъулго хъвадарухъабазул гьениб камураб тIехьги букIинчIо. ГIемер абулаан мунагьал чураяс, «пайда щибха, доб мехалъ Дакул рес ккун батилароха, амма лъан вукIарав ани дица мун литинституалде цIализе витIичIого толароан. Гьанже дуе доб щун гьечIелъул, дуца гьаниве вачIанащинахъе гьадал тIахьазда нахъа хъварал цIарал цIале, гьедин цIалулаго цо-цониги тIехь кодобе босичIогоги хутIуларо, элъ нилъер бетIерги рагьизабула, нилъеда киналго хъвадарухъабиги лъазе ккола, кигIан кIваниги цIикIкIун лъай босизе хIаракатги бахъизе ккола», – ян.

ГIадан хиралъиги Аллагьас ГIабасиласегIан гьарзаго кьурав чи дунялалдаго къанагIат гурони ватиларин абуни мекъиги ккеларо. Кида щваниги, гьобол-гьудул камунги гьесул рукъ-бакI батулароан. Гьудулзабиги жалго рачIинчIого хутIани, анкьида жаниб цо нухалъниги жиндихъего рокъоре ахIун, данде гьаричIого толароан. Гьезда гьоркьоб гьуинлъи, гъунки щула гьабулаго ана гьев гIакъилав инсанасул гIумру. Кидаго кIочон толаро цо нухалъ ПатахIовас абурал рагIаби. Дунги «ХIакъикъат» газеталда хIалтIулеб заман букIана гьеб. Къалъудаса ха-



**А. ХIасанов, М. ГIабасил, М. Ах1мадов, М. Апанди.**

дуб редакциялдаса МухIамадихъеги щун, хабар-кIалада рукIана гьенир. Цо гьитIинай яс ячIана нуж ГIабасил МахIамадица ахIулел ругилан. Гьей къватIие арайго, «рилълъа, АсхIабгIали Домсоветалде», – ян кIанцIун тIаде вахъана ПатахIов. Унго-унголъунги гьединаб букIана ГIабасиласул даража.

ГIабасил МахIамадил хIакъалъулъ гьаб гьитIинабго ракIалде щвеялда бицун бажариларо. Бицун бажариларо гьеб тIубараб тIехь хъваниги. Кин букIанаиги, кIиго сапаралъул бицинчIого рекIее къабуллъулеб гьечIо.

Аллагьас мунагьал чурагийин жиндир, ХIабщив вукIана Сайпулал ГIусманилан абулев кIудияв чи. Росулъ цо-цояца «Гуржимама» – иланги абулаан гьесда. Гьедин абиялъе гIиллаги букIана, гьев гIолохъанаб мехалъ гIезегIанго дунялги сверун Гуржиялъе щведал, гьенив гIумру гьабунги чIун, ахиралда херлъараб мехалъ росулъе вуссарав чи вукIин. ГIумруялда бихьа- тарабги, лъикIаб-квешабги поэзиялдалъун къалмиде босизе пагьмуги букIун буго гьесул. ПатахIов МухIамадилгун, лъай- хъваядаса свераpаб божа-рокьи бугеб гьудуллъи ккун букIана ГIусманил. МухIамадица редакторлъиги гьабун, гьитIинабго кучIдузул мажмугIги биччан букIана гьесул къватIибе. Кида дун эхеде щун вихьаниги, ГIусманица абулаан, я вац АсхIабгIали, гьагъав ПатахIов МухIамадги, нужер гьудул ГIабасил МахIамадги вачун цо жиндихъе гьоболлъухъе рачIаян. Велъулаго тIадеги жубалаан, нуж рачIарабго хъвезе хьихьарал хухалги руго дир гьадара, бацIцIадаб найил гьоцIоги буго нужехъ балагьун чIунан. ЛъикIав найихъанги вукIана ГIусман. Гьеб заманалъ М.ПатахIов хунздерил «Росдал захIматчи» газеталъул редакторлъун районалде ун вукIана. ЧанцIул абуниги ГIусманил гьари тIубазе регIуларев ПатахIовги, вихьанщинахъе, «Гьанжеги щиб вац ккараб? Щай рачIинчIел?» – ан, кьолел Сайпулаласул суалалги рукIун, дир бугеб хIал бичIчIарав ГIабасил МахIамадица абуна: гьанже нилъ тIокIал ПатахIов регIизегIан чIеларо, мун метер бакъанида дида хадув хIалтIуде вачIаян.

ГIусмание сайигъат-саламалъул къучIбиги хIадурана ГIабасилас, гьев «рацулъ» фермаялда наязухъ вугеблъиги лъан, унел рукIана гьенире. Цо километргун бащадабгIан нух хутIараб мехалъ, нижер машина бахъулеб хIал батичIого, дица ГIабасил МахIамадида абуна, гьаб бакIалда лъалхъейин, дун нахъвуссун гIагарал чагIазул бакIалда машинаги тун, анцIила щуго минуталдаса гьаниве щвелилан. Гьаб нух батIияб бакIалде кколищан гьикъана гьес. Кколароянги абун дун ана. РикIкIад букIинчIого машина толеб бакIги, векерун гIадин, цIараб болжал иналдего щвана тIад вуссун. ГIезегIанго бакIал къучIбиги росун, гьев ун ватана. Рацулъе щвезе кIинусгогIан метр хутIараб бакIалда гъуна хадув. Я вац МахIамад, свакан хун ватилагури мун, дун вачIинегIан щай чIечIеван абуна дица, гьесухъа къучIбиги росулаго. ЛъикIал гIадамазухъе унеб мехалъ, сахал чагIи свказе бегьулароян абуна гьес.

ГIусманил вохиялъул бицине ккелищха, зодосан рещтIун малаик жиндихъе вачIарав гIадин лъугьана гьев, ГIабасилав вихьараб мехалъ. ГьебсагIат хадув чиги витIун, росулъа ГIусманилги дирги гьудулзаби: РахIматил МухIамадги, ЦIихIиласул ХIажиясул МухIамадрасулги рачIана ахIун. Цин цоцазул кучIдул цIалун, цинги дица ахIун, кьижичIого рогьана гьеб кочIол сордо. Радал, Арахкенталде щвзегIанги рачIун, тIоритIана гьез ниж. Нухда рахъараб мехалъ дица ГIабасиласда абуна, алжан щвела вац МахIамад дуе гьадигIан гьал гIадамал рохизе гьарурараван. Гьелъие рижарал руго нилъ ракьалдаян рагIи къокъ гьабуна дос.

I995 соналъ МухIамад АхIмадовасул творчествоялъул сордо букIана Гъуниб. Гьенире ГIабасил МахIамадги дунги цадахъ ун рукIана. КватIизегIан хутIана шагIир кIодо гьавиялъул тадбир. Хадур рахана



**М. ПатахIов, М. ГIабасил, А.ХIасанов.**

ТIасагъунируеги. Гьалбал дандчIвазе хIадурлъиги гьабун мунагьал чураяв Исрапилги ватана. Сордо бащалъудасаги ун, гьенир гIемерал гIадамалги рукIун, дица абуна МахIамадида, дир лъикIав гьобол вугин Хьиндахъ, Казиман абун, кьижизе гьенир рилъун лъикI гурищилан. СагIат лъабгоялде хIалтIараб мехалъ щвана Хьиндахъе. Бухун нуцIагун, вахъинавурав дир гьобол Казим, кватIараб сардил гьалбал ниж ратиялдаса кутакалда вохана. Хех гьабун хъизанги яхъинаюн, стол гIуцIизе лъугьана. Ниж лъикI кbrowanги, цIакъ сваканги ругин, кьижизе бакIал хIажат ругилан абуна нижеца. ГIабасилавги дунги регараб рокъоб кроватал рукIана цоцазда данд битIун къадазул ракьанда лъун. Къандалъоялда бетIер лъурабго кIотун ккеларищха. ГIемер заман иналдего дваргъ– маргъан нуцIаги рагьун къватIиве ана МахIамад. РахIаталда кьижуларого асие къваригIараб щибилан ракIалдеги ккун, кIиабизеги макьид восулаго, ГIабасилав, жеги цIакъ кьабизабун гьебгун жанивеги вачIана. «АсхIабгIали, тIаде вахъа!» – ян абуна дос. ГIабасил МахIамадица кидаго рогьалил как кватIизе толароан. КигIанго сваканги, макьихунги вугониги, как ахIулеб рагIунгIаги вахъун вукIун ватилаха. Дица жавабалъе ботIролъе рачIарал гьал рагIаби абуна:

**ХъахIлъи рехилалде вахъине ккани,**<br>**Бухъизе хурищ дур, лъалъазе ахищ? – ан.**

Гьаб ахирисеб рагIи дица абун бахъиналде ГIабасилас жаваб гьабуна:

**Аллагьасе базе какги букIаго,**<br>**Кинаб хур букIараб дуе къваригIун.**<br>**Вахъа АсхIабгIали, бай рогьалил как, – илан.**

Гьеле гьединавлъун хутIана дир рекIелъ, Аллагьас жиндие ахират лъикIаб кьун батаяв, Дагъистаналъул халкъияв поэт ГIабасил МахIамад.

***АсхIабгIали ХIАСАНОВ,***<br>***РФялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член.***

# Вацлъиялъул адабияталдаса



**Бике КУЛУНЧАКОВА,**
Дагъистаналъул халкъияй хъвадарухъан.

* * *

**Нилъ тохлъукье дандчIвана,
Тохлъукье ратIалъана,
БетIерги борхатго ккун,
Дун дур хьолбохъан ана.
Амма ургъел гьечIин ккей
Гьересияб букIана!
РекIеда лъикIго лъала:
ЧIаго буго дир рокьи,
Кьолеб буго гьелъ дие
Балъгояб талихI-гIазаб.
Дун ракIалдещвеязул
Гарица чIвалей йиго,
Гулби гIадин лахIзатал
Каранда щолел руго.
Дуца бокьараб абе,
Амма гIенеккун чIоге:
ГIодун ратIалъана нилъ,
Релъулаго дандчIвазе.
Нилъер рокьи нахъбуссун
БачIунеб батичIони,
Бадире ралагьизе
Кье, цIохIогIаги лахIзат,
Щибго ургъел гьечIого,
Щибго унти гьечIого,
Дица абулеб буго
Дирго гьудул, зобазда:
«Дун гьанже эркенлъанин,
Эркенлъи талихI бугин».
БукIаниги, гьинал ракI**

Духъ балагьун чIун буго:
Кида ишан гьабилеб,
Кида рагIи абилеб?

***

Дида тIаса лъугьа, мун гьечIониги,
ХвечIого хутIана, чIагого йиго.
Гьуинаб макьу щун кьижулей йиго,
КьогIал пикрабазда йорчIулей гьечIо.

ЦIвайил накъищ бугеб зодил бусада,
Дий канлъи гьурщулеб буго шагьри моцI.
ЦIадулал бихьинал рихьараб мехалъ,
Халалъулеб буго берцинлъидул нух.

Дун маркIачIул ахикь пашманго гьечIо,
Гьимиги, рохелги, кечIги кIочон тун.
Нагагьлъун кьурдилин ракIалде ккани,
БакI гIоларо дие свери бахъизе.

РетIараб ратIлида дир ракI рекъола,
ТIагIамаб кваница кеп дие кьола,
Кьуралда кидаго рази йикIуна,
РакI-ракIалъ бацIцIадаб хIухьелги цIала.

Дир ахIи: эркенлъи яги бергьенлъи,
Дунго цохIо хутIи – гьеб бигьаяб жо.
Гьале, валагье мун, кинабго буго,
КунчIараб гIумрудул бакьулъ йиго дун.

Амма цохIо дуда лъала, дир гьудул,
Дир ракI квешаб хIалалъ унтун бугеблъи.
Дица рорженалъе рорхарал куркьбал
Каранде къан руго рекилин хIинкъун.

* * *

Бакараб цIа гIадаб багIараб гурде,
Гордухъ мун вихьидал, ретIана дица.
БетIерги борхат ккун, йиго рагьида,
Гьугьадизе риччай дур рекIел зобал.

Дир гурдеялъ гордухъ бакун буго цIа,
Кинан кIолеб гьелда аскIосан ине?
Унго, кинан къалеб рагьараб каву? –
Дир огъохьатинир расандула гьел.

Гьале горду къана… Къваридго йиго,
Дуда щай бихьичIеб багIараб гурде?
НагIана батаги гьаб дунялалъе,
Нилъер рокьул нухал рикьизарураб.

* * *

ГIадамал кIалъала, мун квешав вугин,
ХIалихьатав вугин, сихIирав вугин.
Дуе бечелъигун хъулухъ бокьулин,
ТIокIаб бокьулеб жо щибниги гьечIин.

Гьединал-додинал рагIаби руго
ГIадамаз абулел, дур цIар бахъидал,
Дир рахъалъ дудаги абулеб буго,
ДагIбачIужу йигин, кIалбазар йигин,
КIвахIалай, гIадалай, гIакълу биххарай,
ГIаракъи бокьулей, кеп-гъоркь хирияй.

Квешал рагIабазул кьералги гьарун,
Рахъула гIадамаз нилъер суратал.
Гьезий бокьун буго нилъ ратIалъизе
РатIалъун хадуса нилъ чиярлъизе.

Бокьараб абеян абе гIадамаз! –
ГIодоре руссина, гьерсаз свакала.
Гьезда нилъер рахъалъ кинабго чIанда
ЧIалгIаде ургъараб бугеблъи лъала.

* * *

Замана, гIедегIуге,
ГIадада боржун унге.
ГIумру – кьвагьараб гулла,
Хадуй гъезе кIоларо.

Дур бекериялдаса
ХIинкъана Ахматова,
Амма гьейцин рекъана
Мекъаб дур гIамалалда.

Гьелъ хIалхьи балагьана
Балагьалъул рукъзабахъ,
Рикъзилъун, гIицIлъи кьуна
КьогIал заманабаца.

Дун Ахматова гуро,
Амма гIицIлъи-чIалгIеналъ

ЧIвалей йиго кидаго,
Кибе араб хIеренлъи?

Кив вугев мун, чотIахъан,
Хъамун кьолоний лъолев,
Дие цIакъ бокьун буго
Йокьулейлъун лъугьине.

ХIажатайлъун ятизе,
ХIурматайлъун йикIине,
РекIел къуватги бергьун,
Гьунаралъ куркьбал гьезе.

Переделкиноялда
Нилъер сухъмахъ хун буго.
Дубултиялде лъутун
Инаан, кIолебани.

Ялъуни Нукъусалъул
Чинаридул гъутIбухъе,
Рокьуе щурщудулел
Щибаб сордо бачIиндал.

Цереселгун жакъасел
Гьудулзаби лъугьана,
Дуца ахIе, ахIуге
Гьезда рагIизе гьечIо.

Лъилгун дагIба гьабилеб,
Бице, ЦДЛалда,
ГIагараб росулъгицин
ХIалхьи гьечIеб мехалда?

Кколаан цIам гIемераб
Гьабизе рес бугилан,
Ургъел гьабулароан,
ГIумру цебе бугилан.

Амма цо асаралъ дун
Асир гьаюн хутIана:
ТIогьолаб рии ана,
Амма рекIелъ цIа буго.

Замана, гIедегIуге,
ГIадада бекеруге…
Кье жеги хIухьел цIазе
ХIикматаб гIумруялъулъ.

## ДЖОКОНДАЛ ГЬИМИ

Нус-нус сонал аниги, Леонардо да Винчи,
Дур Джокондал гьимидул гьиналъ ккун буго дунял.
Гьалъул канлъи бачIунеб буго цIакъ рикIкIадасан,
РукIкIараб дунял буго даим гьелъ къалъизабун.

Чан бер гьелде буссараб, чан кIалалъ гьеб гьикъараб,
Къваридал ракIазе гьелъ кьурабщинаб гIатIилъи.
Гьелъул цIаралъ цIа рекIун, рухIаз цIваби ракарал,
Художникал, шагIирал, гIакъилзаби чан ругел?

Абадияб балъголъи, абадиялъ бахчараб,
Балъголъидул балъголъи ва балъгояб балъголъи.
Гьаб гьоцIогIан гьуинаб гьимигун балагьун чIун,
Балагье гьал бихьинал рихьула гIакълу босун.

ХIаваца Адамие кьечIодай гьабго гьими,
Аджан гIолареб гIакълу гIадалъ гьесул рещтIине.
Бегьулареб пихьги кьун, кьурул рагIалде щварав,
Маргьуяб гьотIокь вуго гьев жегиги вихьулев.

ГIеч хIанчIун, цоги хIанчIун, барщараб ва гьуинаб,
Гьаб ракьалда хьвадулел руго даим бихьинал.
Бокьун буго гьезие балъголъаби рагьизе,
Балъголъабазул цIурал руччабазул рухIазул.

Гьай гIакъилай, дой гIантай, аскIой йигей – сурарай
Сурат гьелъул бахъула бецIлъигун канлъиялье –
Гьелъ нилъее рикьула балъгоял шапакъатал,
Нилъеда тIад белъула гьелъул меседилаб нур.

Руччабазул рахъалъан, бихьиназул кIалдиса,
КIал цIурал мацIал руго, кидаго лъугIи гьечIел.
Гьезул тIокIаб батIияб ишиш гьечIеб – лъаларо,
Лъалеб хIай буго гьезул, хIалихьалъи бихьула.

Амма нилъер тарихалъ нугIлъи гьабулеб буго,
Руччаби цIакъ батIияб бакI кьезе кколел рукIин.
Лъидаго кIвезе гьечIо гьел гIодоре рехизе,
ГIумруги берцин гьабун, борхалъуде рахарал.

Гьезул гьурмал якъутал къалъараб кун кинигин,
Кинабго дунялалъул берцинлъигун цолъула.
Бице, лъида лъаларей цо нижер Нефертити,
Фараонасул лъади, цIакъго-цIакъ гIолохъанай.

**Нужеда рагIичIебищ, огь, Аласиял хабар,
Афиналъул бихьинал кверде росизе кIварал.
Гьелъул рагIаби руго, кицабилъун лъугьарал,
Кинабго кIала-гъоркье чIвалеб гIищкъудул гъасда.**

**Клеопатра хIатIазукь бетIерги лъун кьижана
Ракьалда рижанщинал Римазул бищун лъикIал,
ХIасраталъул цIадулъ гьел гьалдолаго, холелъул
БукIинесеб кIочана кIудияб улкаялъул.**

**Лагълъуда йикIарай яс Султанасул лъадилъун
Лъугьана бищунго цIакъ гьесие жий йокьулей.
Такрарлъизе рес гьечIей Роксалана хутIана
Гьесул бечелъиялъул бищунго кIудияйлъун.**

**КIочон тезе кин кIолел, бице, декабристкаби,
Бихьиназда хадуб гьез бухьараб хвалил сапар.
Гьез хIалхьиги, гIумруги, гIищкъуги, хIеренлъиги,
Нух гьечIеб къварилъидул зазилъан бачун ана.**

**Бице, чан чIужугIадан росасул хьолбохъ чIарай,
Дунял кодоб босарал бихьинал гьез цIунарал.
Гьезул лъикIлъи букIана кидаго цадахъ хутIун,
Кидаго бихьиназда нух малъулеб цIва гIадин.**

**Гьез жидеего щибго гьабичIо хIажатаблъун,
Гьел бихьинал рахчизе жалго нахъегIан къана.
Пачалихъал цIунизе къуват кьолел руччаби,
Рихьулареб хIалалда даим рагIдукь рукIана.**

**Гьезул щибалъулъ даим букIараб хIакъаб буго
Джокондал балъголъидул даимаб хвелгьечIолъи.
Къарнаби роржун уна, къоял гIадин, гIедегIун,
ГIицIго гьими Джокондал кидаго чIаго буго.**

***Руссинаруна
МухIамад АхIмадовас.***



**Наби АНКАЕВ**

*Карикатурист ва юморист Гъуниб районалъул БацІадаса Наби Анкаев газетал ва журналал цІалулезда лъалаан суратазда гъоркь хъвараб «АН-2» абураб хъвай-хъвагІаялдалъун. Гьесул махсара-хочІалъул харбал гІемер рахъулаан «БукІанила, букІинчІила…» абураб гІаммаб цІаргун «ХІакъикъат» газеталда.*

*Махщелчилъиялъул нух Набица байбихьана «Новое дело» газеталдасан. Хадуб гьев хІалтІана «Новый день», «ХІакъикъат» ва «Молодежь Дагестана» газетазул редакциязда, «Максим» издательствоялъул рокъоб художник-карикатуристлъун ва фотомухбирлъун.*

*Анкаев гІахьаллъана батІи-батІиял выставкабазда, халгьабиязда. Вахъана чанго гьединал тадбиразул лауреатлъун ва дипломантлъун. Гьев вукІана Россиялъул Журналистазул союзалъул членги.*

*Наби вукІана гІамал берцинав, гІодобе биччараб хасияталъул, чиясул рекІелъе бортулеб тІабигІаталъул сахав инсан. Чанго соналъ цебе нилъедаса ватІалъана гьев.*

*Анкаевас магІарулги гІурусги мацІазда къватІибе биччан букІана карикатурабаздасанги махсаро-хочІалъул харбаздасанги данде гьабураб кІиго тІехьги. Гьенисан чанго хабар кьолеб буго нижеца.*

## ЛЪАДУЛ КЪИСАС

Гьесие гьей цІакъ йокьулаан, хІурмат гьабулаан, цогидал руччабаздехун хурхен-бухьенги гьесул букІунароан, магІишаталъул ургъелги бетІералде босулаан, хІалтІизеги лъикІав вукІана. Меседил кверал ругин дур росасулин абун, лъале-хъвалел руччабазги веццулаан гьалъие гьев. Къокъго абуни, кинабго рахъалъ мисалияв, абухъего, квартІа кІутІизе бакІ гьечІев чи вукІана.

ГІазаб камураб хоб букІунарин, гІамал камурав чи вукІунарин абулелъул, цо квешаб гІамалги букІарабхха ав гьудуласул. МоцІида жаниб цо нухалъ гьекъолаан гІорхъолъа борчІараб къагІидаялъ, Цинги цІцІани магІарде рахиндал, гьасул бищунго мурад тІубалеб ишлъун лъугьунаан лъикІаб хІалалъ лъадул

«хIур кIутIи». Росасул бакIал зараз гьурмада лъурал гIужаз гIадамазда йихьизе намусаб хIалалде кколаан гьей чанги.

Гьединал «тIаса рищарал къояз» рос рокъове вачIунев вихьидал, гьай эбелалъухъе лъутулаан, лъутун бажаричIони, мадугьалзабазухъ яхчулаан. Щибаб нухалда гьес «тIаса бищулаан» моцIрол ахирисеб гьатIан къо.

Мехтун хадусеб къоялъни рос кIалдибе лъим босарабгIанги кIалъалароан, бакIаб гьир гьодитIе ккарав чи гIадин вукIунаан.

Эбелалъухъ сордоги бан, хабар гьечIого, рокъое ячIунаан лъадиги. Гьелдалъун лъугIулаан гьезда гьоркьоб букIараб кьалги.

Амма гьеб «сихIкъотIи» халат бахъунаан цо моцIалъ. Гьале, дагьал церегIан къоязги, къотIносанго ахIулаго кечIгун вачIунев росасул гьаракь рагIидал, гьев тIаде щвелелде, эбелалъухъе лъутизе санагIат ккечIо лъадуе. Гьеб нухалдаги лъикIаланго зарал щвана лъадуда. ТIубараб анкьалъ тIаде яхъине кIвеялдаса арай гьелъ гьесдехун щибго дагIба-рагIиги гьабичIо. ЮцIцIун чIун ругъна л сахлъизаризе хIаракат бахъулеб букIана, гIадамазда гьедин йихьизе бокьичIого. Жиндаго гIайиб букIин лъалев росасул кIалдисанги кIиго рагIи бачIинчIин гьеб анкь инегIанилан абизе бегьула.

Цо шамат къоялъ, гьудулзаби-руччабазулгун хабар-кIалалдаги хутIун, рокъое ячIиндал, нуцIихьанго рагIана лъадуда росасул кочIол гьаракь. Цин гьей гьесун йикIана, жаниеги лъугьинчIого, лъутун ине. Амма мехтизеги концерт кьезеги жеги болжал щун гьечIелъул, ай жеги гьаб моцIалъул гIезегIанго къоялги хутIун ругелъул, жакъа гьатIан къоги гурелъул, пикру хисана. Мехтунищ росас кечI ахIулеб бугеб яги цо сунцаниги рекIелъе лъугьинабураб рохелищ гьелъие гIилла бугебали лъазе, гьесда цо бер речIчIизабизе нуцIил кIулил картIинисан ялагьизе хIукму ккана.

Нуж бицун божиларо, жинда гьенисан бихьаралъ гьабураб асаралъ гьай лъавудаса ине дагьалъ хутIана. Рос вугоан, лъадал цIураб кIудияб тIарсги цебе лъун, тIасан бачIинедухъ сапнал полопги гьабун, накалдаса тIаде щвеледухъ тIаждал гIагалги гурун, кечIги ахIулев.

Жакъаялдаса санагIатаб къо жиндие щвеларин ракIалдеги ккун, сас бахъинаредухъ нуцIаги рагьун, рокъое жание лъугьана. ХIинкъиялъги ццидахиналъги сородулаго черхгун, катица гIадин тIадагьго тIамулаго галабигун, росасде гIагарлъана. Гьесдайин абуни, щибниги бихьулеб я рагIулеб букIинчIо, къанщун бералгун, кечI ахIулев вукIана.

Лъадуца лъикIго зар данде къана, боксерасул къагIидаялъ хIадурлъиги гьабун, кIвараб хIалалъ кьабун балагьизабуна росасул нилъалда гъоркь.

Анкьидасан эбелалъул бакIалдасан рокъое тIадюссуней лъадуда данде вачIана жеги бетIералда «катнил чалма» бухьухъего бугев рос. Ккара-таралъул цIарги бахъичIого, рагIилеб-рагIилареб гьаркьидалъун абуна: «Дица тIокIаб гьекъезе гьечIо», – ян.

**ГУРДЕ**

25 сон ун букIана школалда цадахъ цIалун рахъаралдаса, амма гьезул гIемерисел церегоялдаса цоцазда рихьун рукIинчIо, кинго дандчIвазе рес ккoлеб букIинчIо. Къисматалъ рикьизаруна гьел цоцазе хириял гьудулзабазул нухал, Цоял росулъ хутIана, цогидал батIи-батIиял бакIазде, рахъ-рахъалде ккана. Росулъ ругелцин цоцазда къанагIат дандчIвалаан. ЗахIматаб гIумруялъул

мугьру чIван букIана гьезул гьудуллъиялдаги. Гьанже кинавго чи магIишаталде тIаделъун вугелъул, цоцазде регIизе заман батулеб гьечIелъулха!

Гьанир рехсезехъин ругел гьудулзабиги, жеги гIезегIан мехалъ цоцазда рихьичIого хутIилаан, къисматалъ квербакъун букIинчIебани. Лавашаб тIобитIулеб букIараб цо байрамалда, ракIалдаго гьечIого дандчIвана гьев кIиявго. Гьезул цояв вукIана фотограф, цогиявин абуни, бизнесалде машгъуллъиялъ, лъикIаланго бечелъун вукIана.

Тохлъукьего бадиса-бадире дандчIварав кIиявго гьудул гIезегIан мехалъ хутIана цоцазухъ балагьун. Ахирги гьезул цояс, сородулеб гьарикьидалъун абуна:

– ВахI, ХIажимурад, мунищ? – ан.

– У, дун вуго. Кин дуда дун лъарав? – ан досулго гIадаб сородулеб гьаркьидалъун данде суал кьуна гьудулас.

– Гурдидасан лъана! – ян абуна гьес.



## БЕР

Мадугьалихъ бугеб гъутаналдаса сардилъ тIадруссун рокъоре мотоциклалда рачIунел рукIана ниж. ЛъикIго кепалдаги рукIана. Нух букIана кIудияб хIорил рагIалдасан, авлахъаздаса тIаде борхизабун къачIараб. ГъоркьегIан кIиябго рахъалда рукIана ризго рижарал зазил хъархъал.

РачIунел рукIана моцIрол канлъухъе, гъутабазул ракьалда чирахъал ракулеб гIадат гьечIелъул. ГIисинккун балеб букIана чорхолъ бессулеб, лъикIаланго ниж риччизарулеб цIад, Гъутаналъул ракьалдасан чIвалеб букIана рагьлил махI. Цо заманалдасан нижеда цебе гIанкIил лъалареб, чакъалаялъул лъалареб чIегIерлъи лъугьана. Гьелде тIаде биччаларилан, цояб рахъалде сверизабулаго, мотоцикл зазил хъархъазда гьоркьосан ун, хъитIниб речIчIана. Гьайгьай, нижги бихъ-бихъараб ретIелгун, хъарс-хъарсарал гьурмалгун гьенир ракьалда тIирщун ккана. ТIаде ворхун, гIодор квералги чIван, чIана мотоциклалъул бетIергьан. Цинги хъатица гьумерги бахчун:

– Бер, – абун зигардизе лъугьана гьев.

Дун цIоро-гъорон хутIана, мехталидаса вигьана. ГьитIинго васандулаго бахъараб цояб берги лъурав гьев пакъирасул хутIараб берги, хъархъидасан заз тункун, чIехьарабилан ккана ракIалде.

Гьанже тIаде балеб цIадакь накабаздаги чIун, цояб кверги гьурмада чIван, цоялъ квашун цо щибалиго балагьулев вихьана.

Цо заманалдасан тириго тIадеги вахъун, кверги хьвагIун, гьес абуна:

– Рокъоб цоги буго, – ян.



**ДИР ГІАГАРАБ ТІИДИБ.**
*ГІабдула МухІамадовасул сурат*

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*Бац1ц1адаб маг1арул мац1,*
*Маг1наяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе «Гьудуллъи».*

*Нилъерго г1адат, г1амал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве «Гьудуллъи».*

